# *Vazodziwa Panguva Yokuguma*

Mangwanani, vateereri. Ngatitaurei kuna Ishe wedu zvino. Mwari mukuru, Musiki wematenga napasi, Uyo watipa nguva ino nokuda kwaKe mangwanani ano, yokuti tiKunamatei. Dai isu, Ishe, mumwoyo yedu tikazvipira zvizere kuKuda kweNyu nekwekushanda kweMweya Mutsvene matiri, kuti tibereke izvo zvaMunoda kuti tizive. Chishuwo chedu ndechokuti tive maKristu nevamiririri veNyu vari nani. Tipeiwo izvi mangwanani ano, apo takamirira paMuri, muZita raJesu Kristu. Ameni.

Garai pasi. [Mumwe munhu anoti, "Tobvisa machira ekunamatira?"—Mupepeti.] Hongu.

2 Tine mufaro mukuru kuva pano mangwanani ano zvakare, mu—mukushandira Ishe mukuru. Uye tine urombo, isu, zvakare, kuti hatina panokwana vanhu asi tango . . . Tichaedza kuita nepatinogona napo pose, pamamiriro ezvinhu.

3 Zvino, vazhinji vane hengechepfu nezvikumbiro zviri pano zvinoda kunamatirwa. Zvino ndichambozviisa parutivi; kwete kuti ndiri kuti hazvina basa, asi ndichazvinamatira kunyanya mushure mokunge . . . seizvi, uye usiku huno. Ndichadaro mangwanani ano, uye zvakare usiku huno, apo . . . Zvino ndichanamata ndozomirira Mweya waMwari kuti upodze, ndipo pandichada kuzonamatira he—hengechepfu nezvimwe.

4 Zvakare pazvikumbiro zvakatsaurwa izvi, ndazvipiwa zvese naBilly, chimwe nechimwe chazvo. Zvinokaronge mazana matatu, uye ndichangobva mumba mazviri zvino. Munoona, ndiri kuzvitarisa nokukurumidza kose kwandinogona, chimwe nechimwe chazvo, chandinenge ndabata. Uye ndichazvitora nokukurumidza kwese kwandinokwanisa. Handisi kuzokwanisa kuzvitora zvese. Ndinongotora, chimwe chete, ndoti, "Ishe, chingava ichi here, uye ichi here?" Saizvozvo, nokuti, chimwe nechimwe, zvikumbiro chaizvo, zvine chinodikwa; chimwe chinhu, pasina kupokana, chatinotofanira kutaurirana pamusoro pacho. Zvino ini . . . Pamwe, munoziva, dzimwe nguva Mweya Mutsvene unogona kutaura chimwe chandinenge ndaverenga, zvogara pamwoyo wangu; ndinochidzokera zvakare, ndotsvaga ndichivhendenuramo kusvikira ndachiwana. Zvikasadaro, ndinongozvitora chandinenge ndangobata.

5 Zvino, tinodawo kuti, mangwanani ano, tinokwazisa vose vari kunze kune dzimwe nzvimbo dzenyika ino. Tinoda kukwazisa avo vatakabatanidzwa nefoni ino, vokuGuta reNew York; Beaumont, Texas; Prescott, Arizona; Tucson, Arizona; San Jose, California; Connecticut; Gainesville, Georgia; neNew

Albany, Indiana; nyika ino yese. Tiri kukukwazisai muZita raIshe Jesu.

6 Mangwanani ano, muIndiana, mangwanani akaisvonaka. Kwakanaya mvura usiku hwapfuura zvikatonhodza mamiriro ekunze. Uye tiri . . . Tabherinakeri yakazara, uye munhu wose akamirira, netarisiro huru, pachidzidzo cheSunday school. Uye ndinovimba kuti maropafadzo mazhinjisa aMwari ave pamusoro penyu kunze uko.

7 Uye tinotarisira, munguva shoma inotevera kuti pave ne—nenzira yatingava nayo, patingaungana tose pamwe chete, zvimwe pasi petente huru, umo ndinonyatsonzwa kutungamirirwa kuparidza pamusoro peNdiro Nomwe dzokupedzisira dzomuBhaibheri.

8 Saka zvino, kuitira kuti tisatora nguva refu pachidzidzo chikuru mangwanani ano . . . Ndatsvaga Ishe, ndichifunga, "Ndoparidzei?" Ndichiziva kuti ino inogona kuva sevhisi yedu yekupedzisira yatingava nayo. Kuuya kwaShe kwava pedyo chose!

9 Ndinoona, mushure mefungidziro yezvichazoitika yakaitwa muCalifornia, kune dzimba ikoko, nenzvimbo, dziri kunyura mainji makumi matatu paawa, matanda achitsemuka nokutyoka. Uye havazivi chiri kukonzera izvozvo. Tava pamagumo. Dzimba dzinokosha zana-rezvuru-zvamadhora, dziri kunyura. Ndakaona misoro yenyaya mikuru mubepa, mapikicha, zvandinotarisira kuuya nazvo usiku hwanhasi, sezvo ndichida kutaura pamusoro pechimwe chinhu pazviri usiku huno.

10 Uye, zvakare, usiku hwanhasi tichanamatira vanorwara. Uyai masikati ano, nguva dzafive, six o'clock, kana nguva dzakadaro. Ndinofunga, tichakurumidza kutanga, kuitira kuti vanhu vakurumidze kuenda, uye nokugamuchira makadhi enyu emunyengetero. Uye tichange tichinamatira vanorwara usiku, Ishe vachida.

11 Zvino, mushure mokufunga ndichinamata, "Ndoita sei?" Ndichiziva kuti rimwe zuva ndichazopindurira zvandinotaura pano . . . Nokudaro ndasarudza, kana kuti ndanzwa kutungamirirwa neMweya Mutsvene kuti nditaure mangwanani ano pamusoro pechiporofita, kuti tizivisane. Maona? Ndechimwe chatino . . . Kana tisina kuziviswa, pakawana chimwe chinongoitikawo hacho, tinofanira kuziva pamusoro pacho. Mweya Mutsvene wachipa kwatiri, kuti tiyambire vanhu pane zviri kuuya. Munoziva, Bhaibheri rakati, kuti, "Mwari haana chaanoita kusiya kokutanga Iye achiratidza varanda vaKe, ivo vaporofita." Uye—uye kuti Jesu wakayambira vanhu, zvichazoitika; vaporofita vakayambira vanhu, zvichazoitika. Uye zvakafanira kwatiri zvino, munguva ino huru yatiri kurarama, tichiona zera ratiri kurarama mariri,

nezviri kuitika, zviri kuzoitika muzera rino. Saka imwe yenyaya inoshamisa yatakaverenga kakawanda dzimwe nguva, ndoyauya pamwoyo wangu ku—kuti nditaure kuvanhu pamusoro payo mangwanani ano.

12 Zvino ngativhurei maBhaibheri edu kuna Mateo chitsauko 24 tigoverenga chikamu cheShoko raMwari. [Hama Branham vanogadziridza pahuro pavo—Mupepeti.] Ruregerero. Senzira yoku—yokuva nepfungwa kubva pataverenga uye musoro wenyaya.

13 Zvino, rangarirai tichadzidzisa izvi seclass yeBhaibheri, zvishoma-zvishoma. Torai penzura dzenyu nebepa. Ndine Magwaro mazhinji akanyorwa pano, amunga—amungakwanisa kunyora pasi. Mozoenda kumba moanzvera, nokuti izvi zvakangofanana neclass yeSunday school, kuti tizive, nokuyambirwa nokugadzirira nguva dzatiri kurarama madziri.

14 MuBhuku ra Mutsvene Mateo. [Hama Branham vanogadziridza pahuro pavo—Mupepeti.] Ruregerero. Ndima 24. . . Kana, chitsauko 24 ndingati, kutangira pandima 15, ndinoda kuverenga chikamu cheShoko raKe.

> Naizvozvo *kana muchivona nyangadzi yokuparadza, yakarebga nomuporofita Daniere,* imire *panzvimbo tsvene, (unorava, ngaacherechedze:)*
>
> *Zvino vari muJudea ngavatizire kumakomo:*
>
> *Uri pamusoro pedenga reimba—pedenga reimba ngaarege kuburuka kuzotora zviri mumba make:*
>
> *Nouri mumunda, ngaarege kudzokera shure kundotora nguvo* dzake.
>
> *Vachava nenhamo vane mimba, navanomwisa mumazuva iwayo*!
>
> Asi *nyengeterai kuti kutiza kwenyu kurege kuva pachando, kana nesabata:*
>
> *Nokuti nenguva iyo kuchava'po kutambudzika kukuru, kusati kwakambova'po kwakadaro kubva pakutanga kwenyika kusvikira zvino, kwete, vuye hakuchazovipo.*
>
> *Dai mazuva iwayo asaitapudzwa,* hakune nyama *yairarama; asi nokuda kwavakasanangurwa mazuva iwayo achatapudzwa.*
>
> *Zvino kana munhu akati kwamuri, Tarirai, Kristu uri pano, kana apo; regai kutenda.*
>
> *Nokuti* vachamuka *vanaKristu venhema, navaprofita venhema, vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa; kusvikira pokuti, kana zvichibvira, vainyengedza* navakasanangurwavo.
>
> *Tarirai, ndagara ndakuvudzai.*

> *Zvino kana vakati kwamuri, Tarirai, uri kurenje; regai kubuda: tarirai, uri mukati* muimba *yakavanda; regai kumutenda.*
>
> *Nokuti semheni inobva mabvazuva, ichipenyera kumavirira; ndizvo zvichaita kuvuya koMwanakomana womunhu.*
>
> *Nokuti apo pane mutumbi, ndipo panovunganira* zvapungu . . .

15 Zvino, kuitira musoro wenyaya, ndinoda kutora ndima 24, kuti ndisimbise ndima iyi pachidzidzo chedu cheSunday school mangwanani ano. Uye mutererese apo ndava kuverenga izvi, zvakare.

> *Nokuti* vachamuka *vanaKristu venhema, uye vaporofita venhema, vagoratidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa;* kusvikira pokuti*, kana zvichibvira, vainyengedza* navasanangurwavo.

16 Zvino musoro wenyaya mangwanani ano, kana kuti pfungwa, ndingangoti, ndinoda kutora: *Vazodziwa Panguva Yokuguma*. Ndiwo musoro wenyaya wandinoda kutaura pamusoro pawo, kana kuti pfungwa: *Vazodziwa Panguva Yokuguma*.

17 Ndinotenda kuti tiri kurarama munguva yokuguma. Ndinofunga munhu wose aka . . . Muverengi weMagwaro, kana kuti mu—mutendi, unoziva kuti tava pakuguma kwenhoroondo yepasi rose. Hapachavi nechikonzero chokuinyora, nokuti panenge pasisina anozoiverenga. Ava magumo enguva. Kuti ndiriini, handizivi. Kuti zvichatora nguva yakadini, kana Ngirozi dzeDenga hadziziviwo miniti kana awa. Asi isu takaudzwa naIshe Jesu, kuti, kana izvi zvinhu zvatava kuona zvichitanga kuitika, tisimudze zviso zvedu nokuti kudzikinurwa kwedu kwaswedera. Zvino, kuti "kwaswedera" zvinorevei, ini handizivi. Zvinogona kureva . . .

18 Sezvakarehwa nevesainzi musi uno, patelevision vachitaura pamusoro pemutswi mukuru wakareba churu chamamaira panyika apo pachazonyura. Akabvunzwa mubvunzo, "Pangangonyura apo?" Ndinoreva Los Angeles, kuMahombekombe eMadokero. Vazhinji venyu makazviona kuti vakautevera sei neradar, vakakwidza nawo . . . ukabudikira nezasi kweSan Jose, ndokuyambukira kupinda muAlaska, ndokubuda wopinda nokuZvitsuwa zveAleutian, mamaira angangosvika mazana maviri uchipinda munyanza, wozodzoka uchidzika kupinda muSan Diego, wozotenderera neseri kweLos Angeles, ndokuzokwidza, nyika hombe.

Zvino kundengendeka kwatanga tinako uku kuputika kwematombo anopisa akanyungudukira pasi penyika achibuda nomugoronga iri, guru imomo. Handizivi zita ravano—

ravanokupa. Zvisinei, kana kwazunzika, zvinokonzera kundengendeka uku kwatanga tinako makore ese aya kuMahombekombe ekuMadokero. Zvino kwakatsemuka kwese uku. Uye vesainzi vakati, mumwe . . .

19 Mumwe murume wakati kune mumwe, "Pangangowira mukati?"

Iye akati, "Kwete 'pangangowira', asi pachatowira."

Akati, "Asi kwete muchizvarwa chedu, pamwe?"

Akati, "Mumaminitsi mashanu anotevera, kana mumakore mashanu anotevera. Hatitombonyatsoziva kuti rini."

20 Vhiki ino, ndakatumirwa bepa rine misoro yenyaya, yedzimba huru dzinokosha zana-rezvuru-zvamadhora dzaitsemuka nokuondomoka, vanhu vachibvamo. Uye havazivi kuti vozvimisa sei. Hapana nzira yokuzvimisa. Maona, Mwari unogona kuita chero zvaAngoda, uye hapana munhu angaMuudza maitiro okuzviita.

21 Munovaka dzimba, munogona kugadzira zvinhu zvesainzi, iye Mwari ariye Musiki wezvesainzi. Ko muchaMumisa sei? Anogona kuparadza pasi rino rose mangwanani ano nenhata kana Achida kudaro. Munoona here, kuti Aigona kungotaura nhata dzovapo, dzigoita udzamu hwemamaira makumi mana munguva inoita hafu yeawa, maona, hapana . . . uye dzigodya vanhu kubva panyika. NdiMwari. Anongoita sezvaAnoda. Ndinyakuzvitonga, pachaKe.

22 Zvino, tichiona kuunganidzwa kwezvinopupurira izvi, nguva yatiri kurarama mairi, ndinofunga chinhu chakanaka kuti tifanodzokorora zvinhu izvi uye kuzviisa pachena, sezvo Zvisimbiso zvakavhurwa, uye tigowana chokwadi chezvinhu izvi, sezvo Mwari akatendeka kudai kwatiri, nenyasha dzaKe, dzokutiratidza zvinhu izvi.

23 Ndinoda kuti mucherechedze pano muna Mateo 24, Jesu wakashandisa shoko rokuti "VanaKristu," V-a-n-a-K-r-i-s-t-u, "VanaKristu." Kwete Kristu, asi "VanaKristu," vazhinji, kwete mumwe chete. "VanaKristu." Naizvozvo, shoko rokuti *Kristu* rinoreva "Wakazodzwa." Zvino kana ari "muzodziwa," anenge asiri mumwe chete, asi vazhinji, vazodziwa, "vazodziwa." Maona?

24 Zvikasadaro, dai Aida kunyatsozvitsanangura achidzika kuitira kuti tizvinzwisise zviri nane, Aizoti, "Mumazuva okupedzisira pachamuka vazodziwa, venhema." Zvino, zvinoita sezvisingagoneki, munoona, iro shoko rokuti "vazodziwa." Asi cherechedzai mashoko chaiwo anotevera, "Uye vaporofita venhema," v-a-p-o-r-o-f-i-t-a, vazhinji.

25 Zvino, *muzodziwa*, ndiye, "uyo une mharidzo." Uye nzira bedzi yokuti mharidzo iuye zvinoitwa nouyo *akazodzwa*, uye anenge ari muporofita, akazodzwa. "Pachamuka vadzidzisi

venhema, vakazodzwa." Muporofita unodzidzisa zviri mharidzo yake. Vadzidzisi vakazodzwa, asi vanhu vakazodzwa vane dzidziso yenhema. Vazodziwa, "VanaKristu," vazhinji; "Vaporofita," vazhinji. Uye kana paine chinhu chi—chinonzi Kristu, mumwe chete, zvino ava vanofanira kuva "Vazodziwa," kuitira kuti kuporofita kwedzidziso yavo ndiko kuchapa mutsauko, nokuti vakazodzwa, vazodziwa.

26 Zvino, ichi chidzidzo cheSunday school, tinoda ku—kuedza kusvitsa izvi pamangange chaiwo, neMagwaro, kwete nezvakataurwa nemumwe pamusoro pazvo asi tichingoverenga chete Magwaro.

Unogona kuti, "Izvi zvingagova sei? Ko vazodziwa . . . "

27 Vaimbori vanaani? "VanaKristu," V-a-n-a-K-r-i-s-t-u, vazodziwa. "VanaKristu, uye vaporofita venhema." Vazodziwa, asi vari vaporofita venhema!

Jesu wakataura, kuti, "Mvura inonaya pamusoro pevakarurama nevasina kururama."

28 Zvino, mumwe angati kwandiri, "Munotenda here kuti chizoro chiri pamusoro pevanhu ivavo zvinoreva kuti chizoro choMweya Mutsvene?" Hongu, changamire, Mweya Mutsvene chaiwo waMwari uri pamusoro pomunhu, asi iye ari wenhema.

Zvino tereresai uye muvone zvaAkataura. "Uye vacharatidza zviratidzo nezvishamiso, zvokuti dai zvaikwanisika vainyengedza chaivo Vasanangurwa dai zvaigoneka." Uye vakazodzwa noMweya Mutsvene chaiwo. Ndinoziva kuti zvinoita sezvine upenzi, asi tichatora nguva kuti tizvitsanangure neShoko, kuti izvi iZVANZI NAJEHOVHA chaiyo, yeZvokwadi.

29 Zvino ngativhurei maBhaibheri edu, kwemininiti, kuna Mateo chitsauko 5, totanga ne—nendima 45, tione zvino apo tava kuverenga kwenguva shoma paMagwaro awa. Uyezve, tasvika apa, seiko, tichakupai . . . kuitira kuti imi, kana tikatadza kuverenga ose, iwe unozotora Bhaibheri rako; uye—uye wondoverengawo mushure mokunge tabva pano waenda kumba, uye—uye woverenga zvinorehwa neBhaibheri pamusoro pazvo.

30 Zvino toda kutora nguva yedu, tibate cha—chaicho, nokuti ndiri kupa kutaura pano kunoshamisa. Ko Mweya Mutsvene ungazodza sei mudzidzisi wenhema? Asi Jesu ndizvo zvaakati zvichaitika.

Zvino, Mateo, chitsauko 5, vhesi 45, ngativerengei zvino. Ngatibatei, titangire pa—pamusoro payo, pa44.

> *Asi ini ndinoti kwamuri, Idai vavengi venyu, ropafadzai vanokutukai, itirai zvakanaka vanokuvengai, . . . namatirai avo* vanokuzvidzai, *nokukutambudzai;* [KJV—Mupepeti.]
>
> *Kuti mugova* vana *vaBaba venyu vari kudenga: nokuti vanoita kuti zuva ravo rivheneke pane vakaipa uye . . .*

> *vakanaka, uye vanotumira mvura pane vakanaka ne...vakaipa.* (Mvura inouya pamusoro pevakaipa sezvainongoita kune vakanaka.)

31 Zvino tichitevera izvi, nokune chimwe chiporofita pamusoro pezvizvi, ngativhurei VaHebheru chitsauko 6, tichitora ndima inotevera izvi, apo Pauro anodzosa kundangariro chinhu chimwe chete chakataurwa naJesu. Pauro, wava kutaura zvino. Muchiri kupatsvaga...Uye imi muri kunzwa neredhiyo, garai nemaBhaibheri enyu pedyo nemi nebepa, mugozvitarisa izvi zvino. VaHebheru, chitsauko 6, Pauro achinyorera VaHebheru, achivaratidza mimvuri nemifananidzo, achivabvisa kubva pasi pechiJudha achivapinza muchiKristu, achivaratidza kuti zvinhu zvose zvekare zvaingopa mumvuri wezvinhu zvaizouya. Pauro achitaura zvino, VaHebheru 6.

> *Naizvozvo tichisiya shoko rokutanga redzidziso yaKristu* (K-r-i-s-t-u, mumwe)*, ngatiendei mberi kusvika pakukwaniswa; tisingaisizve nheyo dzokutendeuka...mabasa akafa, nekutenda* kuna *Mwari.*
>
> *Ne...dzidziso dzorubhabhatidzo, nokuisa maoko, nedzokumuka kwavakafa, nedzokutongwa kusingaperi.*
>
> *Uye izvi tichaita, kana Mwari* vatendera.
>
> *Nokuti hazvigoneki kuti avo vakanga vambovhenekerwa,* [KJV—Mupepeti.] *vakaravira chipo chokudenga, uye vakaitwa vadyi pamwe chete voMweya Mutsvene,*

Ndoda kuti muterere kweminiti imwe. Macherechedza here, kuti "chipo"; kwete "zvipo," vadyi ve "zvipo zvedenga"? Asi, "chipo chedenga," chimwe; "Kristu," mumwe; "chipo," chimwe.

> *...chipo chedenga, uye...kuitwa vadyi pamwe chete voMweya Mutsvene,*
>
> *Uye vakaravira...shoko raMwari,...*(vakaravira chii?)*...shoko raMwari, uye* simba re*nyika inouya,*
>
> *Kana vakazotsauka, hazvibviri kuvavandudzazve mukutendeuka; nokuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari patsva pamuchinjikwa, nokumunyadzisa pachena.*
>
> *Nokuti,* (tererai*) nyika...inonwa mvura inogarouya pamusoro payo, kuti* ibereke *mirivo yakafanira avo vanoirima,* inoropafadzwa *naMwari:*
>
> *Asi kana ikabereka minzwa...rukato inorashwa, uye yava pedyo nokutukwa; magumo ayo ndiko kupiswa.*

32 Zvino enzanisai izvi naMateo 5:24 zvakare. Cherechedzai, Jesu akati mvura nezuva zvinouya panyika, izvo Mwari anotumira kuti zvigadzire kudya nezvimwe kuitira vanhu

venyika. Uye mvura inotumwa kuitira kudya, mirivo. Asi masawi, masora, zviri mumunda, zvinogamuchirawo zvimwe chetezvo. Mvura imwe cheteyo inoita kuti gorosi rikure ndiyo mvura imwe chete inoita kuti masora akure.

33 Ndakava nechidzidzo pazviri imwe nguva, pandakatanga kusangana nevanhu vePentecosta! Uye chaiva chidzidzo chikuru kwandiri. Ndakaona varume vaviri, mumwe. . . Handina kumbonzwa kutaura nendimi kumashure. Mumwe wakataura nendimi, mumwe ndokududzira, vachichinjana. Uye vaitaura chokwadi, vachiti, "Mune vazhinji muno vanofanira kutendeuka usiku huno. Vakadzi navarume, vose." Uye vanhu vaisimuka voenda kuaritari.

Ini ndokufunga, "Zvinobwinya sei!"

34 Uye nechipo chidiki cheMweya Mutsvene, ndakataura nevarume vaya, kungoti, munoziva sei, mukunzvera, inongovawo nzira diki yokuziva nayo. Mumwe wavo waiva muKristu chaiye, uye waiva muranda waKristu wamazvirokwazvo, asi mumwe wacho waiva munyengeri. Uya mumwe wavo, uyo waiva munyengeri, waigara nemudzimai ane vhudzi dema, achimhanyidzana neane vhudzi rakachenuruka uye aitova nevana naye. Zvakanaka, hezvino zvaivamo muchiratidzo; hazvaigona kurambika. Ini ndakataura naye pamusoro pazvo. Iye wakanditarisa ndokufamba achitenderera seri kwemba.

35 Zvino ndakavhiringika, zvamazvirokwazvo. Ndakanga ndafunga kuti ndauya pakati pengirozi, zvino ndakanga ndisisina chokwadi kana ndakanga ndisiri pakati pemadhimoni. Zvaigoneka sei izvi? Handina kukwanisa kuzvinzwisisa. Uye kwamakore ndakabvisa maoko angu pazviri, kusvikira rimwe zuva apo. . .

George Smith, mukomana anofambidzana nemwanasikana wangu, takaenda nezuro, kuold mill kwandinoenda kunonamata.

Ndagarako mazuva maviri, Mweya Mutsvene wakadzosa gwaro irizve kwandiri. "Nokuti mvura inogarouya panyika kuti iipfekedze nemurivo, asi minzwa nerukato zvinoraramiswa nemvura imwe cheteyo, uye mugumo wazvo kupiswa." Zvinorarama nechinopa-upenyu chimwe chete chinobva kuna Mwari. Zvino ndakabva ndanzwisisa izvozvo. "Na. . . " Jesu akati, "Nezvibereko zvavo vanozikanwa."

36 Zvino, naizvozvo, mvura ichinaya pamusoro pezvirimwa zvenyika, mufananidzo wemvura yepaMweya inopa Upenyu Husingaperi, ichinaya pamusoro peKereke, nokuti tinoiti mvura yokutanga nemvura yokupedzisira. Uye imvura, inonaya kubva muMweya waMwari, pamusoro peKereke yaKe.

37 Cherechedzai, chinhu chinoshamisa zvikuru pano. Maona? Mbeu idzi padzakapinda muvhu, hazvinei kuti dzakapindamo sei, dzaiva minzwa kubvira pakutanga. Asi apo gorosi rakapinda muvhu, nemirivo, yaiva mirivo kubvira pakutanga. Uye murivo umwe noumwe uchizvibereka, nokuzviberekazve, wairatidza kuti ndozvawaiva kubvira pakutanga.

38 "Uye vachanyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka," nokuti vanogamuchira mvura imwe cheteyo, maropafadzo mamwe chetewo, vachiratidza zviratidzo zvimwe chetezvo, zvishamiso zvimwe chetezvo. Maona? "Vachanyengera, kana kuti vachanyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka." Zvino, munzwa haugoni kuzvichinja kubva pakuva munzwa, uye gorosi harigoni kuzvichinja kubva pakuva gorosi; ndozvakatemerwa noMusiki wechimwe nechimwe chazvo pakutanga. Ndivo Vasanangurwa. Mvura imwe chete!

39 Zuva rinobuda mangwanani rovheneka rakatandira nyika sezvarakaita nyika ino, nezuva rino ratiri kurarama. Zvino zuva rimwe, rinobuda kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinovira kuMadokero. Zvino zuva rinotumwa kuibvisa mbeu panyika, dzinova dzakaumba mitumbi yedu.

40 Tinoraramiswa nezvakafa. Ndiyo nzira bedzi yaunogona kurarama nayo. Uye kana chimwe chichifanira kufa zuva roga-roga kuti iwe urarame, panyama, zvino hazvisi chokwadiwo here kuti iwe . . . Mutumbi wako unofanira kurarama nezvakafa, paupenyu hwapanyama, saka panofanira kuva neChimwe chinofa, pamweya, kuti chiponese upenyu hwako hwepamweya. Uye Mwari, wakava chinobatika, nyama, uye akafa kuti isu tirarame. Hapana chechi, kana chimwe chinhu munyika chingakuponesa kunze kwaMwari. Ndicho chinhu bedzi chavanorarama nacho.

41 Zvino tevedza Magwaro. Jesu iShoko. "Pakutanga kwaiva neShoko. Shoko rikaitwa nyama rikagara pakati pedu. Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari. Uye Shoko rakazoitwa nyama, Uyo akararama, akagara pakati pedu." "Uye munhu haangararami nechingwa bedzi," panyama, "Asi neShoko rinobuda mumuromo waMwari." Naizvozvo, munoona, tinorarama neShoko, uye iro ndiMwari.

42 Zvino zuva rinobuda rotandira nokuibvisa mbeu. Zvino, haridziibvisi dzose nguva imwe chete. Padzinokura, dzichisimba, dzinoibva saizvozvo kusvika dzanyatsova hura yakakwana.

Ndozvazvirivo, nhasi, mukereke. Yakatanga muhudiki, kumashure uko munguva dzerima, payaiva muvhu. Yakazokura zvino kusvika mukuibva. Uye tinogona kuiona, zvakakwana, kuti Mwari muzvisikwa nguva dzose . . .

43 Haungavhiringidzi zvisikwa. Ndiro dambudziko riripo nhasi. Tiri kungokandira mabhombu, kunze uko munyanza

iyo, tichiipfachura nokuibvongodza nemabhombu eatomiki. Muri kuchera mavhu muchiabvisapo nguva yose iyi, pamunoakandiramo. Munotema miti; madutu achakutorai. Mukavaka dhamu parwizi; ruchaerera napamusoro.

Munofanira kuwana nzira yaMwari yokuita zvinhu mogara mairi. Takapfigira vanhu mumachechi nomumasangano; chionai zvatava nazvo! Garai munzira yaMwari yazvo.

44 Asi, munoona, "Anotuma mvura," tichidzokera kunyaya yedu, "Pane vakarurama nevasina kururama." Jesu anokuudzai pano zvino, muna Mateo 24, kuti chichava chiratidzo pakuguma kwenguva.

Zvino, kana chiratidzo ichi chichifanira kuzikanwa pakuguma kwenguva, zvinofanira kuitika mushure mokuvhurwa kweZvisimbiso izvo. Maona? Chiratidzo chokuguma. Ndipo, panoitika zvinhu izvi, panguva yokuguma. Uye chinenge chiri chiratidzo, zvino, saka Vasanangurwa havazovhiringidzwi nezvinhu izvi. Munozviona? Naizvozvo, zvinofanira kuzarurwa, kuiswa pachena.

45 Cherechedzai, zvose gorosi namasora zvinoraramiswa neChizoro chinobva kuDenga. Zvose zvinofadzwa naCho.

Ndinorangarira izvi, ndichitaura chiitiko chiya, paya kumusoro uko pazuva riya paGreen's Mill. Ndaka—ndakaona chiratidzo chiya chichiuya. Uye ndakaona nyika huru, uye yakanga yarimwa yose. Uye kukaenda Mukushipo, kutanga. Ndinoda kuchengetedza izvi pamberi penyu. Cherechedzai chinotanga kuenda, mozoona zvinochitevera. Zvino paakauya Murume uyu akapfeka zvichena achitenderera ari panyika, achikusha mbeu, zvino mushure maKe kwakazouya murume, akapfeka hanzu tema, wairatidzika kuva ainyangira, achiverevedza achitevera kumashure kwaKe, achikusha masora. Zvino izvi zvichiitika, ndakaona mbeu mbiri idzi dzichibuda. Padzaibuda, dzimwe dzaiva gorosi dzimwe ari masora.

Zvino pakauya nzara, apo, zvairatidzika sokunge, dzose dziri mbiri dzakakotamisa misoro yadzo dzichichemera mvura. Ndipo pakauya gore guru pamusoro penyika, ndokubva kwanaya. Gorosi rikasimuka rikati, "Mwari ngaarumbidzwe! Mwari ngaarumbidzwe!" Uye masora akasimukawo akadanidzira, "Mwari ngaarumbidzwe! Mwari ngaarumbidzwe!" Zvakabuda zvakangofanana. Zvose zviri zviviri zvanga zvoparara, zvose zviri zviviri zvanga zvava kuenda. Uye zvino gorosi ranzwa nyota. Uye nokuti zvanga zviri mumunda mumwe chete, mugadheni rimwe chete, panzvimbo imwe chete, pasi pechinodiridza chimwe chete, pakabuda gorosi ndipo pakabudawo masawi zvamereswa nechinhu chimwe chetecho. Cherechedzai, chizoro chimwe chete chemvura chinomeresa gorosi, chinomeresa masora.

46 Mweya Mutsvene mumwe chete unozodza Chechi, uchivapa chishuvo chokuti mweya iponeswe, nokuvapa simba rokuita zvishamiso, Unowira pamusoro pevasakarurama sezvaunoita pane vakarurama. Mweya mumwe chete iwoyo! Zvino, haugoni kuzvipindurudza neimwe nzira ukazonzwisisa Mateo 24:24. Akati, "Kuchamuka vanaKristu venhema," vazodziwa, venhema. Vakazodzwa neChinhu chaicho chaicho, asi vari vaporofita venhema vaCho, vadzidzisi venhema vaCho.

Chii chingaita kuti munhu ade kuva mudzidzisi wenhema wechinhu cheChokwadi? Zvino tichasvika pamucherechedzo wechikara mumaminitsi mashoma, uye muchaona kuti isangano. Maona? Vadzidzisi venhema; vazodziwa, venhema. vanaKristu vakazodzwa, asi vari vadzidzisi venhema. Ndiyo nzira bedzi yaunokwanisa kuzvinzwisisa nayo.

47 Sezvakangoita pano munguva yapfuura, ndakambozvitaura izvi. Ndingazvidzokorora nokuti takabatanidzwa nefoni nenyika yose. Rimwe zuva ndaitaura neshamwari yangu, panopinda nyaya iyi mangwanani ano, kuArizona. Waiva ne—nepurazi remichero yecitrus. Waiva nemuti imomo wemuranjisi waibereka magrape fruit, nemandimu, tangerine, matangelo. Ndakanganwa kuti michero mingani yakasiyana-siyana yaivapo pamuti mumwe chete iwoyo. Ndikati ku—ku—kumurume uyu, ndikati, "Zvakadai sei? Muti rudzii uyu?"

Iye akati, "Muti, iwo pachawo, muti wemuranjisi."

Ini ndikati, "Sei wakabereka magrape fruit? Sei wakabereka mandimu?"

Iye akati, "Davi rawo rakapfekedzerwa mauri."

Ndikati, "Ndazviona. Zvakanaka, zvino," ndikati, "zvino, gore rinouya muti uyu kana wakubereka zvimwe zvibereko," nokuti michero iyi inoibvirana nguva imwe chete, ndakati, "Uchabereka maranjisi chete. Kana uri munavel orange, uchabereka manavel orange, haungadaro here, changamire?"

Iye akati, "Kwete, changamire. Davi rose rakapfekedzerwapo richabereka chorudzi rwaro."

Ini ndikati, "Unoreva here kuti davi romundimu richabereka mamandimu kubva pamuti wemuorange?"

Iye ndokuti, "Hongu, changamire."

"Davi romugrape fruit richabereka magrape fruit kubva mumuti wemuranjisi here?"

Iye akati, "Hongu, changamire. Ndizvo zviri hunhu hwedavi rakapfekedzerwa mauri."

Ini ndikati, "Mwari ngaarumbidzwe!"

Iye akati, "Unorevei?"

Ini ndikati, "Mumwe mubvunzo zvakare. Zvino, muti wemuranjisi uyu uchazombobereka maranjisi here zvakare?"

Iye akati, "Kana ukabukira rimwe davi." Kana ukabukira rimwe davi, kwete kana pakawana rapfekedzerwa mauri. Asi, yose michero yecitrus, naizvozvo inoraramiswa neupenyu hwecitrus huri mumuti wecitrus.

48 Ini ndikati, "Mazviona! MaMethodisti anobereka maMethodisti, nguva dzose. MaBaptisti anobereka maBaptisti, nguva dzose. MaKatorike anobereka maKatorike, nguva dzose. Asi Chechi yaMwari mupenyu inobereka Kristu kubva kumudzi, Shoko nguva dzose, kana ikabukira rimwe davi raWo."

49 Zvino, unogona kuipfekedzeramo, mazviona. Grape fruit rose, ndimu, tanjelo, tanjerine, zvisinei kuti muchero wecitrus upi, mumwe nomumwe wawo unogona kuraramiswa nomuti uyu; asi uchibereka chapupu chenhema chomuti wacho, uchiraramiswa nomuti iwoyo. Mazviona? Iri kurarama nokukudzwa kubva paupenyu chaihwo chaihwo huri mumuti uyu.

Zvino, ndipo pana Mateo 24:24, vanorarama neUpenyu humwe chete, asi vanga vasiri vakarurama, kubvira pakutanga. Vari kupa chapupu chenhema choMuti uyo! Uyu muti womuranjisi, uri muti womucitrus. Uye vanoti, "Chechi ino, sangano rino riri kupa chapupu chaKristu," ivo vaine rubhabhatidzo rwenhema, vachipupura nhema paShoko, vachiedza kuti simba raMwari raingova bedzi ravadzidzi.

Jesu, paChake, akati, "Endai munyika yose, muparidze Evhangeri kudavi rose richa. . . muti wose uchabereka, davi rose richazova mumuti uyu. Uye zviratidzo izvi zvichatevera matavi emazvirokwazvo." Kupi? Nguva yose kana uyu uri Muti, nguva yose kana Uchibereka matavi, kusvika kumagumo enyika. "MuZita raNgu vachadzinga madhimoni; vagotaura nendimi itsva; vachabata nyoka; kumwa zvinouraya; kuisa maoko pamusoro pavanorwara vagopora." Munoona nguva yatiri kurarama mairi? Munoona zvakataurwa naJesu?

50 Rangarirai, izvi paiva panguva yokuguma, kwete kumashure uko panaWesley nekumashure ikoko. Zvino, panguva yokuguma, ndipo pazvinofanira kutora nzvimbo.

Zvino cherechedzai Magwaro; Ngaapupure. Jesu akati, "Nzverai Magwaro, nokuti Maari munofunga kuti, kana kuti munotenda kuti, mune Upenyu Husingaperi, uye ndiWo anopupura pamusoro paNgu." Nemamwe manzwi, kana muti uyu ukabudisa davi. . . "Ndini Muzambiringa, Muti; imi muri matavi. Uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita naiye uchaaitawo," St Johane 14:12.

51 Zvino, "Uyo anogara maNdiri, uyo ano. . . uyo waiva mumudzi waNgu pakutanga."

Ndicho chikonzero Jesu wakanga ari zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi. Wakanga aripo Dhavhidhi asati avapo, waiva

muna Dhavhidhi, uye wakazovapo mushure maDhavhidhi, zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi; Nyeredzi yaMangwanani, Ruva raSharoni, Ruva reMupata, Arifa naOmega; Baba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene. "MaAri munogara kuzara koHumwari mumutumbi." Zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi!

"Iye anova Upenyu hwakasanangurwa, Upenyu hwakatemerwa, huri maNdiri," uye Iye iShoko, "kubva kumavambo; paanouya, uchabereka zvibereko zvaNgu." St Johane 14:12.

Asi vamwe vachararama nechimwe chete ichochi, vachizvidaidza kuti maKristu uye vatendi. "Havasi vose vanoti, 'Ishe, Ishe,' vachapinda."

Zvino, izvi zvichafanira kuitika nokuratidzwa mumazuva okupedzisira, "apo zvakavanzika zvaMwari pazvichapedziswa," sezvatichapinda mazviri munguva shoma inotevera.

52 Miti iyi, muzambiringa wechokwadi nomuzambiringa wenhema! Makandinzwa ndichiparidza nezvayo kubva kare, kubva makore akawanda apfuura, kuti yakakura pamwe chete. Ndakaibudisa nomudungamunhu ndikaratidza izvozvo, kubva kuna Kaini naAbheri, mizambiringa miviri yakasangana paaritari; vose vaviri vainamata, vose vaviri vakanga vakazodzwa, vose vaviri vakanga vachida upenyu, uye vainamata Mwari mumwe chete. Uye mumwe wakarambwa mumwe akagamuchirwa.

Uye nzira bedzi yakaita kuti wakagamuchirwa aite zvakasiyana nehama yake, zvakazarurirwa kwaari. Nokuti Bhaibheri rinoti, "Nokutenda . . . " VaHebheru, chitsauko 11, "Nokutenda Abheri wakapa kunaMwari chipiriso chakaisvonaka kupinda cha Kaini, naichocho Mwari wakamupupurira kuti wakarurama."

Jesu, wakati, chizaruro chepamweya chokuti Iye ndiAni! "Ko vanhu vanoti ini Mwanakomana womunhu Ndini ani?"

Akati, Petro akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu."

"Wakaropafadzwa iwe, Simoni—Simoni, mwanakomana waJonasi; nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi. Baba vangu vari kuDenga vazvizarura. Pamusoro poruware urwu Ndichavaka Chechi Yangu," (chii?) chizaruro chechokwadi cheShoko. Hounoi Muzambiringa wechokwadi zvakare. "Abheri, nokutenda!"

Makati, "Chakanga chisiri chizaruro."

53 Kutenda chii? Kutenda chinhu chinozarurwa kwauri; chisati chavapo, asi unotenda kuti chichavapo. Kutenda chizaruro chokuda kwaMwari. Saka, nechizaruro!

54 Uye machechi nhasi havatombotendi muchizaruro chomweya. Vanotenda mukungotevera zvisina mubvunzo dzidziso dzemamwe manamatiro. "Nechizaruro Abheri akapirisa chipiriso kuna Mwari chakapfuura nokunaka pane chaKaini, izvo Mwari akapupura kuti wakarurama." Ameni. Ndinovimba munozviona izvi. Munoona here patiri kurarama? Munoona nguva yacho?

Ndakanga ndichitaura ne—neimwe njonda nguva shoma yapfuura, mudzidzi wechiKristu uye ari njonda. Iye akati, "VaBranham, tinoramba kugamuchira zvizaruro zvose."

55 Ini ndikati, "Saka munofanira kuramba Jesu Kristu, nokuti Iye kuzarurwa kwaMwari, Mwari achizarurwa ari munyama yemunhu." Kunze kokutenge muchiona izvi, makarasika.

Jesu akati, "Kunze kokunge mukatenda kuti Ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu." Iye kuzarurwa kwaMwari, Mweya waMwari uchiratidzwa muchimiro chomunhu. Mukasazvitenda izvi, makarasika. MukaMuita munhu wechitatu, munhu wechipiri, kana mumwewo munhu asiri Mwari, makarasika. "Mukasatenda kuti Ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu." Chizaruro!

56 Ndosaka vakatadza kuMuona. "Hapana munhu angauya kwaNdiri kunze kokunge Baba vaNgu vamudana. Uye vose Baba vavakaNdipa," mumidzi, "vachauya kwaNdiri." Maona? Mazvibata here? O, tinofanira kuMuda sei, kuMutunhidza, kuMurumbidza; tichiona chibereko choMweya mumazuva okupedzisira, uye Muti weMwenga uchiibva panhongonya yenguva!

57 Muzambiringa wechokwadi nomuzambiringa wenhema, yose yaiva nechizoro chakafanana. Mvura yakanaya pairi yose. Ndosaka Akatiyambira, "Zvaigona kunyengera naVasanangurwa chaivo dai zvaigoneka."

58 Cherechedzai, vakatoredzera zvimwe chetezvo. Vakazodzwa zvakafanana. Asi cherechedzai, "Nezvibereko zvavo . . ." Munovaziva sei?

Munoziva sei kuti uyu hausi muranjisi? Nokuti uri kubereka grape fruit. Muzambiringa wakanaka, uri kurarama mukati momuti, asi uri kubereka grape fruit. Hauna kufanana nowokutanga.

Uye kana chechi ichiti "inotenda muna Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi," uye vachiramba Simba raKe, vachiramba mabasa aKe, vachiramba Shoko raKe; kana—kana . . . Chechi inotenda muna Jesu Kristu, ichaita mabasa aJesu Kristu, inenge iine Upenyu hwaJesu Kristu. Kana zvisina kudaro, chero Upenyu huchidururirwa mairi; kana isina kutemerwa, kubva kumidzi, inobereka grape fruit nguva dzose, kana chimwe chakasiyana. Asi kana huri Upenyu

hwakatemerwa, mumidzi, inobereka Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, kana riri Shoko richiuya nomuMudzi. Anova, Iye ndiye Mudzi, mavambo enguva.

59 Cherechedzai, ndezvavanobereka zvinokutaurirai mutsauko. "Nezvibereko zvavo," Jesu akati, "muchavaziva." "Munhu haatanhi mazambiringa parukato," kunyange rukato ruri pakati pemuzambiringa. Zvinogona kudaro, asi chibereko ndicho chinozoreva kuti chii.

Chibereko chii? IShoko, rechibereko chomwaka. Ndizvo zvachiri, dzidziso yavo. Dzidziso yechii? Dzidziso yemwaka, yokuti yava nguvai. Dzidziso yomunhu, dzidziso yesangano, asi, kana kuti yeShoko raMwari remwaka here?

Zvino, nguva inokurumidza kufamba, tingadai tambomira apa nguva refu. Asi ndine chokwadi kuti imi muri pano, uye ndine chokwadi kuti imi mese makapararira nyika ino, munogona kuona zvandiri kuedza kukuudzai, nokuti hatina nguva yakanyanya kureba yokuramba tiri pazviri.

60 Asi munokwanisa kuona kuti Chizoro chinouya pane vasakarurama, vadzidzisi venhema, chovakonzera kuita chaizvo-chaizvo zvavakaudzwa naMwari kuti vasaita; asi vanongozviita, zvakadaro. Nemhaka yei? Hapana zvimwe zvavanogona kuita. Ko rukato rungagova chimwe chipi kusara kokungova rukato? Hazvina mhaka kuti imvura zhinji yakanaka zvakadii yaudiridza, runongofanira kuva rukato. Ndicho chikonzero Jesu akati, "Vanenge vakada kufananisa zvokuti zvaigona kunyengera Vasanangurwa chaivo," avo vomumidzi, "dai zvaigoneka," asi hazvigoneki. Gorosi harigoni kubereka chimwe kusiya kokubereka gorosi; ndizvo bedzi zvarinogona kubereka.

61 Cherechedzai. Rangarirai, Mwari haasiye muvambi wemasangano. Dhiyabhorosi ndiye muvambi wamasangano. Izvi ndazviratidza neShoko, mberi neshure, uye ndichidzokorora nokuzvidzokororazve; handichapindi mazviri mangwanani ano. Tinoziva kuti Mwari haana kumboronga vanhu nenzira yakadaro, kuvaita sangano. Mazana amakore mushure mekufa kwemudzidzi wekupedzisira, pasati patombova nesangano rokutanga. Zvakagara zvichingoratidza kukundikana. Kana zvisina kudaro, sei tisiri pamwe chete murudo nhasi, maMethodist, Bhaptist, Presbyterian, Katorike navose? Sei mabasa aMwari asiri kutitevera, zvino, kana chechi imwe neimwe iri pachinhu chimwe chete, iro Shoko? Zvinhu izvo zvinoparadzanisa vanhu, ukama . . . Tabva kure naMwari kupfuura zvataimbova, ndiri kureva, machechi.

62 Zvino, tinoudzwa, kuti, "Zvinhu zvose zvakaitika kare zvakaitikira kuva muenzaniso, kuti tidzidziswe, titsiurwe, tiyambirwe." Kuti, zvinhu zvose zvekare zvomuTestamente

yeKare zvakaitika, zvakafanoratidza mumumvuri, kuti tione zvazvichava muTestamente Itsva, muzuva redu.

Zvakangofanana nokunge dai wakanga usina kumboona ruoko rwako, zvino wotarisa pamadziro woona mumvuri, sezvingaita ruoko rwangu kubva pachiedza, kana ruine minwe mishanu pano mumumvuri, iyo negetivhi; iwe ukafambisa maoko ako uchiaswededzako, iwo ari chaiwo-chaiwo, uchiaswededza ku—kumumvuri, panofanira kuva neminwe mishanu.

Sezvatinoudzwa neBhaibheri, kuti, "Testamente yeKare uri mumvuri, mufananidzo wezvinhu zvitsva, kana wezvinhu zvichauya; asi zvisiri zvinhu chaizvo, asi uri mumvuri, mufananidzo wezvinhu zvinouya."

63 Ngatidzokerei shure tione kuti chinhu ichi chakambovapo here mune zera ripi zvaro. Munoda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Naizvozvo tichaziva, kuti tijekese neizvi, takatarisa namativi ese, neShoko; kwete nepfungwa yemumwe munhu, zvimwewo zvakangotaurwa.

Handina basa kuti ndiani; mumwewo zvake munhu, ini kana mumwewo zvake munhu, "Kana akasataura zviri mumurairo navaporofita, hamuna Chiedza maari." Maona? Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. "Shoko romunhu wose ngarive manyepo, asi raNgu rive chokwadi," zvisinei kuti ndiani.

64 Zvino ngatidzokerei tindoona kana izvi zvakamboitika, kuti zvitiratidze muenzaniso.

Tinogona kudzokera kumashure kuBhuku raEksodo tigotaura pamusoro pomunhu wainzi Mosesi, uyo waiva muporofita wakazodzwa wakatumwa kubva kuna Mwari, aine Shoko raMwari nekuda kwaMwari kwechizvarwa chake. Sezvo Shoko raMwari richifamba richiwirirana, Iye akati, "Iye haana chaaiita kusvikira atanga AChizarura kuvaporofita vaKe kutanga." Mushure Wakazochiita. Maona?

Zvino, haAgoni kunyepa. haAnganyepi agova Mwari. Kwete, changamire. Unotofanira kuramba akatendeka. Hamuna kunyepa maAri. Iye . . .

Uye Iye haagoni kuRishandura. Kana Akadaro, naizvozvo haAsi Mwari; Wakaita mhosho. Unofanira kuva Asingakanganisi. Uye asingakanganisi haagoni kuita mhosho. Maona? Saka chese Mwari chaanotaura, chinogara chakangorurama Nokusingaperi. Maona? Uye Wakavimbisa izvozvo. Saka, cherechedzai, hapana kana papi hapo muBhaibheri nokuti zvikasadaro zvinoputsa kuenderana kwazvo.

65 Zvino, Mwari wakanga avimbisa Abrahama kuti mbeu yake ichava vatorwa mu—munyika yeuranda kwemazana mana amakore, mushure aizovaburitsa noruoko rukuru

rwesimba, achiratidza zviratidzo zvaKe nezvishamiso pakati pevanhu vavaigara navo. Nguva yevimbiso yakaswedera. Vanhu vakanga vakanganwa pamusoro payo. Vakanga vava neVaFarise neVaSadhuse, nevakadaro, masangano. Asi, kamwe-kamwe, kwakauya Mwari oga akapatsanurwa, kubva, kune kana ripi zvaro rawo.

Mwari haana, muzuva kana nguva ipi zvayo, kumbodana muporofita kubva musangano. Kwete, changamire. Anenge akavhiringika, haaigona kumbodaro; aitofanira kugara nesangano iroro.

66 Mosesi, munhu wakatumwa naMwari, neShoko raMwari, ari murwendo rwokutora Israeri kundovapinza munyika yechipikirwa, akanyatsorairiswa murairo waMwari, akasangana nomumwe muporofita, mumwe muzodziwa wakanga aine chizoro-chaicho-chaicho choMweya Mutsvene mumwe chete waiva panaMosesi. Ndizvozvo. Waiva muporofita. Mweya Mutsvene waiva pamusoro pomurume uyu. Zita rake wainzi Bharamu. Tese tinomuziva. Zvakanaka, zvinhu chaizvo, zvimwe chete, zvinhu—zvinhu zvakataurwa nomurume uyu, zviri kutoitika, mazana makumi maviri namasere amakore apfuura. "Israeri wakaita senyati, O Israeri. Wose unokuropafadza ucharopafadzwa. Wose unokutuka uchatukwa. Simba rako, noumhare, matente ako azere utsvene, O Jakobho!" Munoona, haana kugona kuita zvimwe. Wakauyapo akananga mumwoyo make kutuka vanhu ava.

67 O, imi vadzidzisi venhema manga muchiterera matepi awa makore ese awa, uye muchiona Mwari achisimbisa chaizvo chaizvo zvaAkataura, imi mogara mamunoverengera muchiziva kuti ichi iChokwadi; asi nokuda kwekusiyana kwemasangano enyu, munopokana nazvo muchiudza vanhu venyu kuti hazvina kudaro. Mune nhamo! Nguva yenyu yaswedera.

68 Bharamu, akanga akazodzwa noMweya mumwe chete waiva pamusoro paMosesi. Mutsauko wakanga uri papi? Dzidziso yaMosesi yakanga yakakwana. Bhaibheri rinoti pano muna Petro Wechipiri, rinoti "dzidziso yaBharamu" iyo Israeri yakagamuchira, Mwari haana kuvaregerera. Chivi chisingagoni kuregererwa! Hapana kana mumwe wavo wakaponeswa, kunyange vakanga vabuda vari pasi pemaropafadzo aMwari, vakaona ruoko rwaMwari ruchishanda nemuporofita mukuru uyu, uye vakaona kusimbisa chaiko kwaMwari. Uye, nokuti, mumwe muporofita wakauya aine dzidziso, inopesana, uye achiita nharo naMosesi, uye achiedza kuratidza vanhu kuti Mosesi wakatsauka. Uye Dhatani, Kora, nevazhinji vavo, vakabvumirana naye vakadzidzisa vana vaIsraeri kuita upombwe, kutevera sangano iri, vachiti, "Takangofanana tose."

"Chero tiri veMethodisti, Bhapatisti, Presbheteriani, kana Pentekosta, nevakadaro, tose takangofanana."

69 Hatina kufanana! Muri vanhu vakapatsanurwa, vatsvene vaShe, vakapirwa kuShoko noMweya waMwari, kuti mubereke chibereko chevimbiso yaKe yezuva rino. Zvino hamuzi vavo! Ndinoziva kuti zvakasimba izvi, asi iChokwadi zvakadaro. Makapirwa kushumiro yemazuva ano okupedzisira! "Budai pakati pavo."

70 Zvino, "dzidziso yaBharamu," kwete chiporofita chaBharamu. Zvakanga zvakanaka. Aiva Mwari. Vangani vanotenda izvozvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Chiporofita chaBharamu chakanga chiri chechokwadi, nokuti hapana zvimwe zvaaigona kutaura. Chizoro chaMwari hachaigona kutaura zvimwe zvinhu, uye Mwari wakachisimbisa achiratidza kuti chaiva chokwadi. Asi yaiva "dzidziso yaBharamu."

71 Zvino enzanisai izvi naMateo 24:24. Vazodziwa, asi dzidziso yavo iri yenhema. Veumwari utatu, nezvese zvinhu zvakadaro; zvakatsveyama, ndiantikristu!

Ndinotarisira kuti hamugumbuswi mumanzwiro enyu. Zvino musavhara, foni dzenyu. Uye musasimuka muchibuda panze. Ingogarai chete, tione kuti Mweya Mutsvene hauzvizaruri here kwatiri, nokuzvisimbisa kwatiri. Unoti, "Asi izvi . . ." Chero zvaunenge wangotenda, ingogara uterere. Uye ukumbire Mwari kuti azarure mwoyo wako, zvino uchazoona kuti uri sosovori here, kana kuti rukato, kana kuti chimwe chauri. Maona?

72 Zvino, kunyange Judhasi, "akatemerwa kukurashwa," wakagarapo pamberi paJesu. Jesu akamuudza kuti, "Ndiwe munhu wacho. Chose chaunoda kuita, uye chose chaunofanira kuita, enda ukurumidze kuchiita." Iye achiziva zvaakanga achida kuita, asi, nokuda kwemapisi makumi matatu esirivheri, nomukurumbira, akatengesa Ishe Jesu Kristu. Mumwe wavadzidzi vaKe, mubati wehomwe wechechi, Jesu wakamudaidza kuti "shamwari" yaKe. Maona? Bhaibheri rakati, "Wakazvarwa ari mwanakomana wokurashika," sezvakangoita Jesu akazvarwa ari mwanakomana waMwari. "Kunyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka."

73 Cherechedzai zvakanyanya tichienderera mberi nokunzvera kwedu. Ngatitore chimwe chiitiko, muBhuku raMadzimambo paiva ne—nemuporofita, zita rake wainzi Mikaya. Waiva mwanakomana waImura, uye waiva muporofita. Ndizvo zvaaiva.

Uye paivazve nomumwe muporofita, mukuru wesangano ravaporofita vakazodzwa. Bhaibheri rakati vaiva "vaporofita," sezvaAkangotaurawo kuti Bharamu waiva muporofita, vazodziwa.

Uye paiva nomumwe wavo wainzi Mikaya, wakanga akazodzwa naMwari uye akatumwa naMwari, neShoko raMwari.

Paiva nomumwe, Zedhekia, wakafunga kuti wakatumwa naMwari. Wakanga akazodzwa naMwari, asi dzidziso yake yaipesana neShoko raMwari. “Vanosimuka, vanaKristu venhema, voratidza zviratidzo zvikuru, zvaigona kunyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.”

74 Cherechedzai, vose vari vaviri, vose vakazodzwa. Zvino, unozoziva sei kuti uyu ndowazvokwadi, uye uyu wakatsauka? Cherechedzai zvakavimbiswa Ahabhu neShoko. Muporofita wakavapo iye asati avapo, waiva Eriya, mumwe wavaporofita vakurusa vezera, waiva muporofita akasimbiswa. Muporofita wakasimbiswa uyu wakati, “Nokuti Ahabhu wanga aita chakaipa ichi, imbwa dzaizonanzva ropa rake; paakauraya Nabhoti. Uye kuti imbwa dzaizodya Jezebheri, uye . . . uye mutumbi wake waizova ndove yesango.” Zvino, ungaropafadza sei chatukwa naMwari? Kana kuti ungatuka sei, sezvakataurwa naBharamu, charopafadzwa naMwari? Maona?

Asi vaporofita ava vakanga vakaperera. Hapana kupokana kuti vaiva vanhu vakanaka, varume vanoremekedzeka. Nokuti, kuti uve muporofita muIsraeri, unofanira kuva unoremekedzeka, kana kutongova muIsraeri. Kana waisadaro, waitakwa namatombo. Vaiva varume vanoremekedzeka. Vaiva varume vakachenjera. Vaiva varume vakadzidza. Vaiva vasanangurwa vaAhabhu, vomunyika iyi. (Mazviona, Hanzvadzi Wright?) Vasanangurwa vomunyika iyi, vakanyatsokodzera ku . . .

75 Saka zvino, Mikaya paakaona chiratidzo chake, wakaziva mumwoyo make zvakanga zvataurwa neShoko, asi waida kuona kuti Mweya waiva maari waizoti chii.

Saka vakamuudza, vakati, “Iwe taura chimwe chete chataurwa navamwe vaporofita ava. Kana wadaro, sei, uchava, tinokupinza mukuyanana nevamwe, zvakare, pasina kupokana. Waona? Tinokuita mumwe wedu. Tinokutora tokudzoserazve musangano redu. Uri . . . Tinoziva kuti uri muporofita, asi unogara uchingotaura zvinhu zvekutuka. Unogara uchingotuka Ahabhu. Zvino, Zedhekia, mukuru wavo, papa, kana kuti . . . ” chero zvaaiva. “Zvino wakaropafadza Ahabhu, akati, ‘Endai munozviita.’ Zvino unotaura chinhu chimwe chete, Imura. Sei, unongova munhu murombo. Hauna ungano, zvachose, tingangoti. Uye varume ava vane mamiriyoni. Nyika ino yose inovada. Zvino iwe utaure sezvavataura, wona zvaungaita, ucha—uchadya upfumi hwenyika.” Ari kutaura nemunhu asiri iye apa!

76 Ko dai pakanga panzi, “mungawanira here Zedhekia mhosva, Mikaya?” “Kwete.” “Makambomubata here ari

muchivi?" "Kwete." "Makambomunzwa here achituka munhu?" "Kwete." "Makambomubata here akadhakwa?" "Kwete." "Munopokana here nedzidzo yake?" "Kwete." "Munotenda here kuti dhigirii rake roudhokotera nderenhema?" "Kwete." "Munotenda here kuti Ph.D. ya—yake ndeyamazvirokwazvo?"

"Chaizvo. Yakabva kukanzuru yeSanhedrin; ndinofungidzira kuti yose ikanzuru, ndinofungidzira kuti ndizvo."

"Zvakanaka, zvino, munodii kubatana naye?"

"Nokuti haazi paShoko!"

77 Zvakanaka, tichaita mangange azvo, nokudaro, sezvakaita Eriya muporofita wakavatangira. Uye kana uri mwana waMwari, unogara nemuporofita weBhaibheri iri. IShoko. Cherechedza nguva, mwaka.

78 Zvakanaka, ko dai Zedhekia akati, "O, ndinoziva kuti muporofita wakadaro, asi zvakanga zviri zvechizvarwa chiri mberi. Zvichazova zvenguva refu kubva zvino"?

Akati, "Mirirai kusvika ndatanga ndaona chiratidzo kubva kuna Mwari, zvino ndozokutaurirai."

Akati, "Saka iwe wotauraka chinhu chimwe chete?

Iye akati, "Ndichataura bedzi izvo zvinenge zvataurwa naMwari; hapanazve chimwe, hapana chinopfuura ipapo. Handingawedzeri shoko rimwe kwaRiri, kana kubvisa Shoko rimwe kubva kwaRiri."

Saka usiku ihwohwo, mumunamato, Ishe akauya kwaari muchiratidzo. Akabuda mangwana mangwanani, ndokuti . . .

Havanoi vaporofita vaviri!

79 Munhu mukurusa munyika, mune zvehondo nezvaionekwa nenyika, waiva Zedhekia. Ndiye waiva muporofita mukuru, wamambo. Ndiye wakanga ari mukuru wevamwe vaporofita vose, vesangano. Sangano rake, rakamuita, mukuru wavo vose; pamwe ndiye wakanga akanyanya kudzidza, wakanga akanyanya kuverenga, wakanga akakodzeresa kuva pabasa iri. Uye wakanga akazodzwa noMweya Mutsvene, nokuti ari kunzi "muporofita." Zvirokwazvo, akanga asingori muporofita wamazuva ose, waiva muporofita wechiHebheru. Zvino chimucherechedzai.

80 Zedhekia akati, "Ishe wakataura neni, 'Ndigadzirirei nyanga mbiri dzesimbi,' mufananidzo." Muporofita kazhinji unopa mifananidzo. "Iye akati, 'Ndiitirei nyanga idzodzo dzesimbi.' Mweya Mutsvene wakati kwandiri, 'Tora idzi,' Chizoro chakandiropafadza." Musafunga kuti ichi chipiriso, asi kuti chataurwa chipinde. "Mweya Mutsvene unotaura nendimi nomandiri, Uyo wakandisimbisa, Wakanditi, 'Tora nyanga idzi, zvino, nadzo, taurira mambo kuti uchadzinga Siriya chose

kubva munyika iyi. Uye ndichamudzorera nyika yakafanira kuva yaIsraeri, chechi.'"

Hama, izvi ndozvekutanga nazvo chaizvo, sezvakanga zvakangoita Bharamu ari kumusoro uko. Bharamu waingotaura zvokutanga nazvo chaizvo sezvaingoita Mosesi. Mosesi... Nhamba chaiyo yaMwari inomwe. Zvino Bharamu wakati, "Ndivakirei aritari nomwe; zvipiriso zvinomwe zvakachena, nzombe, nemakondobwe manomwe." Izvo zvaitaura pamusoro pokuuya komwanakomana waMwari. Pane zvokutanga nazvo, wakanga ari mugwara sevamwe vose.

81 Zvino hepanoi tina Zedhekia, ari mugwara pakutanga, "Nokuti nyika iyi ndeyedu. Sei, VaSiriya neVaFiristiya vachigutsa matumbu avo, evana vavo neakadaro, vavengi vedu, nezvokudya zvisingatowanikwi nevana vedu! Apo, Mwari akatipa nyika iyi!"

Hama, igakava rakanaka iro. Ndinofungidzira kuti waigona kuzvidanidzira pamberi peIsraeri, uye ivo vaigona kudanidzira sokukwanisa kwese kwavaigona. Zvino, ndiri kutaura pamusoro panhasi. Ndinotarisira kuti muri kunditevera. Kudanidzira kose, kuzhambatata!

82 Munorangarira Dhavhidhi Svondo rapfuura? Maona? Imi muri kunze uku munoterera paredhiyo, kana vanonzwa nekubatanidzwa pafoni; hamuna kunzwa mharidzo yeSvondo, ivai nechokwadi kuinzwa. *Kuedza Kuitira Mwari Basa Usina Kuzodzwa Kuti Uriite*, zvisinei kuti wakaperera sei, wakanaka, Mwari haazvigamuchiri. Maona?

Zvino, pano Zedhekia, waifunga kuti ari mugwara.

83 Mikaya wakati, "Regai ndibvunze Mwari." Saka wakazodzikako mangwana mangwanani aine ZVANZI NAJEHOVHA. Akaenzanisa chiratidzo chake neShoko.

84 Zvino dai akati kuna Zedhekia, "Unoziva here kuti muporofita weBhaibheri wakataura kuti chii chichaitika kumurume uyu?"

85 "Asi kwete panguva ino, nokuti munhu uyu munhu anoremekedzwa. Ari kuedza." Musatadza kubata izvi. "Ari kuedza kudzorera kuchechi zvinhu zvinofanira kuva muchechi. Ari kuedza kuvadzorera zvinhu zvavo," kwete zvinhu zvepaMweya; dai zvaidaro, angadai akazunza rudzi rwose sezvakaita Eriya. Asi, aiedza kuvapa zvinhu zvinobatika, "Tiri varidzi vezvinhu izvi. Tiri sangano guru. Tiri nhengo dzaro. Isu tose, imi mose vanhu, imi maProtestant, mose munofanira kubatana nesu." U-hu.

Tiri kusvika ipapo munguva shoma. "Dzose ihama nehanzvadzi, zvakadaro." Hadzisi! Hadzina kumbova uye hadzisi kuzombova, pachechi yaMwari yamazvirokwazvo. Hazvigoneki!

86 Cherechedzai, wakaona chiratidzo. Saka iye wakati, “Mwari wakataura neni.” Zvino, Tarirai, murume uyu wakanga akaperera. Akati, “Iye akati, ‘Gadzirai nyanga idzi, mogoinda pamberi pamambo mugodzitungisa makatarisa madokero,’” kana kuti divi ripi haro kwainge kune nyika iyo kubva pavakanga vakamira. ‘“Tungai, uye inobva yava ZVANZI NAJEHOVHA, yokuti ari kundokunda ozodzoka, kukunda kwechechi.’ Ari kundovadzinga vobva vabuda!” Zviri pedyo kwazvo izvi, handizvo here? Chii changa chanetsa?

Hepanoi Mikaya wauya. Ndokuti, “Zvino iwe chipa chiporofita chako.”

87 “Endaiko! Asi ndaona Israeri samakwai, akapararira, asina mufudzi.” Hwiu! Chaizvo-chaizvo zvinopesana.

88 Zvino, ndimi ungano. Zvino ndoupi ari mugwara? Vose vari vaviri, vaporofita. Nzira bedzi yaunogona kuona mutsauko mavari, ndeyokuti, enzanisa neShoko.

Akati, “Wakazviwana sei izvi?”

Iye akati, “Ndakaona Mwari akagara paChigaro.” Akati, “Ndakaona dare rose rakaMukomberedza.”

89 Zvino rangarirai, Zedhekia wakangoti wakaona Mwariwo, uye uri Mweya mumwe chete. “Ndakaona Mwari. Wakandiudza kuti ndigadzire nyanga idzi dze—dzesimbi. Buda uko ugotunga ndudzi idzi dzibudemo, nokuti iyi ndeyedu. Vamwe ava havana mvumo yokuti vavemo.” Vangadai vakagaramo dai vakaramba vakamira naMwari. Ingadai iri yavo, asi vakabva pana Mwari.

Ndozvazviri musangano, chechi. Ine mvumo pazvinhu izvi, asi makanyengerwa mukabuda mairi, nokuti makabva paShoko raMwari noMweya waMwari, chizoro, chinosimbisa Shoko remwaka. Musatadza kubata Mharidzo ino.

90 Cherechedzai zvakaitika zvino. Iye akati, “Ndakaona Mwari,” ndiMikaya, “akagara paChigaro kuDenga. Dare rake rakaMukomberedza. Iye akati, ‘Ndiani angaburuka kuti andonyengedza Ahabhu, kuita kuti mashoko aEriya ave echokwadi; muporofita waNgu wakasimbiswa. Ndakataura kuti uchauya. Uye Eriya waiva neShoko raNgu. Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haritongokundiki. Hazvinei kuti vava vechimanjemanje zvakadini, kana kuti vanaka zvakadini, kana kuti vadzidza zvakadini, kana kuti vakuru zvakadini, Mashoko aNgu haangatongokundiki.’

“Zvino mweya wokunyepa wakasimuka kubva kugehena, ndokubva wapfugama namabvi awo, ndokuti, ‘Kana Mukangonditendera, ndinogona kuvazodza nechizoro changu, kuti vaite chero mhando ipi zvayo yechiratidzo kana chishamiso, chero bedzi ndangovabvisa paShoko. Haazombozivi kuti Iro iShoko reNyu. Uchashaya hanya naRo, achida mukurumbira.’” Hama, nguva hadzisati dzamboshanduka. Hama Neville, icho

ichokwadi. Munorangarira, icho ichokwadi. "'Ndichaenda pamusoro pake, kuti aite zvinhu zvimwe chete zviri kuitwa nevamwe vose. Ndichamuita kuti aporofite, uye achinyepa.'" Kwaizova kunyepa sei? Nokuti zvaipesana neShoko.

91 Ukatora chero rwupi rubhabhatidzo rwenhema, *chakati-nechakati-nechakati* chenhema, handina basa nokuti zvinoita sezvamazvirokwazvo sei, kuti vanoedza kutevedzera zvakadini, izvozvo kunyepa kana zvichipesana neShoko raMwari renguva ino. Ndizvozvo chaizvo.

Iwe woti, "Zvakanaka, zvedu, zvakanaka, takaita *izvi,* uye takaita *izvi*, uye chechi yedu yakamira nenzira *iyi*, ne*iyo*."

Handina basa kuti chii. Kana zvichipesana neShoko rakanyorwa renguva ino, kunyepa. Mwari haazovi nechokuita nacho, zvisinei kuti vakaperera sei, vakadzidza sei, vakachenjera sei, zvinoita sechokwadi sei, zvinoita sezvine pfungwa sei, kana zvichingopesana neShoko renguva ino. Tichapinda mazviri muudzamu mumaminetsi mashoma ari kutevera, nguva ichititendera. Tikasadaro, tichazvitora zvakare usiku huno.

92 Cherechedzai, wakanga akaperera, waiva munhu akanaka, pasina kupokana. Uye akati . . . Zvino, zvikasadaro, Mikaya akadaro kwaari, kwete pachiso chake chaipo, asi nemamwe manzwi, "Wakazodzwa nomweya wokunyepa." Hazvingavi izvo here zvokuudza mubhishopi? Asi wakazviita.

93 Uye zvino mubhishopi uyu wakafamba akauya akati, "Hauchazowana kuwadzana navamwe zvakare," ndokubva amurova kumeso. Ndokuti, "Unoziva kuti ndiri munhu akasimbiswa. Chechi yangu yakandiita mukuru wayo, wechinhu ichi. Sarudzo yezvinodikwa navanhu vaMwari ndiyo yakandiita izvi. Sangano rangu rakandiita izvi. Uye Mwari wakatipa nyika ino, uye Anoda kuti ive yedu. Uye ndine ZVANZI NAJEHOVHA." Akamurova, ndokuti, "Mweya waMwari waenda nepi paWabva pandiri?"

94 Mikaya akati, "Uchazviona, rimwe remazuva ano," apo California painenge yava pasi mugungwa uko, nezvose izvi. Waona? "Uchazoona kuti Wakaenda nepi, paunenge wava mumajere omukati."

95 Zvino, Ahabhu, ko unoti kudii? "Ndinotenda muporofita wangu," akadaro. Ko dai akanga anzvera Shoko? Maona, akanga asingadi kuzviona akatukwa. Ndinzwei! Wakanga asingadi kuzviona akatukwa. Hakuna munhu anoda.

Uye sanga . . . hama yesangano, ndiro dambudziko raunaro. Unoda kufunga kuti uri mugwara, apo, uchiziva mumwoyo mako, kuti paunobhabhatidza uchishandisa zita ra "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," uri kunyepa. Unoziva kuti pauno . . . noti izvo zvinhu zvauri kuita, uye uchitora zviratidzo zvokutanga, nezvose zvinhu zvakadaro, uri mukukanganisa.

Ko kutaura nendimi kungagova sei chiratidzo chokutanga, wozotaura zvinopesana nevimbiso yaMwari yenguva ino? Zvingagova saizvozvo sei? Haudi kutukwa, unoda here? Asi *Pano* pakanyorwa, saka zvichava saizvozvo. Ndiwo mucherechedzo wechikara, zviri pedyo zvakanyanya zvekuti dai zvaikwanisika zvaigona kunyengera Vasanangurwa.

96 Chiratidzo chese, chishamiso chese, murume akazodzwa, chiporofita, nezvose zvinhu izvi zvichiratidzwa; nemhando dzose dzezviratidzo, nemhando dzese dzezvishamiso, ko uchaziva mutsauko sei? Cherechedza paShoko renguva ino. Ndiwo matorero . . .

97 Cherechedza Mosesi, kuti waigona kunge akaudza Bharamu. Cherechedza Mikaya pano, takaziva sei kuti wanga ari mugwara? Shoko, rakamutangira, rakanga raporofita izvozvo pamusoro paAhabhu.

Uye Shoko, rakatitangira, rakaporofita masangano awa ezuva ranhasi, uye kutukwa kuri pamusoro pawo. Uye zvinhu zvaizotora nzvimbo zvichiitwa neChechi yaKe yakazodzwa zvechokwadi, inenge iine Shoko, Mwenga weShoko. Hezvo tave pano. Hezvinoi, nhasi, zviri sezvazvaiva.

98 Bhaibheri rakati, "Mumiromo yezvapupu zviviri kana zvitatu shoko rose ngarisimbiswe." Ndataura nezvaBharamu, ndataura nezvaBharamu uye nezvaMosesi. Uye ndataura zvino nezvaMikaya naZedhekia. Zvino ndopa mumwe zvakare. Uyo, pane mazana avo, asi mumwe chete, kuita kuti zvive zvapupu zvitatu. Ndine mundandanda wavo wandakanyora pano; asi kuti tichengetedze nguva.

99 Jeremiya uyo wakanga akasimbiswa, wakarambwa, asi ari muporofita waMwari wakasimbiswa. Vakavenga murume uyu. Vakamupotsera nemichero isina ku . . . yakaibvisa, nezvose. Iye akareva kutukwa pamusoro pavo. Uye zvinhu zvaakaita, achirara nemativi ake, uye zvimwe, uye akapa zviratidzo zvokuti Israeri yanga yatsauka.

Muporofita wose, muporofita wechokwadi wakambomuka panyika, wakatuka masangano echechi. Zvingagosanduka sei, pana Mwari asingashanduki?

100 Mweya Mutsvene ndiye Muporofita wenguva ino; Iye ari kusimbisa Shoko rake, achiratidza zvaRiri. Mweya Mutsvene ndiwo waiva Muporofita munguva yaMosesi. Mweya Mutsvene ndiwo waiva Muporofita munguva yaMikaya. Mweya Mutsvene, uyo wakanyora Shoko, unouya wotsigira Shoko.

101 Zvino zvii zvakaitika munguva yaMikaya? Ahabhu wakaurayiwa, uye imbwa dzakananzva ropa rake, zvichienderana neShoko raMwari.

Imi mose vadzidzisi venhema, ndizvo zvinotaura Mwari, rimwe zuva muchakohwa zvamuri kudyara, imi mapofu

ari kutungamirira mapofu! Handina kugumbuka. Ndiri kungokuudzai chete Chokwadi. Uye ndingadai ndisina kuzvitaura dai kumusoro uko, muimba iyo, dai Mweya Mutsvene usina kunditi, "Zvitaure nenzira iyoyo." Ndati ndambokuudzai here chinhu chemanyepo kunze kweicho Mwari chaanotsigira kuti chakarurama? Mukai, hama dzangu, nguva isati yapera!

102 Asi regai nditaure izvi. Ko munzwa ungamuka sei mangwana wava rukato, iwo wakatemerwa kuva izvozvo? Ko Vasanangurwa vangagotadza sei kuzviona izvi? Nokuti, makasarudzwa kuti muzvione. "Vose vandakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri," Jesu akadaro, "asi hapana kana mumwe chete wavo ungauya kunze kokunge Iye akamupa kwaNdiri nheyo yenyika isati yavapo, apo mazita avo akaiswa muBhuku roUpenyu reGwayana," kwete bhuku rechechi, asi Bhuku, Bhuku reUpenyu reGwayana.

103 Cherechedzai, Jeremiya akasimuka, akasimbiswa pamberi pevanhu, asi vakamuvenga.

104 Saka vakabuda ndokunogadzira joko, iye ndiye akazviita, ndokuriisa muhuro yake, ndokunomira pamberi pevanhu. Ndokubva vati, "O, tiri vanhu vakuru vaMwari. Sei, tiri Israeri. Takaperera zvokuti musinagoge redu! Tinopinda Svondo rega rega, isu, tinopira zvipiriso, uye tinobhadhara mari dzedu. Ko Nebhukadhineza ungagobata sei zvinhu zvitsvene zvaMwari?" Hwe! Zvivi zvenyu ndizvo zvakazviita.

Mwari wakati, "Kana mukachangeta mirairo yaNgu, haNdizoiti izvi. Asi, kana mukasazviita, izvi zviri kuuya kwamuri." Ndizvozvo chaizvo. Zvichiri zvimwe chete. Chengetai mirairo yaKe, Shoko raKe renguva, raAkavimbisa.

105 Zvino cherechedzai. Zvino, Jeremiya, nokuda kwaMwari, waiva muporofita wakasimbiswa, kunyange akavengwa . . . Mumwe nomumwe wavo wakavengwa mumazuva ake. Vakaita zvinhu zvinoshamisa zvaipesana nemasangano ezuva iroro, munhu wese akamuvenga, kunyange madzimambo navose. Saka wakaisa jo—joko pahuro pake, uye ndokuti, "ZVANZI NAJEHOVHA. Muchange muriko kwemakore makumi manomwe," nokuti wanga azvinzwisisa kubva muShoko raMwari. "Makore makumi manomwe!"

106 Zvino Hananiya, Hananiya, ndinofungidzira kuti munoritaura muchiti, H-a-n-a-n-i-y-a. Hananiya, muporofita pakati pevanhu, wakauya, ndokubvisa joko pahuro yaJeremiya, ndokurityora. Ndokubva ati, achida kuita munhu muhombe pakati pevanhu, maona, iye apo achitaura zvinopesana neShoko raMwari. Iye ndokubva ati, "Makore maviri vanenge vadzoka. ZVANZI NAJEHOVHA."

Vaporofita vaviri vakazodzwa. Siyano mavari yakanga yakamira sei? Mumwe waiva neShoko raitaura, mumwe wanga asina. Jeremiya wakati, "Ameni."

107 Pamberi pevakuru vose neungano, Israeri yose, maona, aida kuratidza kuti aigona kuva mukuru saJeremiya. “Unoziva kuti havakudi, kunyange zvakadaro. Saka ini ndiri muporofitavo. Ndiri muporofita anopfuura iwe, nokuti uri kuporofita nhema. Unondiudza kuti vanhu vaMwari vari kuzova pasi pechinhu *chakati-ne-chakati*?”

Ndizvo zvavanotaura nhasi, asi muchange muriko saizvozvo, sechechi. Makatukwa nechituko. Imi mose machechi, masangano ari kubatirira patsika dzevanhu pachinhambo chepaShoko raMwari, makatukwa naMwari.

108 Zvino cherechedzai, houno wauya. Hananiya wabvuta joko iri kubva pahuro yake, mufananidzo waMwari, ndokurityora, ndokubva ati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Makore maviri vanenge vadzoka.” Achingoita zvokushamisira, “ndini *Nhingi-ngana*.” Nokuti wakamiramo, waiva muporofita wesangano.

109 Jeremiya wakanga ari munhu wemurenje aigara oga. Waiporofita zvakaipa pamusoro pavo nguva dzose, nokuti vakanga vakaipa.

Uye murume uyu waivaudza, “O, uri mugwara kana uchingova nhengo chete. Kana uchingova Israeri, ndizvo zvinodikanwa chete. Waona, iwe, isu. . . Mwari haasi kuzoita izvozvo. Ndinoziva kuti pane chimwe chinhu chidiki chakaitika pano, asi musavhundutsirwa, uye musatya.”

O, hama, vachiripo vapenyu nhasi. “Usashushikane, zvose zviri mugwara. Zvose zvakanaka. Tisu Chechi.” Usafunga nezvazvo. Hongu.

110 Saka akati, “Zvose zvakanaka. Vachadzoka mushure memakore maviri. Ndicho chinhu chiduku chaitika. Hachisi chinhu chitsva. Tinazvo izvo. Nebhukadhinezari wakauya pano, asi Mwari wedu anogadzirisa zvose izvi.”

Asi Shoko rakati vachange variko makore makumi manomwe; kusvikira chizvarwa icho chapera, uyei chimwe chizvarwa. Makore makumi mana ndicho chizvarwa. “Apa muchange muriko mazera anokarosvika maviri.” Uye Jeremiya wakataura izvi zvichienderana neShoko raMwari.

111 Hananiya wakazvityora! Jeremiya akati, “Zvakanaka. Ameni. Asi, Hananiya, ngatirangarirei izvi, tose tiri vaviri tiri vaporofita. Tiri vashumiri.”

Uye ndinotaura izvi kwauri, hama yangu. Ngatirangarirei kuti kwakava nevaporofita vakatitangira, uye vakaporofita vachipesana nehumambo, uye vakaporofita vachipesana nezvimwe zvinhu. Asi, rangarira, muporofita kana akataura chinhu, unofanira kuporofita zvinoenderana neShoko. SaMikaya, uye Mosesi, navose vavo. Zvinofanira kuenderana neShoko. Kana zvikasadaro, zvino rangarirai zvakaitika.

112 Zvino, Hananiya, hasha dzake dzoutsvene dzakasimuka. "Ndini Hananiya" (pasina kupokana), "muporofita waShe, zvino ndinoti, 'Makore maviri.'" Nemamwe manzwi, "Handina basa nokuti Shoko rinoti chii." Chizoro chake, "Ini ndati, 'Makore maviri, vanenge vadzoka.'"

113 Jeremiya wakabva pamberi pake, ndokubuda, akati, "Ishe, handina basa nokuti wati chii, ndichiri kungotenda uye ndinoziva kuti Shoko rinotaura izvozvo. Ndicharamba ndakatendeka kwaMuri. Handisi kuzonyengedzwa naye."

114 Mwari wakati, "Enda unoudza Hananiya, 'Ndava kuzoriita nesimbi, joko rinotevera.'" Nokuti wakaita izvozvo, wakabviswa kubva panyika, Hananiya, gore iroro.

Heyo mienzaniso yedu, vose vari vaviri vaporofita. Vazhinjivo vanogona kudomwa nokutaurwa nezvavo panguva ino.

115 Asi cherechedzai. Jesu akati, munguva ino yokuguma, zvakare, mweya miviri iyi ichange iri pedyo napedyo zvakanyanya zvakare. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino cherechedzai. Zvinova pedyo napedyo kupfuura zvazvaiva. Ano magumo enguva. O, vana! Mwari ngaatinzwire tsitsi! Kusvikira, "Zvichange zvichiratidzika sezvamazvirokwazvo zvokuti dai zvaigoneka zvainyengera naVasanangurwa chaivo." Zvino uchaita sei, akazvitaura sei mumazuva iwawo? Iwe uchazvitaura sei muzuva ranhasi? Nenzira imwe chete, gara neShoko, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

Zvino iva nehanya neMharidzo yose iyi. Uye paunoterera tepi iyi, kunyange dzimwe nguva ndinenge ndaenda rimwe zuva Ishe apedza neni pano panyika, unozotarisazve pane zvizvi. Tererai kuinzwi rangu, zvandiri kukuudzai. Kana akanditora Kuuya kwaKe kusati kwaitika, ingorangarirai, ndataura kwamuri muZita raShe, neShoko raMwari. Hongu.

116 Cherechedzai, "Zvinenge zviri pedyo napedyo zvakanyanya zvokuti zvaigona kunyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka," vachiita zviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete, noMweya mumwe chete. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Sezvakangoita vaporofita vatichangopedza kutaura pamusoro pavo, vaporofita. Zvino, kwakanyorwavo . . .

117 Ngatipavhurei, pane uyu, kana uchida, Timotio Wechipiri 3. Iyi ngatisaisiya. Uye handidi ku . . .

118 Ndatarisa pawachi pamusoro apo, uye ndi—ndinoda kusiya zvizhinji zvacho, uye handifungi kuti tinofanira kuzviita iko zvino. Maona? Cherechedzai. Kungoti . . . Kana ndakamira pano, ndichidikitira sezvandiri kuita, munoona, asi ndiri kufara. Uye ndinoziva kuti ichi ichokwadi. Timotio Wechipiri 3:8.

119 Pauro, munhu akati, "Kana Ngirozi ikabva kuDenga ikataura rimwe shoko kwamuri risiri randakataura kwamuri, ngaive yakatukwa," zvino, Mutumwa akaburuka. Ndiyo VaTesaronika veChipiri . . . O, ndine urombo.

120 Cherechedzai muna Timotio weChipiri 3:8. Cherechedzai Pauro achitaura zvino. Ngatitangirei pa . . . Ngatitangirei pandima yokutanga, uye mutererese zvino. Imi muna maBhaibheri enyu, tiverengei tose nemi. Imi musina maBhaibheri enyu, tereresai. Cha . . .

> *Zivavo izvi, kuti namazuva okupedzisira . . .*

Simbisai izvi, "mazuva okupedzisira." Ndipo pazvichaitika.

> . . . *nguva* dzenjodzi *dzichasvika.* (Tatova maari.)

> *Nokuti vanhu vachava vanozvida,* vanokarira zvinhu, *vanozvirumbidza, vanozvikudza,* vanomhura, *vasingatereri vabereki, vasingavongi, vasati vari vatsvene,*

121 Tarisai boka ratinaro iri nhasi, rakaora. Kunyange varume mumugwagwa kunze uko, majaya, vanokama vhudzi richidzika nepahuma dzavo, rakarembera somudzimai. Zvakatsveyama! Ingochani!

122 Makamboverenga here mugore rino, mu*Reader's Digest* romwedzi uno? Rakati, "Vanhu vomuAmerica vasvika pazero," ndinofungidzira kuti raiva, "pakati pemakore makumi maviri nemakumi maviri nemashanu amakore okuberekwa, muchimiro chavo vanenge vatosvika pazera repakati nepakati pokurarama." Vatopera! Vakaora! Sainzi inotaura kudaro, kuti murume anenge atosvika pazera rake repakati napakati, uye nomudzimai, apo pavanenge vachangopfuura makore makumi maviri. Mitumbi yavo yanyatsoora uye yakapirwa kutsvina.

123 O, America, Mwari angadai akakuvhumbamira zvakadini, asi nguva yako yasvika! Unotungamirira pasi rose mutsvina.

> . . . vanomhura, *vasingatereri vabereki, vasingavongi, vasati vari vatsvene, Vasina* rudo *chairwo,* . . .

Havana rudo chairwo mumwe kune mumwe, murume kumudzimai, mudzimai kumurume. "Vasina rudo chairwo." Tsvina, pane zvokusangana komurume nomudzimai!

> . . . vasingachengeti chibvumirano, *vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane hasha,* uye vanozvidza vakarurama, [KJV—Mupepeti.]

Nemamwe manzwi, tingati, "Imi boka ravaumburuki." Mumwe munhu akabvunza mumwe musi maererano nokuuya kuno kuchechi. Akati, "Usaenda ikoko. Zviripo chete apa iboka guru reruzha uye kungoenda zvakadaro."

Maona, "vanozvidza avo."

> *Vanonyengera,* vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro*, vanofarira* zvinofadza zvenyika *kudarika Mwari;*

Iwe woti, "Hama Branham, avo makommunisti." Ko ndima inotevera inoti chii?

> *Vano mufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi* (chii?) vachiramba simba raro: [KJV—Mupepeti.] (Shoko, Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, akaratidzwa, vimbiso yezuva ranhasi) . . .

Sezvakaitwa naHananiya chaizvo chaizvo, sezvakaitwa naZedhekia chaizvo chaizvo, sezvakaitwa naBharamu chaizvo chaizvo, tichidzokera shure, vamwe vaporofita venhema.

> *Vane mufananidzo bedzi* wehumwari, vazodziwa . . . Maona?

> *Vane mufananidzo bedzi,* vazodziwa, vashumiri vakazodzwa . . .

> *Vane mufananidzo bedzi* wehumwari, asi vachiramba kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi . . . Vachiramba Shoko raKe!

Vakaramba Jesu sei muzuva riya? Vakaramba ani pavakaramba Jesu? Shoko. Vaiva vanamati. Vaidzidzisa kubva muBhaibheri ravo, asi vachiramba Shoko rezuva-iroro.

Vari chii nhasi? Chinhu chimwe chete, vazodziwa, vachiparidza Evhangeri repentecosta, asi vachiramba kuti vimbiso yezuva-iroro yeShoko iri kusimbiswa, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Munozviona here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

> Nokuti ava ndivo vanoverevedza mudzimba, [KJV—Mupepeti.] *uye vachitapa . . . zvikadzi* zvakapata *zvakaremerwa* nezvivi*, zvinokwebwa* no*kuchiva kuzhinji,*

"Mapati edu okusona uye *chakati-ne-chakati* chedu." Mumwe munhu wakauya ndokuedza kududzira Shoko nepasipo, achiti, "Zvakanaka, hanzvadzi, kuti ugere bvudzi rako. Usaterera kamupengo aka. Maona? Kana kuti uka—ukapfeka ichi; hazvisizvo, 'ndezvinobuda mumwoyo womunhu zvinomusvibisa.'" Maona? Zvino unoona here kuti wakazodzwa nomweya wakaipa, weruchiva, wakasviba? Handina mhaka nokuti, unoimba mukwaya, kana une vhudzi pfupi, une mweya wakaipa. Izvo zvinopesana neShoko. Ndizvozvo. Ndizvo zvakarehwa neBhaibheri. Zvino iwe woti, "Zvakanaka, ini ndinopfeka zvikabudura. Hazvindipomeri."

"Wese zvake, mudzimai akapfeka hanzu yakafanana neyemurume, chinyangadzo pamberi paMwari." Mwari asingashanduki wakataura izvozvo.

124 O, zvinhu zvizhinji, tingapinda mazviri sei; nguva yedu ingatipfuura. Asi mava kuziva zvakakwana kusvikira pakuziva zvakarurama nezvakatsauka. Zvino ndingavaita kuti vazviite sei? Ndingazviita sei? Woti, "Zvakanaka, muri kudanidzira pamusoro pei?" Ndiri chapupu chinopesana nemi. Rimwe zuva, muZuva roKutonga, hamuzowani kana kona yokuvanda mairi.

125 Mikaya waigona kuzvimisa sei? Ko Mosesi ungaita sei; achidanidzira, achiedza kuzvimisa, uye Joshua nevamwe vachimhanya pakati pevanhu, uye Levi wakadhonza munondo wake ndokuvauraya, kunyange zvakadaro? Vakaramba vachingoenda zvakadaro.

Zvakafanotaurwa kuti vachazozviita. Uye vachazviita, nokuti iZVANZI NAJEHOVHA vachazviita. Munofunga kuti masangano achapatsanuka, sangano rawo rigodzoka kuShoko? IZVANZI NAJEHOVHA, havasi kuzodaro! Vachapinda here muna antikristu? Chaizvoizvo. IZVANZI NAJEHOVHA, vachadaro! "Saka uri kutaura pamusoro pei?" Ndinofanira kuva chapupu, uye newevo, vose vatendi. Cherechedzai.

> . . .*zvikadzi* zvakapata *zvakaremerwa* . . .*noruchiva ruzhinji,*

126 "Zvakanaka, madzimai mamwe ose anozviita." Vaporofita venhema! Zvino tererai. Vaporofita venhema, ndivo vandiri kutaura nezvavo. Zvino vachaitei muzuva rokupedzisira?

> . . .*vachitapa zvikadzi* zvakapata . . . *zvinotungamiririrwa noruchiva ruzhinji,*

"Zvakanaka, ndinoziva madzimai ose . . . " Zvakanaka, enderera mberi.

127 Ndingati chii pasati paitika chiitiko chikuru ichi muno muCalifornia? "Imi vanhu vari muno muLos Angeles, gore roga-roga pandinodzoka panenge pawedzera kuwanda madzimai akagera vhudzi uye varume vanoita sevakadzi vakawanda kupfuura pakutanga, vaparidzi vakawanda vachijoina masangano. Hamungawani pembedzo! Dai mabasa makuru akaitwa muSodhoma neGomora akaitwa mauri, ingadai yakamira nhasi. O, Kapernaumi, iwe unozvidana nezita rengirozi, Los Angeles!" Muri kuona zviri kuitika? Iri kudzika kuinda pasi penyanza. Rini? Handizivi kuti inodzika rini, asi iri kuenda. Imi vechidiki, ndikasazviona muzuva rangu, imi mucherechedze. Yaparara!

> *Zvinongogara zvichidzidza,* . . .*zvisingagoni kusvika pakuziva zvokwadi.*

Zvino hapanoi panovhundusa, hapanoi panovhundusa. Tererai izvi.

> Zvino *Jane naJambure sezvavakadzivisa Mosesi, saizvozvo ivo vanodzivisa zvokwadi: vanhu vane*

*ndangariro dzakavodzwa, vakarashika pakutenda* kwakadeya kupuwa vatsvene, chaizvo.

"Tichireva pakutenda." "Uye iye uchadzorera Kutenda kwemadzibaba, kana kuti kwevana, kudzokera kumadzibaba."

128 "Vakarashika paKutenda." U! Munoziva kuti *kurashika* zvinorevei? Kana mune Bhaibheri reScofield, pane *"h"* ipapo. Tichikwidza apo, pakanzi, "kurashika." Kurashika, ndozvazviri.

129 Zvino, kweminiti imwe chete. Ndinoda kutarisa chimwe chinhu pano. Ndinofunga ndakachinyora zvakanaka. Handina chokwadi, asi ndoda kuchitaura, ndombochitarisa ndisati nda—ndachitaura. Zvino, ndipeiwo miniti imwe. [Hapana chiri kutaura patepi—Mupepeti.] "Vakarashika paChokwadi, paKutenda." "Kutenda," pane Kutenda kumwe chete bedzi. Ndizvozvo. "Tichireva Kutenda, vakarashika!"

Zvino ndinoda kuverenga Ruka 18. Kweminiti. Haufaniri . . . Unogona kuinyora pasi; haufaniri hako kuiverenga.

*Zvino wakavaudza mufananidzo, wokuti vanofanira kunyengetera nguva dzose, vasingarashi . . . mwoyo;*

*Akati—akati, Mune rimwe guta makanga mune mumwe mutongi, wakanga asingatyi Mwari, kana* kuva nehanya *nomunhu:*

*Zvino kwakanga kune chirikadzi muguta* rimwe iro*; yairamba ichiuya kwaari, ichiti, Ndiruramisirei kumuvengi* wangu.

*Iye akamboramba—akamboramba kwechinguva: asi* mushure *akati mumwoyo make, Kunyange ndisingatyi Mwari, kana kuva nehanya nomunhu;*

*Asi nokuti* i*yi chirikadzi* inonditambudza, *Ndichairuramisira, kuti irege* . . . nokuuya kwayo irege kundinetesa. [KJV—Mupepeti.]

*Ishe akati, Inzwai zvinorehwa nomutongi usakarurama.*

*Ko zvino Mwari haangaruramisiri vasanangurwa . . . vake*, vanochema kwaari *masikati nousiku, kunyange achinonoka pamusoro pavo here?*

*Ndinoti kwamuri uchakurumidza kuvaruramisira. Asi Mwanakomana womunhu achisvika, uchawana kutenda panyika here?*

130 Zvino uyu ndiwo mubvunzo. Apa ndipo pandanga ndichida kusvika, muna Zvakazarurwa 10. Tichasvikapo mumaminitsi mashoma, kune imwe ndima yaMagwaro. Iye akati, "Mumazuva eMharidzo yomutumwa wechinomwe, chakavanzika chaMwari chinotofanira kupedziswa." Muvhunzo ndouyu, wokuti, kana ukatevera mutsetse uyu munguva ino, zvinofanira

kupedziswa here? "Ndichawana here Kutenda?" Maraki 4 ichange yazadziswa here munguva iyi, "Kudzorera kutenda kwevana, kuKutenda kwemadzibaba, kwekutanga, Shoko"? Maona?

131 "Vakarashika, Jambure naJane, sezvavakadzivisa." Zvino, zvakare, tererai, Timotio weChipiri 3:8. "SaJan-. . . vakadzivisa Mosesi, saizvozvovo mumazuva okupedzisira vokurashika vamwe chete ava vachauya," zvino onai apo paRinoti pano, "Vane mufananidzo bedzi wehumwari," vazodziwa. Zvino ngatimbo. . . Imi madzokera mu—muverenge kana masvika kumba, kuitira kuti ini ndipedze izvi, mangwanani ano, kana ndichigona. "Vakarashika pa . . . " Kwete vakarashika mu—mu—mumararamiro; vanhu vakanaka, varume vane tsika.

132 Zvino cherechedzai apo Mosesi paakadzika kuEgipita, aine mharidzo ZVANZI NAJEHOVHA, uye akasimbiswa; akadanidzira kuvaIsraeri, rwaiva rudzi, kwete chechi. Israeri rwaiva rudzi; havana kumbova chechi. Nokuti, inzwi rinoti *chechi* rinoreva "avo-vakadanwa." Vaiva vanhu vaMwari. Zvino pavakazozodzwa pasi peShoko, vakadanwa, ndipo pavakazova chechi yaMwari. Uye zvino pavakadzokera shure, nokuti havana kutenda Shoko raMwari, uye vakaterera muporofita wenhema. Ndinotenda kuti zviri kupinda izvi.

Israeri, vari vanhu vaMwari, vakabuda noruoko rune simba rwaMwari, vakazodzwa neShoko. . . neSimba raMwari, vakaona zviratidzo nezvishamiso zvaMwari. Uye zvino Mwari paaifamba navo, pakauyapo muporofita wenhema, akazodzwa, ndokudzidzisa zvinhu zvinopesana neShoko raMwari rokutanga ravakanga vanzwa; nokudaro mumwe nomumwe wavo akapararira murenje, kusiya kwevanhu vatatu bedzi. Zvino zvibatei izvi.

133 "Sezvazvaiva mumazuva aNowa, apo mweya misere yakaponeswa nemvura, ndozvazvichava pakuuya koMwanakomana womunhu." "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, apo vatatu vakabuda kubva muSodhoma, ndizvo zvazvichavavo panguva iyo Mwanakomana womunhu paachazarurwa." Ndiri kungodzokorora Magwaro, Shoko raShe, iro, "Matenga nenyika zvichapfuura . . . " Vanenge vari vashoma!

134 Cherechedzai pano apa. Mosesi achidzika kuna Aroni. Mosesi waifanira kuva Mwari. Mwari wakamuudza kuti ave Mwari, akamuti, "Iwe iva Mwari, uye uite kuti Aroni mukoma wako ave muporofita wako. Iwe uise mashoko mumuromo make kana iwe usingagoni kutaura zvakanaka." Akamuti, "Ndiani wakaita munhu mbeveve? Ndiani wakaita munhu kuti ataure?" Ishe ndivo vakazviita.

Iye akafamba akadzika ikoko. Chii chaakaita? Wakaita shura rakarurama uye rechokwadi raakanga anzi naMwari aite. Mwari wakamuudza kuti, "Enda undokandira tsvimbo yako

pasi." Akainhonga, ikava nyoka. Akainhonga, uye ikashanduka ikava tsvimbo zvakare. Akamuti, "Enda undoita izvozvo pamberi paFarao, uye uti, 'ZVANZI NAJEHOVHA.'"

135 Zvino Farao paakaona izvi, akati, "Seiko, kasaramusi kemuvuki kemangamanga." Akamuti, "Hapana zviripo apa. Kuverenga pfungwa chete uku kana zvimwe zvakangodero, munoziva. Tine vanhu musangano redu vanogona kuita zvimwe chete. 'Huya pano, Bhishopi *Nhingi-nhingi*. Uye, iwe, huya pano.' Tinavo vanogona kuita zvimwe chete." Uyo wakanga ari Satani waitaura nomuna Farao.

Uyo wakanga ari Mwari waitaura nomuna Mosesi.

136 Asi tarisisai murume uyu achibuda. Jane naJambure vakafamba vachiuya pamberi paMosesi, uye pachena pamberi pevanhu, uye vakaita chishamiso chipi zvacho icho Mosesi chaaigona kuita. "Vangatonyengera naVasanangurwa chaivo dai zvaigoneka." Ndizvo here? Vakaita zvimwe chete zvakaitwa naMosesi. Muri kuzvibata here? Zvino rangarirai, iyi IZVANZI NEMAGWARO, kuti zvichadzokorora zvakare mumazuva okupedzisira.

Chii chaiva musiyano pakati paMosesi naJambure?

Mosesi akati, "Ropa ngarivemo mumvura."

Uye vaporofita venhema ava vakati, "Zvamazvirokwazvo, tinoisa ropa mumvura, nesuwo." Uye zvikaitika.

137 Saka Mosesi akati, "Ngapave neinda." Waizviwana kupi? Kubva kuna Mwari chaiko. Maona?

Uye chii chaakaita? Akati, "Zvakanaka, zvemazvirokwazvo, tinogona kuunza inda, nesuwo." Uye vakatozviita. Shura ripi zvaro Mosesi raakagona kuita, naivowo, vaigona kuriita!

Rangarirai, chengetai izvi mundangariro, tiri kuuya pazviri, mushure mechinguvana. Vanogona kuita chese chese chinogona kuitwa navamwe vese, asi havagoni kugara paShoko. Havagoni kugara paShoko.

138 Zvino cherechedzai, vakazviita. Asi Mosesi, muporofita wechokwadi wakatumwa kubva kuna Mwari, wakatumwa naMwari, haana kuita gakava navo, achivati, "Imi, hamungaiti izvozvo! Hamungazviiti!" Akangovasiya vakadaro, akavaregera vachienderera mberi. Vaporofita vamasangano, saka endererai mberi.

Mosesi wakaramba achienda mberi, achiterera Mwari. Chose chaitaurwa naMwari, "Zvino iwe ita *izvi*," Mosesi waienda wondozviita. Wakaita chinhu chitsva. Pavakazviita, mumwe nomumwe wavo wakanzwa kutekenyedzwa kana zvakadaro, havo vouya. Naivowo, vakazviita chaizvoizvo sezvakaita Mosesi.

139 Zvino cherechedzai. Machinda aya akaonekwa . . . O, imi vanhu, musapotsa izvi! Ava vatevedzeri, vaedzeseri,

vakazoonekwa mushure mewechokwadi atotanga. Maona? Vakauya kuzotevedzera. Maona, vanotofanira kudaro. Wakaipa haagoni kusika chinhu; mutsveyamisi bedzi wechokutanga.

Zvino chii chinonzi chivi? Kururamiswa kwatsveyamiswa. Chii chinonzi upombwe? Chiito chakarurama chatsveyamiswa. Kunyepa chii? Ichokwadi chisina kutaurwa nomazvo. Kutsveyamisa!

Tarirai Hananiya, kutsveyamiswa kweShoko rokutanga. Tarisai Bharamu, kutsveyamiswa kweShoko rokutanga. Tarisai Zedhekia, kutsveyamiswa kweShoko rokutanga.

Uye Bhaibheri rakati machinda awa aizouya, nokutsveyama . . . kana kuti kuzotsveyamisa Shoko rapakutanga rakasimbiswa nokutsigirwa kuti iChokwadi.

140 "Ita basa romuevhangeri," mukona iyo, "nyatsoratidza shumiro yako zvizere. Nokuti nguva ichasvika apo pavachazenge vasingagoni kugamuchira Dzidziso yechokwadi, asi vachikwebwa nokuchiva kwavo vachazviunganidzira vadzidzisi, vane nzeve dzinovava; voenda vachiita chese chavanoda, vachiti, 'Zvakangonaka, tinoita zviratidzo nezvishamiso zvakangofanana navo.' Uye vachatendeuka kubva kuChokwadi, vagopinzwa mungano, nedzidziso dzavanhu."

141 O, kubengenusa koMweya Mutsvene, kushamisika kwemweya womunhu apo anomira achifunga humazvirokwazvo nokujeka kwazvakaita pamberi pedu! Chera dombo repakona apo ugoverenga bepa rakaiswa imomo, makumi matatu namatatu amakore apfuura. Ugoona zvaAkataura ikoko pa—paSeventh Street, mangwanani aya patakaisa dombo iri rapakona. Zvino nyatsotarisisa. Tarisisai kurwizi zasi uko, apo Mutumwa waShe akaburuka ari muShongwe yoMoto, pane mazana amachechi, kana kuti evanhu vechechi, vakamira pamahombekombe; zvaAkataura akati, onai kuti zvakaitika here. Onai zvakaitika.

Zvakanyatsooma. Ndinoziva kuti zvinoratidzika kuoma, hama, kunze uko. Asi . . . Bhaibheri rakati, Jesu Pachake akati, "Zvaigona kunyengedza Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka." Hapana mazvinzvengero aungaita. Havazombofi vakagona kuZviona. Dai zvaigoneka, Vasanangurwa chaivo vaigona kunyengedzwa nazvo.

142 Cherechedzai, machinda aya akazoonekwa mushure mevazodizwa chaivo vaMwari vatotumwa; nemuporofita waKe wechokwadi, Mosesi. Uye apo Mosesi aiita chinhu, vaibva vachitevedzera.

143 Zvino, hama, hanzvadzi, Ini . . . Ino ichechi yangu pachangu. Ndine kodzero yokuparidza zvandinoda, chero bedzi zvichibuda kubva muShoko raMwari. Uye handisi kukupai mhosva imi

vanhu, asi ngatimbonzvera izvi kwenguva nenhambo dzatiri kurarama madziri zvino.

Kwaziso kuHama Ruddell, kuna Junior Jackson, uye vamwe vari kunze uku, dzimwe chechi dzedu. Ndadzikanganwa, nguva yapfuura. Ndinotenda kuti vari kuterera mangwanani ano, zvakare, nokuti ha—hamuna pokugara muno muchechi.

144 Zvino chimbozvifungai, kweminiti. Vakaita zvishamiso sezvakaitwa naMosesi. Mosesi wakaunza inda; vakazvitevedzera vakaunza inda. Maona?

Mwari wakati, "Zuva raunoudya, zuva iroro uchafa."

145 Satani wakauya ndokuti, "Zvirokwazvo, hamungafi. Muchangowedzera kungwara. Muchava nesangano riri nane, nane..." Munoziva. "Munoziva, zvose zvenyu zvichange zvava nane, munenge mava neChiedza chakawanda." Maona, kunongova kutsveyamisa. Zvinofanira...

Uye rangarirai, ZVANZI NAJEHOVHA, tichitevera Timotio weChipiri 3:18, inoti, "Mumazuva okupedzisira, Jambure naJane vachange vari panyika." Zvino, ndinoda kuti mucherechedze pano, kuti pane vaviri vavo, maona, vanotevedzera.

146 Zvino tava kudzokera kumashure kuSodhoma, mushure mechinguva, vatatu ava, Vatumwa vatatu vakadzika ikoko, tigoona kutevedzera, nezvakadaro, maona, toona kuti chechokwadi nechenhema ndechipi. Maona? Maona?

147 Cherechedzai, vakaita mashura mamwe chete. Asi, cherechedzai, vakatevedzera Shoko rechokwadi rakanga rakazodzwa, rakaitwa newechokwadi wakanga atumwa naMwari; ivo ndokutevera, mushure.

Handizivi kana tingambofunga kweminiti. Ndaibata vanhu neruoko, nguva shoma yapfuura, makore anenge makumi maviri apfuura, poratidzwa chiratidzo. Vakomana, pakava nezviratidzo kwese kwese pazvinhu, uye pamunhu wose... Mumwe wainge anacho muruoko rwake rorudyi; mumwe ainacho muruoko rwake roruboshwe; mumwe waichinhuhwidza. Maona, mhando dzose... Uye ndinoshamisika... Mwari haasi kundibvumidza kuti ndikuudzei panguva ino kuti chaiva chechokwadi chaizvo ndechipi, asi rimwe ramazuva ano muchazozviona. Zvaingoitwa kuti upenzi hwavo huratidzwe. Zvakanga zvisiri izvo, pakutanga. Ndichazokuudzai, rimwe zuva, kana Ishe vatendera.

148 Cherechedzai, vakaita mashura mamwe chete, asi havana... Cherechedzai, havana kuzviita kusvikira Shoko rokutanga ratanga kuitwa, kutanga. Ndiyo nzira yaakaita nayo Satani mubindu reEdheni. Ndiyo nzira yaanoita nayo nguva dzose. Ndiani wakatanga kuporofita? Mosesi. Ndiani wakatanga kuonekwa, Mosesi kana Bharamu? Mosesi. Ndiani wakatanga

kuonekwa, Jeremiya kana Hananiya? Munoona zvandinoreva? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

149 Cherechedzai, vakatevedzera. Vatevedzeri vari munyama, vakaperera, vachifunga kuti vari "kuitira Mwari basa," saDhavhidha akaita, svondo rapfuura, asi kuri kutevedzera munyama. Ndiri kungomirira kweminiti. Ndinoda kuti mufunge pamusoro penzvimbo idzi. Kana ndikasazvitaura, zvirokwazvo Mweya Mutsvene unozvizarura, kunyanya kuVasanangurwa. Maona?

150 Sangano raFarao rakati, "Tine munhu anogona kuita zvimwe chete," uye vakatozviita. Maona? Farao wakaitirei izvi? Mwari sei akazvitendera izvi? Sei Mwari akatuma muporofita wechokwadi, akazodzwa ikoko kundoita chiratidzo pamberi paFarao, uye oregera mutevedzeri wesangano kuuya kuzotevedzera izvozvo pamberi pavanhu? Sei Akatendera mutevedzeri uyu kuti auye azviite, agoita izvo chaizvo zvakaitwa noMweya waMwari wechokwadi? Maona, Gwaro rinofanira kuzadziswa.

151 Cherechedzai, Wakaita izvi kuitira kuomesa mwoyo waFarao newavaEgipita, kuratidza kuti Mosesi akanga asiri iye ega waiva neShoko. Vaigona kuita zvose Mosesi zvaaigona kuita.

Uye Mwari wakatendererei chinhu ichi kuti chiitike mumazuva okupedzisira? Saizvozvo, chinhu chimwe chete somweya wokunyepa wakataura kuna Zedhekia, "Tichaita sei kuti Ahabhu uko, aite kuti zvinhu izvi zvizadziswe?" Achazviita sei kuti vanhu ava, vanovimba nechechi dzavo, vauye kuno kuti chinhu ichi chiitike, chaAkaporofita? Ivo, muZera reRaodhekia reChechi, "Nokuti unoti 'ndakapfuma, uye handishaiwi chinhu. Ndakagara samambokadzi.' Hauna chinhu! Hauzivi kuti unonzwisa tsitsi, uri murombo, uri bofu? Zvino ndinokuraira huya utenge kwaNdiri," iye akati, "mafuta nendarama." Wakazviitirei?

152 Wakatendererei kuti kutevedzera uku kusimuke mumazuva ano okupedzisira, apo zvinhu izvi zvichizadziswa neShoko raMwari rechokwadi; otendera vatevedzeri kuti vasimuke voita zvimwe chetezvo, uye vachiramba Shoko raMwari rechokwadi? Akazviitira Mosesi. Uye Farao wakazviita achipikisa Mosesi; uye avo, Jane naJambure, vakazviita vachipikisa Mosesi. Uye Bhaibheri rakati zvichadzokorora zvakare mumazuva okupedzisira. Hepanoi patava. Zvino, kana risiri Gwaro razadziswa, zvingagova chii?

153 Ko Mosesi wakamboitawo here nharo navo achiti, "Hezvo! Hezvo! Hamungaiti izvozvo. Ndini chete ndakazodzwa kuita izvozvo. Hezvo! Mirai kuita izvozvo, izvozvi"? Akangovarega vachiita.

Akangovarega vachiita. Rangarirai, Bhaibheri rakati, "Soupenzi hwavo hwakaratidzwa, ndozvichaitawo hwevava

muzuva rokupedzisira," apo Mwenga uchabvutwa uchienda mudenga. Cherechedzai.

154 Mosesi, Shoko rechokwadi rakaratidzwa, haana kutaura chinhu, wakangozvisiya zvakadaro. Asi Wakazviita izvi kuti Aomese mwoyo waFarao, kunyengera Farao.

Akaita zvimwe chetezvo kuti Anyengere Ahabhu. Uye kamuchinda kaya kakamira kega, Mikaya mudiki, aivaudza, "ZVANZI NAJEHOVHA." Hepanoi mumwe akamira, akazodzwa, "ZVANZI NAJEHOVHA." Uye vachipikisana, mumwe nemumwe.

155 Takamira nhasi neZVANZI NAJEHOVHA, kuti rubhabhatidzo mumvura mumazuva okupedzisira runofanira kuitwa muZita raJesu Kristu. Mumwe munhu osimuka oita mashura, uye, achitenda muumwari utatu.

Ndiratidze shoko *utatu* muBhaibheri. Ndiratidze pana vanaMwari vatatu. Ndiratidze pane chinhu chakadaro. Hazvisi muShoko raMwari. Hapana chinhu chakaita saichocho chomunhu akambobhabhatidzwa muzita ra "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," kuchishandiswa madunhurirwa iwawo. Zvinhu zvose izvo, "O, zvakangonaka zvose, hanzvadzi. Zvose zvakangonaka, ingovai nerefu... nevhudzi renyu pfupi. Zvakangonaka zvose, hamufaniri kuita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*. O, hazvina musoro, ndezvokupenga."

Asi Bhaibheri rakati! Uye akavimbisa kuti, "Mumazuva okupedzisira, Uchatuma Mweya waEriya, uye achadana vanhu, vana vaMwari, kuti vadzokere paKutenda kwekutanga, kweShoko sezvazvaiva pakutanga." Shoko iroro rakatsigirwa, Mwanakomana womunhu mumazuva okupedzisira, sezvazvaiva paSodhoma; zuro, nhasi, nokusingaperi. Akavimbisa kuzviita. Ivimbiso yaMwari. IZVANZI NAJEHOVHA.

156 Cherechedzai, vakaita zvimwe chete, zvakaitwa naMosesi, kusvikira Mwari afinhwa nazvo.

Zvino rangarirai, iZVANZI NAJEHOVHA, zvichaitika muzuva rino. Zvino, nzverai pasi rose; torai chinamato chose zvacho chokurasa vanhu, torai rudzi rwose, torai munhu wose, torai chechi yose! Ndinokurairai, muZita raKristu, kuti muite izvi, imi vaparidzi. Ndinokurairai kuti muverenge mapepanhau kana kufungisisa kwese kwese kwamunoda kuenda, uye mugoona kuti hazvisi panyika here iko zvino. Maona?

Zvino, Mateo 24:24 ndeyamazvirokwazvo. "Vazodziwa venhema, vachamuka mumazuva okupedzisira, uye vachange vari vaporofita venhema, uye vagonyengedza vazhinji." Zvitarisei zvino mumifananidzo, pazviri kuuya zvino, muone, "Vachanyengera vazhinji." "Vaporofita," vazhinji; "VanaKristu," vakazodzwa, vazhinji; vazhinji vakasiyanasiyana, maMethodist, munoziva, uye Baptist, nePentecostal, uye vakadaro. Maona?

Asi pana Kristu mumwe chete wechokwadi, Mweya, ndiro Shoko rakaitwa nyama sezvaAkavimbisa kuti achaita.

Zvino tichati fambei kuenda mberi zvishoma, kune mamwe Magwaro.

157 Kutosvikira, Mwari afinhwa nazvo, ndipo paakazozvipedza. Upenzi hwavo hwakaoneswa.

158 Cherechedzai. Rangarirai, chikwande rinoratidzika chaizvoizvo setsanga yegorosi. Maona? Zvino, hawaigona kuti, shure uko muzera raLuther, "hunde yaiva gorosi," asi kunyange zvakadaro ine Upenyu mairi. Hunde yakanaka, Upenyu hwaive muhunde hwainge hwakanaka, asi, rangarirai, Upenyu hwairamba huchifamba; kubva kuna Erisha kuinda kuna Eriya. Upenyu hunoramba huchifambira mberi. Asi, rangarirai, rinenge rava rimwe danho. Hahungarambi huri mudanho iroro. Hatingadyi zvakaora zverimwe zera. Hatingadyi zvakaora zvePentecosta, Methodist, kana Baptist. Maona, zvinenge zvaora. Tine Kudya kuchangoibva, Shoko renguva ino, saizvozvo.

159 Rangarirai, chikwande chinoratidzika chaizvoizvo setsanga yegorosi. Haugoni . . . Harairatidzika setsanga parakanga richangomera, harairatidzika setsanga pawaiva muchekechera, asi rakazoratidzika saizvozvo rava chikwande. Haairatidzika sa . . . Jesu Kristu mumwe chete zuro, muna Luther; haairatidzika saizvozvo muna Wesley; asi anoratidzika saizvozvo muPentecost, kuti "inyengere Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka." Maona? Heanoi mazera enyu.

160 Asi rangarirai, kuti chechi yePentecosta, mumazuva okupedzisira, ndiyo yaiva Raodhekia; uye Kristu ndimo maakadzingwa, Mwoyo, Gorosi, Pacharo. PaAkaedza . . . Rangarirai, paAkaedza kuZviratidza muchechi, Akadzingirwa kunze. Yakaramba iri chechi, yaizviti ndiyo; yakazodzwa.

Asi *herinoi* Shoko, Kristu Pachake, ndiye Shoko rakazodzwa achazovinga Mutumbi waKe wose, Mwenga. Vazodziwa, vakazodzwa nemvura imwe chete yakadiridza gorosi, sezvatakataura pamusoro pazvo, ndiyovo inodiridza masawi, vazodziwa. Vasanangurwa bedzi, kana kuti vakatemerwa, ndivo vachakwanisa kubata siyano pakati pawo. Zvino, VaEfeso 5:1 inokuudzai kudaro, uye kuti zvaiva sei.

161 Vakazodzwa. Munhu wose anoti, "Mwari ngaakudzwe! Tine rusununguko kuno. Hareruya! Isu . . . O, hareruya! Tinotaura nendimi, nokusvetuka. Tine rusununguko rwamadzimai; imi vanhu munoedza kuvatsimbirira pasi pezvinhu zvose izvi." Maona? Endererai mberi. Hapana zvamunogona kuita. Munoti, "Zvakanaka, tinotaura nendimi. Tinodanidzira. Tinotamba muMweya. Tinoparidza Shoko." Chaizvoizvo. Hatina chokutaura chinopesana nazvo. Ndozvakaita varume ava kumashure uko muBhaibheri.

Jesu wakati, "Zvaigona kunyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka, Vasanangurwa chaivo."

162 Zvino cherechedzai chikwande. Kubva paMbeu yokutanga, Mbeu yakapinda muvhu, Yakanga isiri sangano. Yaiva Mbeu imwe, pachaYo. Asi payakamera, yakanga isiri Mbeu; yakanga yava sangano, munoona, mashizha, gorosi.

Ndokubva Yapinda mune rimwe danho, uyo waiva muchekechera. Zvakadaro yakanga isati yaita sepamavambo. Yakanga iri sangano.

Yakapinda mugoko, mashizha mazhinji, Pentecosta, yava kuda kutoita sechaizvo zvino. Itarisei. Iri kuramba ichifanana nguva dzose, yoda kutoita chaizvoizvo sembeu, yoratidzika chaizvoizvo seMbeu yegorosi kana waitarisa kahura aka apo.

Asi pakupedzisira Inoratidzwa, uye haisisiri sangano. Hapachina chiri kuitakura. Sangano chinongova chitakuri. Hapachina zvinotakura; hunde inofanira kufa, chikwande chinofanira kufa, uye zvimwe zvese zvinofanira kufa, asi gorosi rinoramba richirarama. Ndiwo mutumbi wekumuka kubva kuvakafa, unodzika woimutsa. "Vokupedzisira vachava vokutanga, uye vokutanga vachava vokupedzisira." Maona, kuvamutsa kubva kuvakafa. Muri kuzvitevera here izvi? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka. Cherechedzai, tsanga . . .

163 Chikwande chinoratidzika chaizvo sembeu. Uye munhu ane purazi regorosi, kana rakadaro, anogona kutarisa oti, "Mwari ngaakudzwe, ndine munda wegorosi," apo asina kana tsanga zvayo yegorosi. Inoratidzika chaizvo segorosi, asi chikwande.

164 Zvino, shamwari, dzoka neni. Rumutsiriro rwokutanga rwakabvepi, mushure (merufu) mumazuva apo mbeu yegorosi yaifanira kuwira muvhu, Mutumbi, Mwenga waKristu? Kristu wakaronga Mwenga waKe, ndizvo here, Chechi yaKe here? Haana kumboIronga; Wakangoisa vaapositora, navaporofita, nevakadaro, muChechi, kuti aIchengetedze yakachena. Asi paNicaea, kuRoma, mushure memakore mazana matatu namatanhatu, ndipo pavakazoironga kuti ive sangano. Ndizvo here? Uye yakabva yafa. Vose vakanga vasingawirirani nechechi iyi vakauraiwa. Uye yakaramba yakanyarara, kwemazana amakore, muvhu.

Asi, mushure menguva, yakamuka muna Luther. Mashizha okutanga egorosi akamera. Chepiri, yakabukira kubva ipapo. Vakaramba vachienda, kukava naZwingli nevakadaro, nemamwe masangano nezvakadaro. Zvino, mushure menguva, ndipo pakauya Anglican.

Uyezve chii zvino chakazoitika? Hepanoi pakauya Wesley nerumutsiriro rutsva, muchekechera, uyo wakanga wawedzera

kuratidzika seGorosi. Zvino chii chakazoitika kwaruri? Rwakaita sangano, ndokuoma ndokufa.

Upenyu hwakaenda muchikwande, uye chikwande chikabuda chichinyatsoita seGorosi. Asi, pakupedzisira, upenzi hwaro hwakaratidzwa mumakore masere kana gumi apfuura kunyanya mumakore matatu apfuura. Zvino rinoita sei? Rinozvipatsanura kubva kuGorosi.

165 Zvino seiko pasina kumbova nesangano rakatanga mumakore awa makumi maviri okupedzisira orumutsiriro runo rukuru; vaporofita vakazodzwa, vadzidzisi vakazodzwa, navamwe, asi sei kusina? Hakuna chinovapo mushure meMbeu. Maona, Yadzoka, pasina sangano. O, ini zvangu ini, kana bofu rinogona kuona izvi. Haigoni kuita sangano; inopesana naro zvakasimba. Imbeu yeGorosi, Pachayo. Mwanakomana womunhu ucharatidzwa. Mbeu yegorosi yadzoka kuva Iyo zvakare, Mwanakomana womunhu mumazuva okupedzisira.

"Uye kuchauya vatevedzeri vaZvo, venhema, mumazuva okupedzisira, vachapotsa vanyengedza Vasanangurwa dai zvaigoneka." Tarisai makwande avo amasangano achibva zvino.

166 Zvinongoita kuti Gorosi rizikanwe, kuVasanangurwa, vanova chikamu chaRo. Cherechedzai kunaka kwemabudiro azviri kuita pano zvino. Avo chete . . . Cherechedzai, vazodziwa vachakwanisa; Vakasanangurwa, vakatemerwa, vechokwadi, VaEfeso 5:1, kana kuti 1:5, ndingati, vachatemerwa, vasanangurwa. Ndivo bedzi vasingazogoni kunyengedzwa.

Cherechedzai, vaporofita vakazodzwa vanenge vari venhema, uye pakati pavo panenge paine vakazodzwa vechokwadi. Uchazozviziva sei? NeShoko. Sezvatinazvo, mumufananidzo. Munozviona here? Itii, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Maona?

167 Cherechedzai, vazodziwa, Shoko bedzi ndiro rinovapatsanura, kwete zviratidzo. O, kwete. Vanoita zviratidzo zvimwe chete, asi Shoko ndiro rinovapatsanura. Zvamazvirokwazvo. Vose vakaporofita. Vose vakaita *izvi*, *izvo*, ne*zvozvo*, chokwadi, zvakangofanana. Jesu akati vachaita zvakangofanana. Asi Shoko ndiro rakavapatsanura, muzvicherechedze, kwete zviratidzo.

168 Mazvicherechedza here? Jesu akati pano, muna Mateo 24. Haana kuti, "Kuchauya vanaJesu venhema mumazuva okupedzisira." O, kwete, havaizombomirira zvakadaro. Kwete. Haungambowani muPentecosta anenge ari muPentecosta chaiye, anoti, pachake, iye ndi "Jesu"? Maona? Haungambowani muMethodist, kana muBaptist, kana mumwe wakadaro, kana mumwe wamasangano, anoti, "Tisu vanaJesu"? Vanoziva zviri nane kupfuura izvozvo. Havasi kuzombodaro. Asi Bhaibheri rakati vachange vari "vanaKristu venhema," kwete vanaJesu,

asi, “vanaKristu venhema.” Havangambozvigamuchiri, ukati, “Ndini Jesu.” O, kwete.

169 Asi ndi “vanaKristu venhema,” uye havazvizivi, nokuti vanopesana neShoko. Uye Mwari unosimbisa izvozvo. Zvino, ndiri kuzvisvitsa pamangange zvino, nokuti makazviona zvimwe chete zvichiitwa nevanhu ava izvo zvakaitwa nevezvokwadi. Uye Jesu wakadaro.

170 Zvino, ndati, kunemi vanhu vari kunze, vari kunyika inonzwa nefoni, ha—handisi kukuwanirai mhosva, asi ino ichechi yangu uye—uye boka rangu randakaiswa pamusoro paro noMweya Mutsvene, ndinofanira kuvaudza Chokwadi. Nguva iri kupera.

171 Zvino, havaigona kumirira izvi, asi, “vanaKristu venhema,” venhema, vakazodzwa, vaine chiratidzo chose nevara rose reShoko tingangoti. “Vanotenda mukubhabhatidzwa noMweya Mutsvene here?” Chaizvoizvo. “Vanotenda here zvose *izvi*?” Hongu. “Vanotenda here mukutaura nendimi?” Hongu. “Vanotenda here muzviratidzo nezvishamiso zvinotevera, kuti zviratidzo zvinovatevera?” Hongu. Havasi maMethodist, havasi maBaptist. Kwete, kwete. MaPentecosta. Maona, rino izuva rokupedzisira.

Zvino, zera rechechi rokutanga harina kumbozviona izvi. Zera rechechi reMethodist harina kumbozviona izvi; zera rechechi rechiBaptist, harina kumbozviona izvi; zera rechechi rePresbyterian, harina kumbozviona izvi. Asi, maPentecosta, vari pedyosa neChaichoicho! Apa ndipo, Gorosi, chikwande chakanyatsoda kufanana neGorosi. Havaigona kuzviona. Maona? Havaigona. Asi ava mazuva okupedzisira, zuva ranhasi. Hongu, changamire.

172 Cherechedzai, sezvazvaiva pakutanga, ndizvo zvazvichava pamagumo. Evha sezvaakatadza kududzira Shoko rimwe, Satani wakadaro kuna Evha, iye akazvitenda. Mudzimai, kwete murume; chechi, kwete Murume. Maona? Chechi ndiyo yakatora shoko renhema. Maona? Kwete Adhama; Evha. Kwete Kristu; chechi, mwenga, vanonzi, vazodziwa, inozviti ndiyo Mwenga, mazviona, ine shoko renhema.

Hamuzvioni here izvo? Sei, zvinosungana setambo dzeshangu, setsiye paziso rako. Sei, zvose zvinotendeukira, muBhaibheri, Zvinosungana pamwe chete. Evha, kwete Adhama; Evha ndiye wakazvitenda, kwete Adhama. Vanonzi, mwenga nhasi, vakazvitenda; kwete Kristu. Anonzi mwenga; mwenga une mhando dzose, dzezviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete, zvose zvakangofanana; asi vasina Iye chaiye. “Kunyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.”

Zvino nokukurumidza, tikakwanisa kupedza izvi mumaminetsi gumi namashanu, tingabata nguva yedu.

Nyatsocherechedzai zvino, kuitira kuti musa—musatadza kunzwisiswa, imi.

173 Zvino, kwete, havambomiriri kuti vanzi "vanaJesu venhema." Havambomiriri, kuti vanzi, "Jesu." Zvirokwazvo kwete. Zvinonyanya kuonekwa. Munhu wose ungabva azviziva izvozvo. Munhu wose ungabva aziva kuti havasi Jesu. Handina basa nokuti vane mafuta kumusana kwavo, neropa pamaoko uye kumusoro-nezasi kwemaziso avo, vaizongoziva kuti . . . Munhu wose ane pfungwa dzakanaka, anoziva kuti haangavi Jesu. Maona? Havangambomiriri kudaidzwa izvozvo. Asi vanozviti "vazodziwa." Uye vanoita zviratidzo nezvishamiso, "kupotsa vanyengedza Vasanangurwa." "Asi vanaKristu venhema, vazodziwa, vachamuka, uye vagonyengedza Vasanangurwa dai zvaigoneka."

174 Zvino nyatsotarisisai. Musapotsa kutaura uku, nokuti kwakakosha kuti mukuterere.

Ari kunama maikirofoni iyi pano neserotepi, kuti isasununguka kubvapo. Ndanga ndichidikitira; dikita ndokuwira paserotepi, mazviona.

175 Uye zvichava saIzvozvo, Bhaibheri, rakati zvichava saizvozvo. Maona?

176 Cherechedzai, kwete vanaJesu venhema. "VanaKristu venhema!" Vanotenda kuti vakazodzwa, asi vanoziva kuti havasi Jesu. Maona, zviri pachena chaizvo. Kana munhu akauya akati, nhasi, "Tarirai mavanga ari muruoko rwangu. Tarisai tsiye dzangu. Ndini Jesu." Zvakanaka, zvino, tinoziva kuti izvo hazvizizvo. Uye, rangarirai, Jesu haana kumboti machinda akadai aizouya. Akati pachauya "vanaKristu venhema." "vanaKristu," vazhinji, masangano, uye vakadaro, *vazodziwa*; vakazodzwa nomweya wesangano, kwete Shoko. Muri kuzvitevera here izvi? Kwete Jesu wenhema. "VanaKristu venhema," venhema, vakazodzwa. Maona? O, zviri pachena! Sei isu . . . Zvirokwazvo hamungazvipotsi izvi!

177 Zvino, rangarirai, ndakagara ndichikuudzai kuti pane mapoka matatu avanhu. Kune ndudzi nhatu dzavanhu; Hamu, Shemu, naJafeti, ndudzi nhatu. Mapoka matatu, uye ndakati, ndiye mutendi, mutendi-wekabanga, uye asingatendi. Zvakagara zvakadaro, zvichagara zvakadaro. Maona? Paiva naMosesi, mutendi; paiva naJane naJambure; vasingatendi. Maona? Kwaiva naBharamu; Mosesi . . . Nguva dzose mapoka matatu awa evanhu, mapoka matatu; mutendi, mutendi-wekabanga, uye asingatendi.

178 Zvino rangarirai, asingatendi, chechi yesangano, havatendi muzviratidzo zvachose; vakatonhora, vanoita zvetsika, vakaomarara, chechi yomunyika, sangano. Asi kabanga-mutendi ndiye chikwande chiya. Ndiye muchinda anotenda-

zvekabanga. Uyezve pane mutendi chaiye wechokwadi. Zvino, vatarisisei vachifamba zvino, kweminiti.

179 Zvino cherechedzai kuti vasingatendi ava vakashinga zvakadini, kana kuti vatendi-kabanga ava uye navasingatendi. Ini zvangu! Vane kushinga, tarisai, sezvakaitwa naSatani paakamira chaimo muHupo hweShoko rechokwadi, akati, "Kwakanyorwa kuchinzi!" Ndizvo here?

Sei Satani akaita izvozvo? Chikonzero ndechokuti wakanga asingazivi Shoko re. . . Waiziva Shoko renguva iyoyo, asi waipokana neMurume wakazvininipisa uyu mudiki kuti waiva Shoko iroro. "Kana uri Mwanakomana waMwari. Ndinoziva kuti Mwanakomana waMwari ari kuuya, nokuti Zvakanzi Uchauya. Uye kwakanyorwa kuchinzi, 'Iye uchatuma Vatumwa vaKe kuti vaKuchengetedze.' Maona? Zviratidze kwandiri! Ita shura! Rega ndiKuone uchiriita." Maona? Maona?

Munoona, asingatendi, mutendi-kabanga, mutevedzeri. Tarisai Judhasi ari pakati pavo, nguva imwe chete, mutendi-kabanga! Mazviona? Cherechedzai, apa paiva neShoko rechokwadi.

180 Vakashinga sei! "Zvino, musaterera zvisina musoro izvo. Hapana Zviripo. Musaenda ikoko. Rinongova boka reruzha. Hakuna Zviripo. Zvese ndezvemanyepo. Zvinongova mupfungwa dzenyu." Munoona, munoona zvandinoreva? Achimira muHupo hweShoko achitaura kudaro.

181 Satani wakanyatsopindamo. Sezvinoreva Bhaibheri pano muna Judha, "Kunyange mutumwa Mukuru, achipikisana naSatani, akamuti 'Ishe akutsiure.'" Achipikisana neShoko Pacharo.

Uye pano pana antikristu, akazodzwa, achimirisana pano neShoko chairo rezuva iro, Jesu Kristu, akamuti, "Kwakanyorwa kuchinzi."

182 Tarisai pamazuva okupedzisira. "Zvinenge zviri pedyo napedyo zvakanyanya zvokuti dai zvaigoneka zvainyengera kana Vasanangurwa chaivo." O, ini zvangu! Chikonzero Vasanangurwa chaivo vasingagoni kunyengerwa, munoziva kuti sei? Imhaka yokuti ivo iShoko. Maona? Sezvakangoita Upenyu huri mumudzi, hwandareva nguva ichangopfuura, haHungaZvirambi. Maona, IShoko uye riri mumwaka weShoko. Ndizvozvo.

183 Sezvakangoita Jeremiya, waiziva. Hazvina mhaka kuti Hananiya wakati chii, iye waiziva paakanga akamira. Ndizvo chaizvo zvakafanana nezvakaitwa naMosesi, uye—uye nevamwe vavo vose. Ndizvo kuti, waiziva, zvisinei kuti muporofita wenhema wakati kudini, pakanga paine Shoko raMwari. Zvakanga zvakanyorwa.

Ndicho chikonzero Mikaya aigona kuti, "Zvakanaka, imi imbomirai mugoona."

Ahabhu ndokuti, "Ini ndinotenda vaporofita vangu. Sangano rangu rakarurama. Pandichadzoka murugare. . . Dzorerai muchinda uyu maanga ari mujere. Ndichauya ndozomuona! Mupei chingwa chokutambudzika. Mudzingei, musayanana naye zvachose. Pandichadzoka murugare, tichamuona muchinda uyu."

184 Mikaya akati, "Kana ukadzoka, Ishe haana kutaura neni." Waiziva kuti ane ZVANZI NAJEHOVHA, uye chiratidzo chake chainyatsova mune ZVANZI NAJEHOVHA; kwete yomumwe mwaka, asi yomwaka iwoyo. Ameni! Hareruya! Mwaka!

185 Kushinga, kumirisana nokupikisana nomutumwa Mukuru! Kwakatonzi, "Mapenzi anofamba negogodo panotyiwa kufambwa neVatumwa." Ndizvozvo.

186 Chikonzero Vasanangurwa, Jesu akati, havazonyengerwi, ndechokuti ivo iShoko. Havagoni kuva chimwe chinhu. Havagoni kunzwa chimwe chinhu. Havana chimwe chinhu chavanoziva. Ndizvozvo.

Rangarirai, Mosesi haana kuvhunduswa nekutevedzera kwavo kose. Wakavhundutswa here? Mosesi akati, "Zvino, imbomira kweminiti, Farao. Unozivei? Ishe akandiudza kuti ndiite izvi, asi, Mwari ngaakudzwe, ndiri kuona kuti vakomana vako vanogona kuita zvakangofanana neizvi. Saka, rega ndikuudze zvondoita, ndava kubatana newe"? Hu! Hazviiti somuporofita waMwari izvi. Kwete, zvachose! Wakangomira akasimba sokumira kwaaigona. Waiziva, chaizvoizvo, Mwari uchapindira neimwe nzira, nokuti Wakavimbisa kudaro. "Ndichange ndinewe. Handizokusiyi."

187 Waiziva, saka haana kubatana navo. O, kwete. Wakaramba ainavo. Haana kuda kana rimwe ramasangano avo. Wakamira naMwari. Haana kuvhunduswa nezvinhu zvose zvavaigona kuita. Pavakaita chinhu chimwe. . . Wakaunza inda; vakaunza inda. Wakaunza ropa; vakaunza ropa. Wakaunza zvose; vakamutevedzera nenzira yose, vachienda zvakadaro. Wakaramba akangomira. Wainyatsoziva chaizvo zviripo. Mwari wanga ari pabasa.

Mava kuzvinzwisisa zvino? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ukatora mbiri ukabatanidza nembiri, zvinotipa ina? ["Ameni."] Haudi kuti zvinyanyoome. Saka, saka mu—munzwisise, maona.

188 Sei? Havazombonyengedzwi nazvo. Mutendi wamazvirokwazvo, iMbeu yakatemerwa inofanira kumira muzuva iri.

189 Uyevo, zvakare, Jesu wakataura izvi, "Vazhinji vachauya muzuva iro, muZita raNgu, vachiti, 'Ishe, handina here

kudzinga madhimoni neZita reNyu here?'" Jesu akati, "Pamazuva okupedzisira, nguva yose yapera uye kumuka kukuru kwaitika, vazhinji vachauya vozogara muHumambo." Humambo hwaMwari huri mamuri.

Vazhinji, masawi achauya ogara pamwe chete neGorosi, oti, "Zvino, imbomirai kweminiti, Ishe! Ini ndakataura nendimi. Ini ndakadanidzira. Ini ndakatamba muMweya. Ini ndakadzinga madhimoni. Ini ndakataura nendimi. Ini ndakaita zvinhu zvose izvi."

Iye uchati chii? Zvicherechedzei. "Imi vaiti vekusarurama, handina kana kutombokuzivai."

190 Chinyi *kusarurama*? Bvunza mumwe munhu. "Chinhu chaunoziva kuti unofanira kuita, iwe worega kuchiita." Vanoziva Shoko iro. VanoRinzwa. Uri kuterera tepi iyi. Uri kuterera Mharidzo iyi. Unoona Ishe Mwari zvaari kutaura; womuona Achirisimbisa, achiriita kuti rive rechokwadi. Uye unoziva Izvi mukujeka sokujeka kwakaita zuva riri kupenya panze, asi iwe unoramba wakabatirira kusangano rako, nokuramba wakabatirira kuzvinhu izvo zvenhema; iwe muiti wekusarurama!

"O, hongu, ndakava nokunoparidza kukuru kunze. Ndakaita *izvi*. Ndikaita *izvo*."

Akati, "Ibva paNdiri, iwe muiti wekusarurama, handina kutongokuziva."

191 "Zvakanaka, Mweya Mutsvene wakawira pandiri." Handipokani nazvo kana napadiki. "Ndakataura nendimi. Ndakaimba muMweya. Ndakaita . . . " Handipokani nazvo kana napadiki pose. Handina mubvunzo pana izvozvo. O, hama, hanzvadzi, idanho rakadini iri!

Ino inguva yokudedera. Tava papi? Shoko iri rava kusvika pakuva Upenyu zvino. Cherechedzai.

192 Hongu, Akati vachaita saizvozvo.Cherechedzai, "Imi vaiti vokusarurama." Ndine Gwaro rakanyorwa pano. Handichazivi paranga riri. Ndatora nguva yakareba. Ndava kuritsvaga, kweminiti, ndione kuti nderipi. Ndina—ndina Mateo 7:21. Handi—handichanatsi kuziva kuti papi. Ini, dzimwe nguva handinyori pasi, zvakanaka, ndi—ndinoparidza saizvozvi, ndi—ndinokanganwa zvandanga ndichitaura pamusoro pazvo muMagwaro. Mateo 7:21.

> *Havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda muhushe hwokudenga; asi* uyo *unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.*
>
> *Vazhinji* vachati kwa*ndiri nezuva iro, Ishe, Ishe, hatina here* kuporofita . . . [KJV—Mupepeti.]

Vaporofita, vakazodzwa! Ndizvo here? "Ndakanga ndisiri muporofita here? Ndakanga ndisiri muzodziwa, wakazodzwa

here? Handina here kuporofita neZita reNyu? Uye handina here kudzinga madhimoni neZita reNyu?" Ko ungagodaro sei, wobva woramba kubhapatidzwa neZita raJesu? Maona? O, ini zvangu! Munoona kuti zvinonyengedza sei? Kutosvika ipapa chaipo, kwava kubva vodzokera.Vanouya kusvika paShoko chaipo, vobva vodzokera. Zvino tarisisai izvi. Tibudise izvi, ndipei miniti.

> *Vazhinji vachati* kwa*ndiri*. . .*Ishe, Ishe,* hatina here *kuporofita,* tanga tiri vaporofita?. . .

Hongu, ndakataura pamusoro pazvo muna Mateo 24:24.

> . . .*uye muzita renyu*. . .*kudzinga madhimoni here? uye muzita renyu takaita mazhinji* ano-. . .*mabasa mazhinji?* [KJV—Mupepeti.]

> *Zvino* ndichati *kwavari, handina kutongokuzivai: ibvai kwandiri,* imi *vaiti vekusarurama.*

"PaZvakaiswa pamberi penyu chaipo mukaZviona, uye mukaZviona zvichifamba, mukaZviona kuti iShoko; asi nokuda kwemasangano enyu, makaramba makaabatirira. Handina kutongokuzivai. Handina basa nokuti madhimoni mangani amakadzinga, kana kuti vangani vamakaita *izvi* uye *izvo*; handina chandinoziva pakati penyu."

Bharamu akati, "Ndakaporofita nomazvo, muZita reNyu. Zvikatoitika."

193 "Ndizvozvo chaizvo, asi, pazvakauya paShoko, makaRiramba."

O, hama, munoona chikamu chinonyengera? Kwete "muporofita," chaiye; asi paShoko, Shoko rechokwadi, Shoko rakasimbiswa rikaratidzwa. "Imi vaiti vekusarurama!"

194 Akaedza, Satani wakaedza mumazera ose kutevedzera Shoko rechokwadi. Tinozviziva izvozvo, handizvo here?

195 Cherechedzai, vanosvika pamutsetse wemuganhu vodzokera. Tarisai pano, Akati, muna VaHebheru chitsauko 6, zvino, patanga tichiverenga nguva shoma yapfuura. Ndakuudzai kuti muvhure ikoko, uye tichadaro kwemaminitsi mashoma anotevera. Iye akati:

> . . .asi *minzwa* nerukato. . .iyo *yava pedyo* nokurashwa*; magumo ayo kupiswa.* (Vapamuganhu!)

> . . .imi maka*ravira*. . .*chipo chokudenga,*. . .

"Makaravira," namamwe manzwi, makaZviona! Haungagoni [Hama Branham vanoridza miromo yavo—Mupepeti.] KungoZviravira nomuromo wako. Asi wakaZviona, uye ukaZviziva kuti iChokwadi. Wakazviziva kuti Chaiva Chokwadi. "Wakaravira chipo chekuDenga."

> . . .uye *makaitwa vadyi voMweya Mutsvene,* paWakawira pamusoro penyu,

. . .*mukaravira zvakanaka zveshoko raMwari,* . . .

"Mukaravira," mukaona kuti Chaiva chakarurama. "Uye Mweya Mutsvene wakawira pamusoro penyu," masora ari mumunda.

. . . uye vodzokera *shure,* . . .

"Muchiramba Kristu chaiye wakakuchenesai, uye wakakudanai, akaisa chizoro ichi pamusoro penyu."

. . .*hapachina chipiriso zvakare* chechivi, ipapo.

Hazviregererwi! "Hazvigoneki kuti vauye pakuziva zivo yeChokwadi."

*Nokuti hazvigoneki kuti avo vakambo*. . .*itwa vadyi vo*Mweya *Mutsvene,*

Wakawira pamusoro pemasawi, maona, "Vakatanga naJesu, 'Ishe, ndiri kuenda,'" asi pamunosvika paShoko, munobva madzokera shure. "Vakaitwa vadyi voMweya Mutsvene, uye vakatoravira, kana kuti vakatoona Shoko Pacharo richiratidzwa." Zvino vakazobva kwaRiri, "Hazvichagoneki zvachose kuti vaRione kana kuzouya kwaRiri."

Iyi iZVANZI NEMAGWARO. Zvino, iwe . . . "Matenga nenyika zvichapfuura, asi Iro haripfuuri." Munozviona here? "Hazvichagoneki zvachose." Bhaibheri rakadaro, uye Mweya unopupurira zvimwe chete izvozvo.

196 Cherechedzai, regai ndikupei muenzaniso mudiki. Tarisai vanhu avo vakauya pasi pokuporofita kwaMosesi, vakabuda kubva musangano iro, uye vakabuda kubva mune zvese, vari pasi pechiporofita, vakaona mabasa makuru, nezvinoshamisa, nezvinhu zvakadaro, uye vakasvika pamuganhu wekutopinda mukati.

Zvino, Lee, hapanoi panouya "zita rako muBhuku." Waona? Zvagadziriswa apa. Uye kunemi musiri pano, uye kunze u—uko kumafoni, ndiChiremba Lee Vayle vagere pano. Vari kurinyora bhuku reMazera Manomwe eKereke nemutauro wakatsetseka. Zvino pakauya dambudziko, kana kuti mubvunzo, pamusoro pe "zita rako richibviswa muBhuku reUpenyu reGwayana." Maona, zvakavhiringidza vashumiri vazhinji. Asi mirirai kusvika mawana bhuku iri, muchazvinzwisisa kana muine Chiedza mamuri. Maona?

197 Cherechedzai, zvino, uchadzungudza musoro wako wotoramba kuRitarisa kana usingadi kuRiona. Samai vangu vaigaroti, "Haungabudisi ropa kubva mutsombori, nokuti hamuna ropa mairi."

198 Cherechedzai, Chiedza chinofanira kuuya; hatisisiri murima. Chiedza chinouya murima, rima rotadza kuChinzwisisa. Zvino cherechedzai vazodziwa vemuzuva ranhasi.

SaMosesi akabudisa vana veIsraeri; uye vakaterera ndokuvhiringidzika norudzi rukuru apo. Zvino, Israeri yaiva interdenominational. Yakanga isina nyika, isina musha. Yakanga ichienda kumusha.

Isu hatina chechi. Hatisi. . . Tiri—tiri kuenda kuChechi, Chechi yeMatangwe, Chechi iri muKubwinya; kwete chechi iri panyika, yakaitwa navanhu. Chechi iri muKubwinya, vakadanwa, vakatemerwa kuUpenyu Husingaperi, maona, vachienda kuMusha.

Asi pavakasvika panzvimbo pavaiyambuka, vakapokana Shoko, ndokubva vadzokera. Mushure mokunge Joshua naKarebhi vayambuka mhiri vakadzoka nesumbu remazambiringa, vakavaratidza kuti nyika iyo yaivako, Shoko raMwari revimbiso, "Inyika yakanaka, mukaka nouchi." Vakadzoka nawo, kudivi rino, kuti vavaratidze. Uye vakaaravira, uye vakati, "O, o, hatigoni kuzviita, kuendako." Chii chakaitika? Vakapararira murenje. Vakagara ipapo vakazviita sangano, ndokufa, mumwe nomumwe wavo.

Asi vakayambuka vakadzoka nawo, Joshua naKarebhi; Mosesi wakashandurwa. Mufananidzo weChechi yakamirira; uye kumuka kubva kuvakafa kweTestamente yeKare, Testamente Itsva; uye Mutumbi wakabvutwa. Munoona zvitatu izvo apo? Tinofanira kuronga zvitatu izvo mumutsetse, maona, saizvozvo, mumutendi uye asingatendi. Maona?

199 Cherechedzai kuti pakanzi "zvachose." Rangarirai, Mwari haana kumboregerera chivi ichocho. Zvino vachapindamo sei? Zvino kana vari minzwa, kubva pakutanga, minzwa napamagumo. Vakatemerwa bedzi ndivo vanoZviona.

200 Cherechedzesai zvino. Semazuva a Mutsvene Martin, ipapo tisati tapinda muNguva dzeRima; murume muduku ane humwari. Vangani venyu vakaverenga zvinyorwa zvaMartin Mutsvene? Vazhinji venyu. Takadzika uko kundotora zvinyorwa zvaMutsvene Martin; muprisita akati, "Asi wakanga asina kuzoitwa mutsvene shure mokufa." Zvirokwazvo, wakanga asina; kuitwa navo, asi wakanga akaitwa naMwari. Mweya Mutsvene wakatiudza kuti timuise ipapo pazera rechechi rechitatu. Maona?

201 Tarisai kuti wakanga ari murume muduku ane humwari zvakadini; wakadanwa, wakatemerwa. Vabereki vake, vakanga vasinganamati. Baba vake, musoja. Waitofanira kutevera gwara iroro, rokuva musoja. Uye, paakadaro, uye waigarotenda kuti kwaiva naMwari pane imwe nzvimbo; murume wamasango, uye waigona kuona Mwari. Rimwe zuva wakapinda nomuguta, ndokuona mumwe mupemhi wachembera wakarara imomo, ava kufa, achikumbira mumwe munhu. . . Wakanga atonhorwa usiku ihwohwo. "O," akati, "ndipewo chimwe chinhu kuti ndizvifukidze; ndingafa usiku huno."

202 Hapana akagona kuzviita. Martin akarambira mhiri kune rimwe divi ndokumutarisa kwechinguva. Hapana akagona kuzviita. Iye waiva nebhachi rimwe. Waizogwamba nechando, iye pachake, wakanga ari pabasa, dai ai—aimupa bhachi iroro. Saka wakafunga, "Tose tiri vaviri tine mukana wokurarama kana ndikaricheka tikagovana naye." Saka wakatora bhachi rake, akaricheka napakati nomunondo wake, ndokuputira mupemhi uya naro. Iye akazviputira nebhachi rake.

Munhu wose akati, "Tarirai murindi uyo anoratidzika zvinosekesa. Tarirai musoja uyo anoratidzika-zvinosekesa, akazviputira nechidimbu chebhachi!"

203 Usiku hwakatevera, paakanga asina kuenda kubasa akarara pamubhedha, wakamutswa. Ndokuona, muimba maaiva, Jesu Kristu akamira akazviputira nechipenga chehanzu chaakanga aputirisa uya. Akaziva ipapo, "Chaunoitira kuvaduku vaNgu, ichocho unenge waitira Ini, kuvazodziwa vaNgu," vakarara apo.

Waiva muranda mukuru waMwari. Chechi yakamuseka, yakamutambudza, ikamudzinga, nezvimwe zvose, asi waiva muporofita waMwari. Zvaakataura zvaiitika. Varipo vazhinjivo, vakamutenda muzera iro.

204 Ndinoda kukuratidzai kuti Dhiyabhorosi unonyengera zvakadini. Rimwe zuva akanga akagara muimba yake yokuverengera. Ipapo pakasimuka mutumwa mukuru, ane korona pamusoro wake, akapfeka shangu dzendarama, maresi akapoteredza hanzu yake yendarama, ndokuti, "Martin, unondiziva here?" Akati, "Ndini Ishe noMuponesi. Ndini ndakakuponesa. Ndinamate, Martin." Asi muporofita uyu, achiziva kuti pane chimwe chinhu chisiri panzvimbo yacho chaipo, akaramba akamutarira. Akati, "Martin, ndini Muponesi wako, Jesu Kristu. Ndinamate! Haundizivi here, Martin?"

205 Martin akaramba akamutarisa, Magwaro achimhanya nomupfungwa dzake. Akati, "Satani, ibva kwandiri." Akati, "Une korona pamusoro wako. Uye Shoko raMwari rinoti 'vatsvene vaKe vachaMupfekedza korona' pakupera kwenguva."

Izvo hazvaigona here kukwezva vePentecosta? Tarisa Shoko iro, hama. Ndizvo zvinobatsira.

206 Rimwe zuva, zvakare, mumuzinda wezvokunamata, maiva nomutsvene wakwegura ikoko, nevakazvipira kunamata vechidiki vane chitsama. Pakanga pane mumwe wavo waiva nehasha dzaiva pahuma. Tarisisai izvi, heunoi mufananidzo wakanaka—wakanaka nhasi. Waida kuita somukuru wavo vose. Waida kuzviratidza iye, kuva namasimba, kuva chimwe chinhu chihombe, chinhu chiri nane, pamusoro peboka rose, munoziva, uye kuva chimwe chinhu chihombe. Waifanira kuzvibata zvepamusoro. Waida kuti dzimwe hama dzose dzisa . . . Munoziva, waitofanira kuva akasiyana. Maona? Iye, hazvina basa kuti chaiva chii, waizvitutumadza chaizvo. Ndiye

bedzi waifanira kuonekera pane vamwe vose. Hapana aifanira kumubata. Zvino tarisai chakazoitika. Waida kuva nechimwe chinhu chihombe. Waida kuzvienzanisa ne—nemasosaiti makuru. Munondinzwisisa? Maona? Saka, akati, akaporofita. Iye akati, "Ishe wakandiita muporofita, zvakare. Ndiri muporofita."

Zvino, paiva nomuporofita waizikanwa munyika, uyo waiva Mutsvene Martin; wakazvarwa ari muporofita.

207 Asi mukomana uyu wakati, mujaya uyu wakati, munamati uyu wakanga ane makore makumi maviri namashanu okuberekwa. Akati, "Ishe wakandiita muporofita, zvino ndichazviratidza izvozvo kwamuri." Akati, "Usiku huno Ishe vachandipa gemenzi rakanaka, hombe, vondipfekedza, gemenzi jena, vondigadzika pakati penyu. Ipapo imi mese muchauya kwandiri, maona, ndozokutumai zvokuita."

208 Zvino enzanisai izvo nhasi, maona, "Ndichava mukuru wesangano iri. Ndini ndichakuchengetai, mose imi vanamati."

Uye zvemazvirokwazvo chaizvo, "Usiku ihwohwo, zviedza zvakauya muimba iyi," sezvinorehwa nezvinyorwa zvaMartin Mutsvene. Zviverengei. Uye ndezvechokwadi. Inhoroondo. Uye zviedza zvakapinda, vamwe vose vachiona, uye ndokuuya . . . Iye waiva negemenzi jena, akamira pakati pavo. Ndokubva ati, "Munoona zvandakakuudzai?" Asi zvinopesana neShoko.

209 Uye paakaenda kunotora mutana mukuru wecollege, akafamba-famba achikwidza-nokudzika zvishoma, ndokuti, "Mwanakomana, hazvina kunyatsorurama izvozvo." Akati, "Pane nzira imwe chete." Heinoi! "Pane nzira imwe chete bedzi yokuti tizive nayo. Zvairatidzika kuva zvomweya." Mukomana, Pentecosta ingadai yakazvimbundikira izvo, mudzi, chituba, tambo yokuredzesa, chiredzo, nezvose! Akati, "Chishamiso ichi chingaratidzika sechakanaka, asi hachiratidziki sechakanaka paShoko. Zvino, kune mumwe munhu, muporofita akazodzwa, ane zita rinonzi Martin. Huya, hande pamberi pake."

Muchinda uya akati, "Kwete, kwete! Martin haana kana chokuita nenyaya iyi."

210 Iye ndokuti, "Uri kutoenda, zvakadaro." Zvino vakamubata ruoko, kuti vaende naye pamberi paMartin, ndokubva gemenzi riya ranyangarika kubva paari.

211 Maona, "Kuti zvinyengere Vasanangurwa dai zvaigoneka." Munoona, vanovaziva. Jesu akati, "Makwai aNgu anoziva Shoko raNgu."

"O," unoti, "'kunzwa "Inzwi" raNgu.'"

Iro ndiro Shoko raKe. "Munhu haangararami nechingwa bedzi, asi neShoko rose." Maona? Vakatemerwa vanoziva izvi. "Shoko romuenzi, kana kuti inzwi romuenzi, havariteveri."

Ndiwo maitire emachinda aya kumashure uko; havaimbotevera. Vaiziva kuti Martin wakanga aripo, muporofita

wezera iro, wakaratidzwa naMwari kuburikidza neShoko, anoziva Shoko. Uye murume uyo haaizombogona kumira pamberi paRo.

212 Akativo, "Pane Mutumbi," kana kuti Shoko, "ndipo, mumwaka, panoungana zvapungu." Zvino iyi ndiMat-. . . Kana muchida kuzvinyora pasi, iyo iMateo 24:28. Tisati tasvika, pana Mateo 24:24; ndima ina pazasi payo, maona kana muchida kuiona. "Pane Mutumbi," pane Manna, pane Shoko, "ndipo zvapungu pazvinoungana."

213 Zvino ndinofanira kukurumidza. Ndatarisa apo ndikaona kuti yava nguvai . . . Yava—yava maminitsi manomwe kana kuti maminitsi masere tapfuura twelve. Ndichanyatsokurumidza, kana kuti ndichazozvipedzisa usiku hwanhasi, chero zvamunenge mada kuti tiite. Mangwanani ano kana kuti usiku huno here? Hu? Vangani vanofanira kudzokera kudzimba tapedza shumiro, ndione maoko enyu, maona. O, ini zvangu, zviri nane tienderere mberi!

Ndine urombo kuchengetedza vanhu kunze uko vari pafoni saizvozvi, asi ndichakurumidza. Izvi zvinokosha kupfuura mari yenyu. Ndinotenda zvakadaro, kwandiri, maona. Mari yako ichapera. Iri hariperi; iShoko. Maona?

214 "Pane Mutumbi, ndipo panoungana zvapungu." Pane Mutumbi, pane cha—cha—chauraiwa, ndipo panoungana zvapungu. Pane Nyama ichangouraiwa, Shoko remwaka, ndipo panoungana zvapungu.

Asi kana yaora, ndipo panouya magora. Hongu. Maona zvandinoreva? Kana pane chauraiwa, ndipo panouya zvapungu; asi kana chagara apa, chikaora, ndipo panozouya magora. Chapungu hachizovi nechokuita nacho. Maona?

Jesu akati, "Pane Mutumbi," pakawira Manna, usiku uhwo Manna painonaya yakachena, "ndipo zvapungu pazvinoIunganira." Ndiyo Manna yezuva. Maona? Cherechedzai.

215 Asi kana yaora, honye dzava mairi, ndipo panozouya magora. Haagoni kuinhuwidza kusvikira yaora. Ndosaka hazvishamisi kuti Jesu wakamira apo akati, "Jerusarema, iwe wakataka namatombo vaporofita vose!" Cherechedzai chisazita, maona, "Jerusarema, Jerusarema, ndingadai ndaka . . ." Iye waiva Ani? "Ndingadai ndakakuunganidzai sezvinoita sheche vana vayo, iwe wakataka namatombo vaporofita vose vandakambokutumira," chechi iya huru, Jerusarema.

216 Jerusarema yakanga isiri yapanyika, "asi isu tiri veJerusarema yoKumusoro," kwakabva Shoko, kubva mukutemerwa, maona. Kwete Jerusarema yekare inoparara; Jerusarema Itsva isingaparari. Kwete Jerusarema yekare, yakavakwa navanhu; asi Jerusarema Itsva yakavakwa naMwari,

maona, Shoko kumusoro uko richiratidzwa pachena. "Muimba yaBaba vaNgu mune dzimba zhinji dzakaisvonaka. Ndichaenda ndonokugadzirirai idzo," Musiki achigadzira migwagwa yendarama, neyakadaro. NdiYo isingaparari.

217 "Jerusarema, Jerusarema, ndingadai Ini," kubvira pakutanga kwenguva; kwete Munhu wechitatu, mumwewo zvake munhu, asi, "Ini ndingadai ndakakuvhumbamira sezvinoita sheche pavana vayo, asi hauna kuda. Asi zvino nguva yako yasvika." Maona?

"Pane Mutumbi, ndipo panoungana zvapungu." Asi kana mutumbi waora, ndipo panoungana magora. Maona?

218 Cherechedzai. Mosesi, haana kumbopa vana vaMwari . . . Mosesi wakanga ari chapungu, uye haana kumbopa vana vaMwari zvakasiiwa naNowa. Maona? Waiva neShoko rakanga richangobva kuna Mwari. "Ishe Mwari wakasangana neni murenje, akasimbisa Shoko raKe, akandituma zasi kuno kuti ndikudaidzei mubude." Zvino ndipo pakauya vatevedzeri, vachiedzesera izvi. Maona? Asi iye waiva neShoko renguva.

Nokuti, Mwari wakati kuna Abrahama, uyo waiva nevimbiso, "Mbeu yako ichagara munyika youranda, mazana mana amakore, asi Ndichazovashanyira ndovabudisa noruoko rune simba."

219 Mosesi akati, "Zvino, Mwari uchataura neni ondiratidza, uye wondiudza zvokuita, ini ndichakuudzai." Akati, '"NDIRI' ndiye wanditumа."

"NDIRI!" Kwete "Ndaiva, kana kuti ndichava." "Ndiri," waizvozvi, Shoko izvozvi. Kwete Shoko raivapo, kana kuti Shoko richazovapo; Shoko riripo iko zvino. Maona? Mazvibata here? "NDIRI!" "NDIRI" iShoko. "Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari." Ndizvo here? "NDIRI." "Mwari wakandituma somuporofita waKe, kuzosimbisa izvi kuti ichokwadi. Ndini mhinduro kuShoko iri, wakandiudza kuti ndidzike kuno kuzoita izvi."

220 Uye paakaita izvi, Farao akati, "Zvakanaka, tine vakomana vakawanda muboka redu vanogona kuita izvozvo, zvakare," vatevedzeri.

Jesu akati, "Zvino, izvo zvichadzokorora zvakare mumazuva okupedzisira," maona, vachiti vanoita zvimwe chetezvo. Tarisai kuti ndiani wakatanga kuuya. Tarisai kuti ndiani wakamira neShoko. Ndizvozvo. Ndiwo mazikanirwe azvinoitwa, kuitira kuti muone.

221 Tinocherechedza, Mosesi haana kuvapa zvaiva zvenguva yaNowa, "Tichavaka areka zvino, nokuti iShoko, munoziva. Nowa wakavaka areka rimwe zuva." Kwete, magora ndiwo aidya zvakadaro. Kwete, kwete. Kwete.

222 Iri iShoko rakavimbiswa. Cherechedzai, paMharidzo yaakagamuchira kubva kuna Mwari, wakanga ane Shoko rechokwadi raMwari rakatemerwa renguva iyoyo.

NaJesuvo haana kuvapa zvakasiiwa naMosesi. Mosesi wakanga ane Shoko renguva iyoyo, asi Mosesi waiva muporofita. Heunoi Mwari Pachake, maona, haAna kuvapa zvakasiiwa naMosesi—Mosesi.

Asi tarisai magora awo musangano iro, aizvidya. "Tinoziva! Tina Mosesi! Hatifaniri kuva neWe."

223 Akati, "Dai makanga muchiziva Mosesi, mungadai maiNdiziva, nokuti Mosesi wakataura nezvaNgu." O, ini zvangu! Maona?

"Pane Mutumbi, ndipo panoungana zvapungu." Zvapungu! Shoko idzva richangouraiwa, Shoko richangosimudzwa, nokukodzwa, uye rikaratidzwa rikapiwa soKudya kwavana.

Zvino, mutumbi wachembera wagarapo kwamazana amakore, unenge uripo.

Saizvozvovo nhasi! Luther waiva nemharidzo yokutendeuka; asi, imi boka remagora echiLutheran! MaBaptist aiva nemharidzo; asi, imi magora echiBaptist! Maona? MaPentecosta aiva nemharidzo; tichiswedera zvino, magora echiPentecosta!

"Asi pane Mutumbi, ndipo pane zvapungu."

224 Rangarirai, kareko mumazuva apfuura, hamaigona kupa muLutheran, zvakaora zvechiKatorike, (iko zvino munogona kudaro). Kwete, changamire. Waiva nenyama ichangouraiwa. Ndiro raiva zera rechechi iyo.

Hawaipa muMethodist, mharidzo yechiLutheran. O, kwete, wakanga asingadi zvakaora izvo. Zvakaora. Maona, Upenyu, hwainge hwabuda kubvamo hwaenda mune chimwe. Ndiyo hunde yekare yakafa, kumashure uko. Upenyu huri kuramba huchifambira mberi.

Saizvozvovo haungapi chiPentecosta kuMwenga waJesu Kristu. Kwete, zvachose! Masangano akazara makonye; hapana zvinofambamo! Kwete, kwete!

Nokuti vimbiso inoti, "Uye zuva guru rinotyisa iro risati rasvika, ndichakutumirai Eriya muporofita. Iye uchadzorera mwoyo yevana kuKutenda kwemadzibaba zvakare." "Vimbiso dzose idzi dzakaitwa muBhaibheri, Ndichazviita, uye ipapo zvapungu zvichaungana." "Vose vaNdakapuwa naBaba vachauya kwaNdiri." Maona?

225 Jesu haana kumboedza izvozvo. Asi Jesu paakauya, Akamawana mapoka namapoka amagora, "Tina Moses nemurairo." Maona? Zvakanaka, zvaiva zvokudya zvakanaka

kareko pavakauraiwa vakapiwa. Maona, zvakanga zvakanaka panguva iyoyo.

Asi izvi ndizvo zvakafanotaurwa naMosesi, pachake, iye wakauraya chipiriso, wakati, "Mwari Ishe wenyu uchamutsa kubva pakati penyu, wehama dzenyu, Muprofita. Zvino zvichaitika, kuti upi noupi usingabatiriri paMuprofita uyu nezvaAnotaura, uchagurwa kubva pakati pevanhu." Uye zvakava saizvozvo.

226 Tarirai anenge mazana matanhatu ezviprofita zvakazadziswa ipapo, zveTestamente yeKare, pamusoro paJesu Kristu. "Vakandibaya maoko aNgu netsoka dzaNgu." Ndakanganwa, kuti zvinenge zvingani zvakazadziswa mumaawa manomwe kana masere okupedzisira oupenyu hwaKe, vose vaprofita vakazvitaura, zvakanyatsonanga.

227 Kana ndikaprofita nhasi kuti chimwe chinhu chichaitika mugore kubva zvino, pamwe—pamwe ndine mukana mumwe kubva mumishanu kuti zvingangoitika, chero zviri zvechokwadi kana zvenhema. Kana ndikafanotaura kuti chakati chichaitika, ndikasareva kuti riini, mukana wangu unoita mushoma. Kana ndikareva kuti chinofanira kuitika riini, zvinondipa mukana mushoma. Kana ndikareva pachinofanira kuitika, zvinopa mukana mudukuzve. Kana ndikareva . . . kuti zvichaitika kuna ani, zvino ndinosara ndine mukana mudukusa wokuti zvingaitika, kana zviri zvenhema.

Uye Shoko rose, hareruya, rakanyorwa pamusoro paMesiya uya, rakazadziswa vara rose. Kusvika rimwe zuva, achiverenga Magwaro, Wakagumira pakati pendima, akati, "Mweya waMwari uri pamusoro paNgu kuti ndiparidze Evhangeri, uye kudzikinura va . . ." Ndokumirira pakati chaipo pakati pendima, nokuti kokupedzisira kose ndezvopaKuuya kwaKe kweChipiri. Ameni! "Matenga nenyika zvichapfuura; Mashoko aNgu haangapfuuri." Maona?

228 NdiYe waiva Shoko zvino, ndiro raivagutsa. Mosesi wakavaudza Chokwadi; asi, munoona, vanogara vachingoita sangano kubva pachiri, kuitira kuti magora a . . .

Pane zvimwe zvinosara mushure mokunge zvapungu zvapedza kudya zvaenda kumusha. Ipapo zvino vanenge vamirira kuona zvimwe. "Shoko," vanoti, "pano ndopaRinofanira kuuya. Zuro takadya nhoro; mangwana tichadya gwai." Munoona zvandinoreva? "Zasi uko kune mutumbi wenhoro, uri kuora, asi tine gwai riri kuuya nhasi. Riripiko?" Munoona zvandinoreva? Zvokudya zvavatumwa! Vanhu vakadya manna rimwe zuva, dai vakaedza kuchengeta manna iyi kusvika mangwana, yaiwora. Hamuoni here mifananidzo yose, kuti yakakwana zvakadii? Zvimwe chete nazvino!

229 Cherechedzai, magora enguva yaJesu aidzingavo madhimoni; vazodziwa pamutumbi wekare. Ndizvo here? Vaidzinga madhimoni. Jesu wakadero.

Uye rangarirai, vaiva navaprofita mumazuva iwayo. Kaifasi, muprista mukuru, wakaprofita. Vangani vanozviziva izvozvo? Kaifasi wakaprofita. Cherechedzai panzvimbo pane shawi mumunda; rinodiridzirwa nechizoro chimwe chetecho. Sei Bhaibheri rakati wakaprofita? "Nokuti ndiye waiva muprisita mukuru gore iroro." Gora rakaora, shawi uye munzwa, pakati peGorosi; asi Mweya waiva pamusoro pake, Mweya Mutsvene chaiwo waMwari. Mweya Mutsvene waMwari waiva pamusoro pake, kuti aparidze, aprofite, nokufanoreva zvichaitika; uye kuramba nokurovera Shoko rakasimbiswa renguva.

O, tsitsi, hama! Tingaramba tichitaura zvinhu izvi nguva yakareba zvakadii, maona, zvakadii tichipinda nomuMagwaro? Ndava kukurumidza. Ndine mapeji gumi pano, eMagwaro, okuratidza kuti zvinhu zvose ndomamirire azvo. "Zuva pane vakarurama nevasakarurama, zvimwe chete."

230 Jesu wakati, kuti tiratidze izvi sezvazviri. "Kana Ini ndichidzinga madhimoni nerumunwe rwaMwari, ko vana venyu vanoadzinga nei?" Zvino, vaidzinga madhimoni. Vaiprofita. Ndizvo here? Asi havana kuMuziva kuti iShoko renguva, (sei?) nokuti Wakanga asiri weboka ravo.

Zvino torai Mateo 24:24, "VanaKristu venhema," vazodziwa, "vachauya, uye vachange vari vaprofita venhema vachiprofita," maona, "uye vachanyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka." Mazvibata here zvino?

231 Cherechedzai vana. "Ko vana . . . Kana ndichidzinga madhimoni neShoko raMwari," iro, Iye waiva Shoko raMwari, "ko vana venyu vemasangano vanoadzinga nei?" Zvino, Mwari chete ndiye unogona kudzinga dhimoni, tinozviziva izvozvo, Mwari chete. Nokuti, murume wokupamba anofanira kusimba kupfuura ari mumba make. Vaive nesimba rokuzviita.

Munoziva, muna Zvakazarurwa umo, makanzi, ucha . . . antikristu uya uchamuka mumazuva okupedzisira, "Agoita zviratidzo nemashura, zvakatonyengera avo vanogara pachiso chenyika, nokunyengera mumwe nomumwe wavo, maKristu navose, vane mazita avo asina kunyorwa muBhuku reGwayana roUpenyu," mhinduro kuna Mateo 24:24, "avo vane mazita asina kunyorwa muBhuku reGwayana roUpenyu kubva nyika isati yavambwa."

Upenyu uhwo hwaiva mumudzi wo—womuranjisi chaiwo uya, ukapinda mumichero yechicitrus iya nemimwe yose, ikapfuura ikabereka muchero pamusoro pomuti, pamusoro pamasangano nematavi akadzimikirwa. Mazvibata here? Ndava kukurumidza. Murume wakasimba . . .

232 Rangarirai Dhavhidhi zvino, waiva akatendeka, akaperera, achiedza kuitira Mwari basa, asina kugadzwa kuita basa iroro.

"Ivo," vazodziwa; asi Jesu akati, "Vanodzidzisa seDzidziso dziri dudziro (dzaMagwaro) dzavanhu," maona, risiri Shoko raMwari, risiri Shoko rakatsigirwa raKe; vachidzidzisa Kristu wenhoroondo, maona, chimwe chinhu chaivako.

Uye Bhaibheri rakati, "Ndiye," "NDIRI," kwete "Ndaiva kana ndichava." "NDIRI, izvozvi." Ndiye Shoko rinorarama kusvika nazvino.

Waivapo, pakutanga, Waiva pa. . . Waiva mu—mu—mashizha; Waiva mumuchekechera; Waiva muchikwande; asi zvino Wava muTsanga.

233 Zvino, ungadzokera kareko ukaedza kuraramazve? Ko dai Upenyu huya hwakafamba huchidzokera zasi, munofunga Upenyu (hwapfuura) hungataurazve, hungadzokera kuhundi yachembera yaoma, hungadzokera kundorarama imomozve here? Hahumbodaro. "Nokuti hazvigoneki kuti avo vakambovhenekerwa," vakaramba kufamba neShoko paraiitika, "vafa, vapera; uye minzwa nerukato zvoda kurambwa, magumo azvo kupiswa." Ndizvo here?

Zvino ndava kukurumidza nezvose zviri mandiri.

234 Cherechedzai Magwaro zvino. Vachidzidzisa Mwari wenhoroondo, maona, sokuedza kwavari kuita kurarama munguva yapfuura, sokuti, "Zvakanaka, Hwisiri wakati *chokuti-nechokuti*. Kana kuti, *Nhingi-nhingi* wakati *chokuti-nechokuti*." Uri kuramba Shoko rakavimbiswa rezuva, Manna yakanyatsoratidzwa kuti ndeyezuva iroro. Vanoedza kuisa waini yechiLutheran yavo, yechiBaptist, yechiPentecosta mabhotoro edu matsva. Hazvishandi. Uye Waini yedu itsva, mumabhotoro avo masharu, hazvishandi. Vakaedza kuisa Waini itsva iyi musangano, upenzi hwavo hunobva hwaonekwa. Havangagoni kuzviita. Rinoputika.

235 "Zvino, hama, ndakaona Shoko raMwari, zvakanyatsoenderana neShoko!"

"Zvino, onai apa, chiremba, kana. . . Ha—hatidi Izvo." Nedi, ndinofunga wakasangana nezvakadai zvino uno. "Isu, hatitombodi Izvozvo pano. Ndi—ndingatoda hangu pamwe kuti uende." Munoziva. Munoona, hazvishandi. Zvinoputika.

"Hausoneri chigamba chitsva pahanzu sharu, nokuti unoita kuti inyanye kubvaruka." Maona? Jesu haana kudero here? Haugoni kuisa Waini itsva mumabhotoro masharu. Inomaputisa. Waini itsva ine Upenyu mairi. Ndizvo chaizvo.

236 Cherechedzai pano chimwe chinhu, tichikurumidza zvino, tichipedzisa. . . nhaurwa yedu. Cherechedzai Zvakazarurwa 16:13 kusvika 14, kana muchida kuzvinyora pasi. Ndingangotadza kuwana nguva yokupinda mazviri. Ndinoda

kuti muve nechokwadi nokuzviona. Zvino cherechedzai, apa ndipo pane kuridzwa kwepakati peNdiro yehasha yeChitanhatu neyeChinomwe.

237 Zvino ticha—tichavhara muchinguvana, kana mukakwanisa kutsungirira kwemamwe maminitsi mashoma. Tava kuvhara zvino.

238 Cherechedzai Zvakazarurwa 16:13 kusvika 14, pakati peNdiro yehasha yeChitanhatu neyeChinomwe, "Mweya mitatu yetsvina inenge matatya" (mazviona here izvozvo?) "yakabuda mumuromo memumwe munhu." Zvino cherechedzai, nokukurumidza. Magadzirira here? Itii, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Hutatu hwemweya!

239 Zvino hama yokumasangano, imboramba wakagara kwechinguvana. Usasimuka uchibuda muno, nemi muri kunzwa neredhiyo, nevakabatana nesu nefoni. Musadzima tepi rekodha. Imbogarai zvishoma, muterere. Kana makazvarwa naMwari, muchadaro.

240 Matatya matatu! Datya chipuka chinogara chichitarisa shure. Haritarisi kwariri kuenda; rinotarira kwarabva. Maona? Hamuzvioni here? Ko zvamwari vatatu mumwe zvakazvarirwa papi? Rangarirai, "mweya mitatu yetsvina," mumwe nomumwe uri wega. Muri kuzvibata? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

241 Cherechedzai, vanotarira shure paKanzuru yepaNicaea, uko kwakazvarirwa dzidziso yezvamwari vatatu mumwe, kwete muBhaibheri. Hamuna zvakadero. Vanocheukira kuKanzuru yeNicaea, paNicaea kuRoma, pakazvarirwa zvamwari vatatu mumwe.

Cherechedzai kwavakabva nako. Cherechedzai. Matatya matatu akabva muutatu hwekare, mai vahwo, vakazvara utatu hutsva. Hwakabuda pai? Utatu, "mushato," munoona, "chikara," uye, "muprofita wenhema." Utatu, hutsva. Nokuti matatya awa akabuda riini? Ndiriini? Cherechedzai, akanga aripo nguva dzose, asi akangozoratidzwa pakati peNdiro yehasha yeChitanhatu neyeChinomwe, Zvisimbiso zvotoda kuvhurwa kuti zvizviise pachena.

"Nokuti muMharidzo yomutumwa wechinomwe, zvakavanzika zvaMwari zvichazikanwa," zvose izvi zveutatu umwe, nekubhapatidza kwenhema, nezvose zvinofanira kuratidzwa pachena. Mwari vatibatsire kuti tione kuti Chokwadi ndechipi! Tirege kufunga kuti ndomumwe munhu ari kuedza kureva chimwe chinhu . . .

242 Ndaunzwa mweya uyo uchiZviramba, maona. Handisi kutaura pamusoro pezvangu, hama. Ndiri kutaura pamusoro poMutumwa waShe ari mumusasa. Ndizvozvo chaizvo.

243 Cherechedzai, utatu! "Shato," vangani vanoziva kuti Shato chii? IRoma. "Shato yakamira pamberi pomudzimai kuti

idye mwana wake paanenge achangoponewa." Ndizvo here? Kuti "chikara" zvinorevei muBhaibheri? Simba. Ndizvozvo. "Muprofita wenhema, muprofita wenhema," muzodziwa, wenhema. Maona?

244 Wakatangira kupi? Uyu "muprofita wenhema" mumwe. "Muprofita wenhema," papa wokutanga; uye kubva ipapo pakabuda "mho—mhombwe, uye amai vezvifeve," zvose.

Utatu hwenhema hwakanga hwuchisimuka; kwete mumazuva okutanga, hauna kuratidzwa mumazuva okutanga, hukaramba huchienda nazvo. Asi pakavhurika Zvisimbiso Zvinomwe, zvikazarura zvakavanzika zvikazvizarura; ndipo "matatya, mweya yetsvina mitatu yakaita sematatya, yakabuda ikazviratidza," dzidziso yeutatu ichipesana neChokwadi. Maona? U!

Munoona kwawakabva? Munoona kwauri kudzokera? KuKanzuru yeMubatanidzwa. Vose madzikoma navanun'una, saizvozvo; mweya mimwe chete, chinhu chimwe chete.

Uye tarisai. Unonyengera chaizvo, unoita mashura! Uye awa madhimoni anoenda kunaana mwari wenyika ino, achiita mashura, kuitira kunyengera vomuzuva rokupedzisira, uye achabudirira kuita izvozvo. Mwari wakati chii pamusoro pomweya wakaipa uyu?

Wakati, "Ndichaenda ndinopinda mumiromo yavaprofita avo ndigovaita kuti vaprofite nhema, vagokonzera kuti Ahabhu abude agoparadzwa."

245 Mwari akati, "Enda. Uchandobudirira. Uchandovaita kuti vakutende. Nokuti havasi paShoko iro, kubva pakutanga." Maona? "Enda, nokuti uchandomunyengetedza akabvuma. Ndiwe uchazviita, wapinda muvaprofita venhema, nokuti unovimba navo. Uye haana chaanoziva cheShoko, uye haasi kuzomboedza kuRidzidza. Haagoni kudaro, nokuti iye munzwa, kubva pakutanga." Maona? Maona? "Uchabudirira."

246 Tarisai matatya enhema awa, achitarisa kumashure, "Nemhaka yei, munoziva zvavakataura kareko paNicaea?"

Handina basa nokuti vakati chii, ipapo paNicaea. Ndiri kureva zvavakataura kumusoro uko paChigaro Choumambo chaMwari; zvazvichava, kwete zvazvaiva; zvazvichava, nokuti Ndiye "NDIRI." Maona?

"Venhema." Munozviona izvo. U! Cherechedzai kwazvakabva nako.

247 Zvino nyatsotererai. Tinoona pachena, mushure meZvisimbiso Zvinomwe zvazarurwa, kuitira kuti chakavanzika icho chionekwe. Utatu uhu chii? Maona? Ndepi kwachakanzi utatu? Maona? Ndokupi muBhaibheri pakambonzi Shoko routatu? Ndokupi kuna vanaMwari vatatu, vokuti tinamate vanaMwari vatatu tikasava vahedheni?

Vangava vakapatsanuka sei, Iye akati, "Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe"? "Kunze kokunge mukatenda kuti Ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu, maona, mukusatenda kwenyu." Chivi kusatenda. "Muchafira mukusatenda kwenyu."

O, ko munoti Ndini ani, uye zviya imi munoti ndakabvepi,
O, munoziva here Baba vaNgu, kana kududza Zita raVo?
NDINI Ruva reSharon, Nyeredzi yaMangwanani inopenya.

Mungandiudza kuti Ndiani Uyu?

NDINI ndakataura naMosesi mugwenzi raibvira Moto,
NDINI Mwari waAbraham, Nyeredzi yaMangwanani inopenya.
NDINI Ruva reSharon, o, zviya imi munoti ndakabvepi;
O, munoziva here Baba vaNgu, kana kududza Zita raVo? (Ameni!)

Ndini Arufa, Omega, Mavambo kubva kuMagumo;
NDINI kusika kwose, uye Jesu ndiro Zita rake.

248 Ndizvozvo. Hakuna utatu! Kwete, changamire. Chinhu chenhema icho.

Zvisimbiso Zvinomwe, zvichizarura zvakavanzika izvo "zvinofanira kupedziswa," zvichionekwa. Chisimbiso chavhurika; chinojekesa, choratidza, choisa pachena Chokwadi chakanga chakavanzika muChisimbiso icho makore ose awa, nomumakereke ose awa nemasangano.

"Mhombwe huru," yomuna Zvakazarurwa yechinomwe-. . . Waiva ani mukadzi uyu? Asi ndi "MAI VEZVIPFEVE," zvakare. Maona?

249 "Zvino, mavati 'magora,'" unoti, "Hama Branham." Ndizvozvo.

Asi, rangarirai, gora ishiri. Rakazodzwavo kuti ribhururukewo, zvakare. "Mweya miviri iyi inenge iri pedo napedo zvokuti yaigona kunyengera Vasanangurwa . . ." Gora rakakura se—sechapungu. Rinogona kubhururuka sechapungu; uye rakazodzwa kuti ribhururuke, kana kuti riparidze, kana kuprofita, cherechedzai, sezvinongoita chapungu. Asi harigoni kutevera chapungu pakuenda mudenga. Kwete, kwete. Rikaedza kutevera chapungu, upenzi hwaro hunobuda pachena. Hongu, changamire. Harigoni kutevera chapungu.

O, rinogona kuti, "Ndinotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. Ndinotenda Mwari Baba, Samasimba Ose, Musiki wematenga nenyika; Jesu Kristu Mwanakomana

waKe, nezvakadero.” O, chokwadi, vanogona kuzviita. Asi ko kuzomuti Ndiye mumwe cheteyo zuro, nanhasi, nokusingaperi? Maona?

250 Chapungu ishiri ine masikirwe akatsaukana. Hapana chakafanana nayo, panyika. Maona? Iyo—iyo . . . Kana gora rikaedza kuitevera kana imwewo shiri, inoputika. Upenzi hwayo hunobuda pachena, zvechokwadi. Inoputika painoedza kuisa Waini itsva mubhotoro sharu. Maona, inoputika. Inobvanganyuka. Haina kugadzirwa, haina . . . Mutumbi wayo hauna kugadzirwa kuti urambe wakabatana wava mudenga umo. Ikakwira mudengadenga umo, kana isina kugadzirwa, kugadzwa, kutemerwa, kuzvarwa iri chapungu, inoputika yoita zvinyama zvinyama. Maona? Minhenga inovhomoka kubva pamapapiro ayo, yobva yadonhera pasi. Zvechokwadika. Haigoni kutevera chapungu, pakuenda mudenga. Kana ikaedza, upenzi hwayo hunoratidzwa. Ndizvo chaizvo. Haigoni.

251 Nemhaka yei? Haigoni kuona sechapungu. Zvinobetserei kuedza kusvetukira mudenga, wozotadza kuona pauri urimo mudenga imomo? Uye kana ikaedza, kutevedzera chapungu ichi, kuenda mudenga, inopofumara zvekuti haizozivi zvairi kuita. Ndizvo chaizvo. Anorira nokudanidzira, nokungodero; asi ingotaura Shoko kwaari, vakomana, ipapo upenzi hwake hunoonekwa.

Taura naye pamusoro porubhapatidzo muZita raJesu Kristu, kana, Iye kuva kwake mumwe cheteyo zuro, nanhasi, nokusingaperi, zvose—zvose zvakadaro, umutaurire. “Sei, o, imbomira zvishoma!” Maona? O, hongu, ipapo minhenga yake yava kutodonha. Maona, ipapo wapedza kusvetuka, nokuporofita, nokudzinga madhimoni, nokutaura nendimi, nokudanidzira, nokuenderera mberi, achimhanya achikwidza nokudzika ari pasi imomo. Asi ngaasaedza kutevera mudenga Umo; nemhaka yei, unozozikanwa zvaari zvamazvirokwazvo.

Asi, zvakadaro yakagadzwa. Yakazodzwa. Inogona kubhururuka. Inogona kuzvimisa zvakanaka, yokwira kumusoro uko, asi kwete . . . inongosvika pedo. Maona, inogona kudya zvakaora, asi haigoni kudya Nyama ichangofa inobva paChigaro choUmambo.

Ibofu. Akazara manyawi, asi haazivi kuti awa manyawi ei. Maona, Mweya mumwe chete wakauya pamusoro pake, semvura, kuti imuite gorosi; iye haasi gorosi kubvira pakutanga. Anoputika. “O, handigoni ku . . . O, kwete, changamire! Ndinoziva Chiremba Jones vakati . . . ” Zvakanaka, enda wakadero. Maona? Enda wakadero, kana uchida.

252 Kwete, cherechedza, haana kuzvarwa, kana kugadzirwa, kana kutemerwa, kuva mhando iyoyo yeshiri. Anogona ku . . . Ano . . . gona kuva ndimu riri kukura pamuranjisi, asi haabvi pamidzi. Ndechimwe chinhu chakawedzerwa. Uye kana

vakwirira chaizvo mumasangano avo zvokuti havachaoni Shoko raMwari rakatemerwa richisimbiswa, zvino upenzi hwavo hunobva hwaonekwa. "O, zvinhu izvo, Denderedzwa rechiedza riri nechapamusoro pomusoro, nezvose, o, Izvi hazvina musoro." Maona? Zvinobva zvaonekwa.

253 Haana kugadzirwa zvokukwanisa kuona kure. Unongokwanisa kuona kusvika chete kure kwaanobvumirwa kuona namagirazi ake emasangano. Asi, mushure maizvozvo, anobva ava bofu sechiremwaremwa. Ipapa ndipo panozooneka upenzi hwake. Maona? Apa ndipo panogara zvapungu chaizvo zvichidya. Hongu, changamire. Apa ndipo zvapungu chaizvo, zvakasanangurwa zvinoona zvaari. Kana achiramba kutora Shoko, vanobva vaziva ipapo kuti igora remasangano.

254 Sei, sei asingagoni kubhururuka? Nokuti, tarisa zvaanga achidya. Anga achidya zvokudya zvakaora zvamasangano. Hazvi—hazviiti mutumbi wake kuti uve wapamweya, hazvimupi kusimba pamweya, nemamwe manzwi, kuti akwanise kutakurwa oenda pamusoro pekusiyana-siyana kwamasangano. Maona? Maona, wakadya zvakaora; mutumbi wake wakaumbwa naizvozvo. Havangasviki kumusoro uko kunosvitswa chapungu chiya neNyama iya ichangouraiwa. Haangazvigoni. Maona?

255 Izvo zvinozadzisa Mateo 24:24. Ari kubhururuka, achisvetuka imomo mumhepo, achifumha mapapiro ake, asi haagoni kukwirira mudenga zvakakwana. Maona? Ndizvo chaizvo. Maona, haagoni kuenda, haagoni kukwirira mudenga zvakakwana kuti asvikire Manna itsva. Anogona kudya manna yakare iripo pano pasi, tsuro dzakafa kare dzakatsikwa nguva inopfuura vhiki yapfuura, kana mwedzi watopfuura, kana kuti makore makumi mana apfuura, zvakaora. Anogona kudya izvozvo, nokugutsikana nazvo, nokurira nokuzhamba, nokuenderera mberi, nokusvetuka nokubhururuka sechimwe chapungu. Akazodzwa, seimwe shiri.

Uye ndeimwe mhando yechapungu, iro gora. Tinozviziva. Ndizvo zvariri, asi harigoni kutevera chapungu chaicho chiya. Maona? Harigoni kuzviita. Kwete, changamire. Muviri waro hauna kugadzirwa; ranga richidya zvakaora zvakasiyana-siyana, maona, uye haizo . . . haizovi—haizovi Nyama ichangofa, Manna ichangouya. Zvinenge zviri zvimwe zvakataurwa naLuther, zvakataurwa naHwisiri, kana naChiremba *Nhingi-nhingi*. Kwete zvakarehwa naJesu zvenguva ino.

256 Handei mberi zvino, tiswedere pedo. Vazodziwa, "VanaKristu," mumazuva okupedzisira, asi "vadzidzisi venhema nemuprofita wenhema." Cherechedzai kuti zvinonanga zvakadini! Zvino ndinoda kuti muenzanise izvi; hatichina nguva yokupaverenga, Mateo 24:24 naTimoti yeChipiri 3:8.

Mateo 24:24 yakati, mumazuva okupedzisira, maona, "pachauya vanaKristu venhema," venhema, vakazodzwa,

"vaprofita venhema, uye vachaita zviratidzo nemashura," sezvinongoita Chaiye-Chaiye, "Uye vacha—uye vachapotsa vanyengera Vasanangurwa chaivo." Zvino cherechedzai, waiva Jesu achitaura.

257 Pano Pauro anouya, mushure maKe, oti, "Zvino, mumazuva okupedzisira, kuchauya vanhu vanonamata, maona, vane mufananidzo chete wokunamata. Vachatapa zvikadzi zvine upenzi, vanotungamirirwa nemhando dzose dzokuchiva kwenyika."

Uye vanoshamisika, vachiti, "Munotaurirei nezvevakadzi?" O, imi wee . . . HavatomboZvioni.

"Vachitapa zvikadzi zvine upenzi, zvakaremerwa nemhando dzoruchiva," kubva pazvinhu zvakafanana . . . zve . . . Maona, "Uye saJane naJambure . . . "

Mateo 24:24, "VanaKristu venhema," vakazodzwa, venhema, vachiita zviratidzo nemashura kuitira kunyengera Vasanangurwa.

"Zvino saJane naJambure vakapikisa Mosesi, ndozvichaitawo varashwi ava; vane ndangariro dzakarashika paKutenda." Kwete kutenda "nje." "Kutenda Chaiko!"

"Kutenda kumwe, Ishe mumwe, rubha . . . " Hamungavi no "Kutenda kumwe" musingatendi muna "Ishe mumwe." Hamungavi nerubhapatidzo ruviri, uye kwete rumwe rwaBaba, noMwanakomana, noMweya Mutsvene. "Rubhapatidzo rumwe," Jesu Kristu. Ndizvozvo. Maona, rubhapatidzo rwenhema!

258 Cherechedzai, maenzanisei ari maviri masvika kumba. Cherechedzai Mateo 24:24, Jesu achitaura; Pauro, Timoti yeChipiri 3:8; nemamwe mazhinji. Zvino maenzanisei.

259 Zvino isai rimwe Gwaro, Ruka 17:30, Maraki 4.

"SaJane naJambure vakapikisa naMosesi," Shoko renguva rakazodzwa, "ndozvichaitawo varume ava," kwete murume, "varume," vakazodzwa, "vanorwisa Zvokwadi."

260 "Muzuva chairo iro Mwanakomana womunhu paanoratidzwa." Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7, iverengei kana masvika kumba, "Mharidzo yomutumwa wechinomwe, achivhura Zvisimbiso." Chii? Kwete kuti mutumwa ndiye Mwanakomana womunhu; asi kuti mutumwa ari kuzarura Mwanakomana womunhu. Munokwanisa kuzvibata zvakapatsanuka here zvino? Ndipo pazvinoratidza kunyanya kukuomerai, mazviona. Kwete Mwanakomana womunhu, paChake; asi mutumwa wechinomwe, nhume yechinomwe, iri kuzarurira ruzhinji Mwanakomana womunhu, nokuti Wabuda muchikwande. HaangaMuiti sangano. Nokuti iTsanga, paChayo, zvakare.

"Uye muzuva iro, Jane naJambure vachipikisa," vakazodzwa (vatendi vanoedzesera nevasingatendi, chechi yetsika

nevePentecosta) vachamira vachipesana neTsanga yechokwadi, "asi vasiyei vakadaro; upenzi hwavo huchaonekwa, sezvakaita hwevaya." Maona? Manzwisisa zvino? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

261 Zvakazarurwa 10, yakati, "Mumazuva anoridza mutumwa wechinomwe." Zvino rangarirai, wechinomwe, Zera reKereke reRaodhikia. "Kuridza kwemutumwa iyeye," zera rekereke iroro parinenge raita sangano, rava zera rekereke, razadzisa zvesangano rePentecosta; apo mutumwa ikoko . . .

Mutumwa wega-wega waiva chii? Martin Luther waiva chii? Kutsiura kuchiKatorike. Wesley waiva chii? Kutsiura kuvaLutheran. Pentecost chaiva chii? Kutsiura kune vamwe ava. Upenyu zvino hwaendepi? Kure nemasangano. Hachisisiri chikwande; yava Tsanga. Chii? Kutsiura kuPentecosta, maona, kuitira kuzadzisa Gwaro renguva ino. Maona?

262 Cherechedzai, zuva chairo apo mutumwa uyu paaka . . . Kwete paanotanga, asi paanotanga kuzivisa Mharidzo yake. Maona? Kudhonza Kokutanga, kupodza; Kudhonza Kwepiri, kuporofita; Kudhonza Kwetatu, kuzarurwa kweShoko, zvakavanzika zvichiiswa pachena. Hapachina, hapachinazve chiero chakakwirira chokuzarura Shoko, chinopfuura vaporofita. Asi nzira chete yokuti muporofita atsigirwe zvinoitwa neShoko. Uye, rangarirai, Kudhonza Kwetatu kwaiva kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, kuzarura Chokwadi chakavanzika changa chakasimbiswa chiri muShoko. Muri kuzviona here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

Ndipo zvino, muzuva iroro apo izvi zvichifanira kuitika, vanaJane naJambure, vatevedzeri, pavanoonekwa zvakare. Sezvavakangoita Mosesi paakauya neShoko rokutanga, kuti aRitaure; vanoonekwa kuti vaRitevedzere. Saizvozvo chaizvo. Zvino munoona here kuti Mateo 24:24 chii? Munoona, vazodziwa!

263 Zvino pane zvinhu zvitatu zvatava kuzotaura tisati tavhara. Hezvinoi. Ndinoda kuti mutererese zvino apo tava kuvhara. Zvinhu zvitatu, rangarirai, zvinhu zvitatu zvakatozadziswa. Zvinhu zvitatu zviri pamberi penyu izvozvi.

264 Chokutanga. Pasi pose pava nechimiro cheSodhoma. Jesu wakati zvichaitika. Tarirai kutsveyama; vakadzi vedu vari kuedza kuita sevarume; varume vedu vari kuedza kuita savakadzi, muitiro wechikadzi; zvakaora, zvine tsvina, zvakashoreka, vakabatwa namadhimoni, uye havazvizivi. Bhaibheri rakati izvi zvichaitika, uye ndipo pazvava.

265 Chepiri. Munguva iyoyo, zvichienderana neMagwaro pano, apo Jane naJambure vanoonekwa. Chepiri.

266 Chetatu. Munguva imwe chete iyoyo apo Mwanakomana womunhu anozarurwa.

267 Hoyo mutendi wenyu, mutendi wenyu wokuedzesera, neusingatendi wenyu. Pane Shoko ramazvirokwazvo rakabudikira, rakasimbiswa; hoyo mutendi wokuedzesera achiRiedzesera; uye hoyo usingatendi achizviramba zvose.

> Asi kuchava ne Chiedza panguva ye Manheru,
> Nzira yo KuBwinya muchaiona zvirokwazvo. (Ndizvo here?)
>
> Marudzi arikupamuka, Israeri irikupepuka,
> Zviratidzo zvakafanotaurwa ne Bhaibheri redu;
> Mazuva amarudzi aganhurwa (Sodhoma), zvinovhundutsa zvaikomba
> Dzokai, O imi vakateteretswa, kunyika kwenyu.
>
> Zuva rorudzikinuro rava pedyo,
> Mwoyo yavanhu iri kugwamba, nokutya;
> Zadzwai no mweya wa Mwari, mwenje yenyu yanatsiridzwa yakajeka, (kuti mukwanise kuona Shoko renguva,)
> Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwava pedyo!
>
> Vaporofita venhema varikunyepa, (vazodziwa ava; vakanzi vachange varipo), Zvokwadi ya Mwari varikuiramba,
> Yokuti Jesu Kristo Ndiye Mwari wedu.

Ndizvo, havaZvitendi. Bhaibheri rakati chinhu icho chichavapo. Hechinoi!

> Asi isu tichafamba pakafamba va Apostori. (Chiedza Chimwe Chete! “Uye kudzorera Kutenda kwamadzibaba kuvana.”)
>
> Zuva rorudzikinuro rava pedyo, pedyo chaizvo,
> Mwoyo yavanhu iri kugwamba nokutya, (nyika iri kudhirikira);
> Oh, zadzwai no Mweya wa Mwari, mwenje yenyu yanatsiridzwa yakajeka.
> Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava pedyo.

Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

268 Kunze uko kunyika kuri kusvikwa neMharidzo ino, kubva kumahombekombe okuMabvazuva kusvika kuMadokero, kubva kuCalifornia kusvika kuNew York, tichidzika Zasi, tokwira kumusoro, kunze uko kumamishoni, nekose kwaRiri kuenda, nomutabherinakeri ino. Tiri varombo. Hatina zvinhu zvihombe, zvikuru, zvinoyevedza, nezvirongwa zvinobuda patelevision. Tiri kungoedza napose patinogona napo. “Asi vose vandakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.”

269 Zvino, ndinoda kuti muzive kuti izvi zvinhu ndezvamazvirokwazvo, nemi muri kuterera tepi ino. Mungadaro mafunga nhasi kuti ndanga ndichiedza kutaura pamusoro pangu, sezvo ndirini ndakatakura Mharidzo ino. Ini handina chokuita naYo zvachose, chinopfuura kungoti ndiri inzwi. Uye, inzwi rangu, zvichipesana nemaonero angu ari nani; ndaitoda kuva muvhimi. Asi kuda kwaBaba vangu kwandinokuzivisai kuti ndinoita, uye ndakazvipira kukuita.

Handizini Iye akazviratidza parwizi; ini ndakanga ndakangomirapo paAkazviratidza. Handizini Iye anoita zvinhu izvi nokufanotaura zvinhu izvi zvinoitika nomazvo chaimo; ndiniwo chete ndinenge ndiri pedyo paAnozviita. Ndakangova inzwi chete raAkashandisa, kuZvitaura. Hazvizi zvandaiziva; ndezvandakangozviregedzera kwazviri, kuitira kuti Ataure nomandiri. Handizini, wakanga asiri mutumwa wechinomwe, o, kwete; kwaiva kuratidzwa koMwanakomana womunhu. Wakanga asiri mutumwa, mharidzo yake; ichakavanzika chakabhedhenurwa naMwari. Haazi munhu; ndiMwari. Mutumwa akanga asiri Mwanakomana womunhu, mutumwa wakabva kuMwanakomana womunhu. Mwanakomana womunhu ndiKristu; ndiYe wamuri kudya paAri. Hamuzi kudya pamunhu; munhu, mashoko ake anokundika. Asi muri kudya paMutumbi-Shoko usingakundiki weMwanakomana womunhu.

270 Kana usati wadya paShoko rimwe nerimwe zvizere, kuti uzvipe simba rokubhururuka napamusoro pemasangano ose nezvinhu zvenyika, haungazviiti here nguva ino, tichinamata?

271 Baba vanodiwa, ichi chinhu chakaoma. Hazvizi nyore kuti munhu anofa azviite. Imi munoziva zvinhu zvose. Uye ndinonamata Imi, Mwari vanodiwa, kuti zvisatadza kunzwisiswa. Asi, dai vanhu vakafamba muChiedza cheShoko reNyu.

272 Uye, Mwari Baba, handizivi kuti Vasanangurwa ndivanani; Imi ndimi munovaziva. Handizivi kuti Kuuya kweNyu ndiriini. Asi ndinongoziva kuti Makati kana izvi zvoitika, ava venhema, vakazodzwa; kwete pavakatanga.

Mosesi wakangovasiya vakadero, nokuti hapana zvaaigona kuita pamusoro pazvo. Akangotaura bedzi izvo zvaMaitaura. Makamuti adane inda; ipapo vakadzidana. Makamuti ashandure mvura ive ropa; zvino ivo vakazviita. Mosesi waingoita, Shoko neShoko, sezvaMaireva, asi Ndimi Wacho Maizoita kuti upenzi hwavo huonekwe.

273 Zvino, Baba, Ndimi Mwari, zvakadaro. Shoko rimwe chete rakati izvi zvichaitika mumazuva okupedzisira. Vanhu vazhinji vakatendeka, sezvatakareva Svondo yapfuura, vakaisa maoko avo paAreka iya yaiva mungoro itsva, uye isiri pamapendekete

eVarevhi, vakafa, "vakafa muzvivi nokudarika," vachipikisana nehama dzavo.

274 Vaparidzi vazhinji vagere muimba mavanoverengera, vanoverenga Shoko iroro, voshandura peji iyoyo nokukurumidza; kuitira kuti vasazvitsiura, nokuziva kuti vanozorashikirwa nechimiro chavo kuruzhinji rwavanhu, nechechi yake nesangano rake. Mwari vatibatsire tisamboita zvakadero!

275 Chenesai mwoyo yedu, Ishe, kubva patsvina yose yenyika. Ishe, ndakamira ndakagadzirira kucheneswa. Ndimire ndakagadzirira, nechechi ino nevose vakaterera, nawose achazoterera tepi ino. Ndimire, Ishe, ndichikumbira kucheneswa. Ishe, nditorei mundiendese kuimba yomuumbi wehari mugondipwanya, mundiumbe kuva muranda waMunoda.

Nokuti, Ishe Jesu, "Ndiri munhu wemiromo ine tsvina," sokuchema kwakaita Isaya, "ndakagara pakati pavanhu vemiromo ine tsvina; uye ndine nhamo, nokuti ndaona kuzarurwa kwaMwari achiiswa pachena," Isaya paakaona Ngirozi muTembere. Ndiri kuona kuguma kwenguva, Ishe, uye ndine nhamo ini nemhuri yangu; ndine nhamo ini nevanhu vangu. O Mwari weZiendanakuenda, ivai netsitsi nesu. Ndinodemba nokuda kwangu navanhu. Musarega tichiparara nevasingatendi, asi dai tikararama navanotenda.

276 Sangano roga roga, Ishe, murume kana mudzimai woga woga . . . Handigoni kuKukumbirai kuti muropafadze sangano, ini ndichiziva kuti Munopesana nazvo. Asi ndinogona kuti, Ishe, kana Mune mamwe emakwai eNyu pakati pavo, dai vakanzwa tepi ino. Dai vakaInzwa, Ishe, nokuInzwisisa nokunzwisisa kwaMuchavapa, uye dai vakauya vakaKugamuchirai. Dai vakasanyengerwa noupofu netsika zvezuva rino. Dai vakasaedza kudya chimwe chinhu chino . . . kana kuti waiva mutumbi mune rimwe zuva. Dai vakatora Shoko.

Ndiyo nzira vaFarisei yavakaKuroverai, Ishe. Vakanga vachitora mutumbi wenguva yaMosesi, vachiudya nemufaro; mushure mokunge Mavapa mufananidzo, murenje, wemanna ichangoburuka yeusiku hwoga hwoga, zvichireva chizvarwa choga-choga. Ipapo ndipo pavakakundika. Wakava chepfu kwavari. Wakavauraya, pavakadya kudya kwakaora.

Uye, pamweya, zvinoitika zvimwe chete nhasi; vanofa, pamweya, nesangano.

Tibatsirei, Mwari munodikanwa. Zvose zviri mumaoko eNyu. MuZita raJesu Kristu.

277 Takakotamisa misoro yedu, tichaimba izvozvo iwe uchitora sarudzo yako. Uchaenda nzira yose here?

Ndanzwa Ten-. . .(uye Iye iShoko). . .-zi vandidana, Ndanzwa. . .

"O, ndakashamisika nguva refu, asi, zvamazvirokwazvo, iko zvino ndiri kuMunzwa, 'Uyai kwaNdiri, imi mose muri kufamba murima.' Inzwai, 'Takura muchinjikwa wako, uNditevere zuva nezuva.' 'Hongu, kunyange ndikafamba mumupata womumvuri worufu, handingatyi chakaipa; ndichidzika nemafuro manyoro akasvibira, nepamvura dzakadzikama.'"

Pa anonditungamira. . .

"Ishe, ndiri kuona upenzi hweutatu mumwe. Ndinowona pasi pose pakadzvarwa izvi; mashawi achikura kose kose. Asi kwaMunonditungamirira zvino, Ishe, ndichava sevaya vomuMabasa 19. 'Apo pavakanzwa Izvi, vakabhapatidzwazve muZita raJesu Kristu.'"

. . .ndomutevera, ("Ndafamba chimwe chikamu chenzira, Ishe, chakakwana kuti ndiKugamuchirei.")
Ndomutevera nzira yose.

[Hama Branham vanotanga kuita mahon'era e*Kwa Anonditungamira*—Mupepeti.]

278 Mwari munodikanwa, ndinovimba kuti zvabva mumwoyo mangu. Ndinovimba zvabva mumwoyo womumwe nomumwe ari kuimba panguva ino, pamwe nevazhinji vachanzwa tepi ino, vasiri pano kana kuti vasiri kuinzwa iko zvino. Dai tikava tinoda, Ishe, zvisinei nokukura kwemubhadharo wacho. Zvakanzi, "Somurume ari kuenda kundosangana neimwe hondo, musoja, mambo; chokutanga unogara pasi woverenga, anokwanisa here kuzviita, unogona here kusiya zvinhu zvenyika? Unogona kuzvisiya, ugobatana nehondo yaMwari yeShoko rakanyorwa; ugofora nemasoja aKe, ugobhururuka nezvapungu zvaKe?" Tigamuchidzei, Ishe, muZita raJesu.

279 Munozvitenda here? MunoMugamuchira here? Zvakanaka. Tichakuonai pano zvakare, usiku hwanhasi, Ishe achida. Munotenda izvi kuti iChokwadi here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakajeka zvakakwana here? ["Ameni.]

Zvino, Tora Zita raKe Jesu
Mwana worusuwo namatambudziko;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwose-. . .

Zvino, kwazisana nomunhu ari pedyo newe zvino.

Zita rakakosha, Rinotapira sei!
Tariro yenyika, iyo tariro yenyika, mufaro wokudenga;
Zita rakakosha, O rinotapira sei!
Tariro yenyika nomufaro wokudenga

PaZita rake Jesu tinogwadama,
Tichiwira pasi petsoka dzaKe,
Tichamugadza korona ya Mambo wamadzimambo. . . (ndiMwari, zvino)
Kana Tapedza rwendo rwedu.

Zita rakakosha, Zita rakakosha, Rinotapira sei! O rinotapira sei!
Tariro yokubwinya nomufaro wokudenga;
Zita rakakosha, O Rinotapira sei!
Tariro yapanyika nomufaro wokudenga.

280 Ndinofunga kuti vashumiri vose vaziviswa kuvanhu mangwanani ano, kuchingamidzwa.

Kana munhu anamata vhiki yose, achinetsekana kuti, achiona Magwaro awa, akamira akatarisana newe. "Ndine nhamo," Pauro wakadero, "Kana ndikasaparidza Evhangeri." Pakupera kwerwendo rwake, akati, "Handina kurega kukuzivisai Kuraira kwaMwari kose sokuKupiwa kwandakaitwa."

281 Ndinokanganwa dzimwe nguva kureva zvimwe zvinhu, kupira, kukumikidza vana.

Billy wakati, mumwe musi, mumwe murume wakauya, akati, "Ndava nemakore maviri ndichiuya pano, kuti mwana wangu akumikidzwe."

Billy akati, "Musafunga zvakaipa pamusoro pazvo. Ndine mwana, wava negore rokuberekwa; haasati akumikidzwa, nazvino. Saka ndichamirira kusvikira akura zvokugona kufamba ega kuenda mberi, ndinofunga."

282 Saka hama, nehanzvadzi, tinoona kuti hazvisi—hazvisi, maona, ini. . . Chinhu chimwe, tinofanira kukumikidza vana vedu.

Tinofanira kubhapatidza mumwe nemumwe. Dziva riripo; mvura iripo pano. Kana usati, chii chinokumisa? Mvura iripo pano. Huya izvozvi. Usamira kusvika usiku; huya izvozvi. Pane murume amire pano achabhapatidza chero watendeuka nokureurura. Kana wakambobhapatidzwa rugumi nepiri, vachakubhapatidza muZita raJesu Kristu kuti zvivi zviregererwe. Maona? Ndizvo zvatiri.

283 Asi, onai, Mharidzo iri pamwoyo pangu. Ndinofanira kuIbudisa. Ndicho chinangwa changu chaicho, zvisinei nokuti mukadzi wangu unoti chii, vana vangu vanoti chii, mufundisi wangu unoti chii, ani wangu unoti chii. NdiShe wangu. Ndinofanira kuIbudisa. Ndicho chinangwa changu choga.

284 Uye zvino, nguva zhinji, ndinokanganwa kuchingamidza vaparidzi. Ndinofunga dzimwe nguva. . . hama yedu, Hama Neville, murume anokosha. Dzimwe hama idzi dziri pano, tine mufaro kuva nemi.

285 Kwete kuti tinopesana nemi, hama, kumira nezvakasiyana. Vazhinji venyu pano vangadai vari vaparidzi vanotenda utatu mumwe. Hatidi kukutsamwirai. Tinokudai. Dai tisingadaro, dai ndisingazvitendi, handaibuda muchechi ino kusvikira ndawira pasi namabvi angu ndoti, "Ishe, ndiruramisei."

Handidi mweya uya unozvikakanyadza, woundini kuti ubatane neni. Ndinoda kuti mweya wangu uchene nekugezeka, rudo nehama, une utsvene noMweya Mutsvene. Zvino, kana mumwe munhu akandikanganisira, zvakangonaka. Kunyange ndine kodzero yokudzorera, handidi zvakadaro muupenyu hwangu. Kwete, ndi—ndinoda kuva norudo. Ndinoda kuva ndakagadzirira kugadzirisa norudo, runozvipindurira mberi uko.

286 Handiiti izvi kuti ndisiyane. Methodisti, Baptisti, Katorike, Presbyterian, chero ungava upi, handitauri zvinhu izvi kuti ndive wakasiyana, ndizvikakanyadze pamberi penyu. Kana ndikadaro, ndiri munyengeri anofanira kuuya zasi uko paaritari iyi, ndichinamata zvinosvika kuna Mwari.

Asi ndinozvitaura, nechikonzero cherudo, uye ndiri kuona kwamuri kuenda. Zvino, handisi kutaura izvi ndega, ndichiti ndiri kungofungidzira. Ndiri kukupai ZVANZI NAJEHOVHA. Ndicho Chokwadi icho. Uye ndinokudirai zvinhu izvozvo. Mwari akuropafadzei.

287 Zvino tichiimba imwe ndima yorwiyo irworu, ngatidaro, tisati taenda. Tinoda kuti muve pano usiku hwanhasi, kana muchikwanisa. Kana musingakwanisi, Mwari ngaave nemi kusvikira tasangana. Tinonamata kuti Mwari a—akuropafadzei nokukupai kwakanakisa kwenyika yaKe, maona.

Tora Zita ra . . .

*VAZODZIWA PANGUVA YOKUGUMA* SHO65-0725M
(The Anointed Ones At The End Time)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikunguru 25, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org